**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ**

# «ÓZBEKSTANDA DEMOKRATIYALÍQ, PUQARALIQ JAMIYET TIYKARLARÍNÍŃ QALIPLESIWI, ÁMELGE ASÍRÍLǴAN SIYASIY REFORMALAR»

# OQÍW – METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Nókis – 2026**

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ**

**«TASTÍYQLAYMAN»**

Aymaqlıq orayı direktorı
________K.Ubaydullaev

«____»_____________ 2026 jıl

# «ÓZBEKSTANDA DEMOKRATIYALÍQ, PUQARALIQ JAMIYET TIYKARLARÍNÍŃ QALIPLESIWI, ÁMELGE ASÍRÍLǴAN SIYASIY REFORMALAR»

# OQÍW – METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Nókis – 2026**

Oqıw metodikaliq kompleks Joqarı tálim, pán hám innovatsiyalar ministrliginiń 2024-jıl «27» dekabrdegi 485-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan oqıw joba hám programma tiykarında tayarlandı.

**Dúziwshi:** Sultanbay Saymanov - «Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı» kafedrası docenti, tariyx ilimleriniń kandidatı

**Pikir bildiriwshi:** J.X. Hákimniyazov - Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti «Arxeologiya» kafedrası professorı, tariyx ilimleriniń kandidatı

Oqıw-metodikalıq kompleks Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Keńesinde usınıs etilgen (2025____ jıl «____»___ ____ -sanlı protokol).

**MAZMUNI**


I ISSHI DÁSTÚR.........................................................................................

II. TEORIYALIQ SHINIǴIWLAR MAZMUNI

III. TEORIYALIQ SHINIǴIW MATERIALLARI.................................

IV. MODULDI OQITIWDA PAYDALANATUǴIN INTREAKTIV TÁLIM METODLARI …………………..…………………………..

V. GLOSSARIY.........................................................................................

VI. PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI............................

VII. RECENZIYA...........................

# I.ISSHI OQIW DASTURI

## Kirisiw

Dástúr Ózbekstan Respublikasınıń 2020 jıldıń 23 sentyabrinde tastıyıqlanǵan «Tálim haqqinda»ǵı Nizamı, Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń 2017 jılǵı 7 fevralindaǵı «Ózbekstan Respublikasın jánede rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı PF - 4947-sanlı, 2019 jıldıń 27 avgustındaǵı «Joqarı oqıw orınlarınıń baschı hám pedagog kadrlarınıń úziliksiz qániygeligiń jetilistiriw dizimi haqqında»ǵı PF-5789-sanlı, 2019 jilǵi 8 oktiyabirindegi «Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınları dizinii 2030 jılǵa shekem rawajlandiriw koncepsiyasın tastıyıqlaw haqqında» ǵı PF-5847-sanlı Pármanları hámde Ózbekstan Respublikası Wázirler mekemesiniń 2019 jıldıń 23 sentyabrindegi «Joqarı oqıw mekemeleri baschı hám pedagog kadrlarınıń qániygeligin jetilistiriw dizimii jánede jetilistiriw boyınsha sharalar haqqında»ǵı 797-sanlı Qararında belgilengen waziypalar mazmunınan kelip shıqqan halda dúzilgen bolıp, ol joqarı oqıw ornı pedagog kadrlarınıń kásiplik ónerin hámde innovacion kompetentligin rawajlandırıw, tarawǵa tiyisli jáhánniń tájriybeleri, jańa bilim hám qaniygeligin jetilistiriw, sonday-aq, ámeliyatqa engiziw kónikpelerin jetilistiriwdi maqset etedi.

## Kurstın maqseti hám wazıwpaları

**«Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» kursınıń maqseti** pedagog kadrlardı innovaciyalıq usıllar tiykarında oqıw tárbiyalıq islerdi joqarı ilimiy metodikalıq dárejede rejelestiriw, tarawdaǵı alıńǵı tájriybeler, zamanagóy bilim hám qániygeligin jetilistiriw hám ámeliyatqa engiziw ushın zárur bolatuǵin kásiplik bilim, kónikpe hám qaniygeligin jetilistiriw, sonday-aq olardıń belseudiligin rawajlandırıwdan ibarat.

**Kurstıń waziyfaları** tómendegilerden ibarat :

- Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar jónelisinde pedagog kadrlardıń kásiplik bilimi, kónlikpe, qániygeligin jetilistiriw hám rawajlandırıw ;

- Pedagoglardıń innovaciyalıq belsendilik dárejesin jetilistiriw;

- Qaniygelik pánlerdi oqıtıwǵa zamanagóy xabar – kommunikaciya texnologiyaları hám shet el tillerin nátiyjeli eıgiziliwin támiyinlew;

- Arnawlı pánler tarawındaǵı oqıtıwdıń innovaciyalıq texnologiyaları hám aldıńǵı shet el tajriybelerin ózlestiriw;

«Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» jónelisinde qayta tayarlaw hám qániygeligin jetilistiriwdi, ilim hám óndiristegi innovaciyalar menen óz ara integraciyasın támiyinlew.

**Kurs juwmaǵında tıńlawshilardıń bilim, kónikpe hám qaniygeligin jetilistiriwde hámde kompetenciyalarına qoyılatuǵın talaplar:**

**«Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» páni** boyınsha tınlawshılar tómendegi jaıa bilim, kónikpe qániygeligin jetilistiriwge hám kompetenciyalarǵa iye bolıwları talap etiledi:

**Tıńlawshı:**

- Ózbekstanda demokratiyalıq mámleket tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar máseleleri;

- Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi;

- Ózbekstanda tariyxiy demografiyalıq proceller;

- puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar;

- Ózbekstandi jánede rawajlandirıwdıń jónelisleri;

- Pánde paydalanılatuǵın zamanagóy ámeliy dástúler komplekslerdi **biliwi** kerek.

**Tıńlawshı:**

- Pánlerdi oqıtıw boyınsha jańa texnologiyalardı ámeliatta paydalana alıw;
- Óz ústinde islep, pánnin jańa izertleniwilerin oqıtıw dizimine engiziw;

-»Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» boyınsha pedagogic jaqtan oqıtıw usillarin tuwri qolay paydalana aliwi kónikpelerine iye boliwi lazim.

«Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» pánin xalqımızdıń ǵárezsizlikke erisiwi kúnlerinen házirgi kúnlerge shekem basıp ótken uzaq hám quramalı tariyxıy jólın, mımleketshiligin, jamiyetlik, siyasiy, ekonomikalıq, mádeniy hám ruwxıy turmısın úyreniw, mámleketimizdiń dáslepki mámleketlik dúzilmelerin, garezsizlik dáwiri mámeketshiliginiń rawajlanıwın, demokratiyalastırıw hám ekonomikasın bazar principlerin, jáhán jamiyetshiligindegi hár tárepleme integraciyasın, shet ellerdiń mámleketleriniń sociyal-ekonomikaliq, siyasiy hám mádeniy rawajlanıwın ilimiy hám ámeliy áhmiyetinin aktual máselelerin úyrenedi.

Pán bóyınsha tıńlawshılardıń bilimine, kónikpe hám ámeliy bilim alıwları ushın tómendegi talaplar qoyıladi:

**Tıńlawshı:**

- «Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» sociyal-gumanitar pán ekenligi;
- Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, olardı úyreniwi;
- Puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar úyreniwge arnalgan usıllar;
- Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń tálim diziminde tutqan ornı;
- Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar, jańa hám eń jańa tariyxtın áhmiyetli ornı bar ekenligi haqqında **túsinikke iye bolıwı**;

• Dúnya xalıqlarınıń Garezsiz Ózbekstan mámleketshiliginin rawajlanıwı barısındaǵı ekonomikasınıń, mádeniyatınıń, bazar infradúzilmesinii hár tárepleme rawajlanıwı barısın **biliwi, túsinikke iye bolıwı hám ámelde paydalana alıwı;**

• Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalarga obektiv baha bere alıwı;

• Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalarin kórsetip beriwi;

• tariyxiy shaxslardı, olardıń tariyx aldındaǵı ornına baha bere alıwı;

## Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» oqıw páni boyınsha

### SAATJIAPDIŃ BOLINIWI

| б | Pán temaları | Awditoriya oqıw júklemesi | | | | Óz-betinshe jumis |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Jámi | Sonnan | | | |
| | | | Teoriyaliq | Ámeliy shınıǵıw | Qushma shınıǵıw | |
| 1. | Ǵárezsiz Ózbekstanda hákimiyatlar bóliniwi principi. Ózbekstanda kóp partiyalıq sistemanıń qáliplesiwi. | 6 | 2 | 2 | | - |
| 2. | Ózbekstanda puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi hám onıń áhmiyeti. | 8 | 2 | 2 | 4 | - |
| 3. | 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmietli baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası. | 8 | 2 | 2 | 4 | |
| 4. | Jańalanıp atırǵan Ózbekstan milliy tikleniwden-milliy rawajlanıwǵa qaray. | 8 | 2 | 2 | 4 | |
| **JÁMI** | | **28** | **8** | **8** | **12** | **-** |

## II.TEORIYALIQ SHINIǴIWLAR MAZMUNI

### 1-Tema. Ǵárezsiz Ózbekstanda hákimiyatlar bóliniwi principi.

**Jobası:**

1. «Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» oqıw pániniń predmeti, máqseti hám wazıypaları.
2.Milliy mámleket basqarıw siteması. Ǵárezsiz Ózbekstanda hákimiyatlar bóliniwi principi.
3.Ózbekstanda kóp partiyalıq sistemanıń qáliplesiwi hám onıń áhmiyeti. Siyasiy partiyalar xızmetindegi ózgeshelikler.
4.Ózbekstanda ǵalaba xabar qurallarınıń xızmeti hám olardıń reformalarǵa tásiri.

### 2-Tema. Ózbekstanda puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi hám onıń áhmiyeti.

**Jobası:**

1. Ózbekstanda demokratiyalıq reformalardı jáne de tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw koncepciyası.
2. Ózin-ózi basqarıw uyımlarınıń jumısı hám olardıń jámiyetti demokratiyalastırıwdaǵı ornı.
3. Ózbekstanda mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemler hám olardıń siyasiy, jámiyetlik hám ekonomikalıq processlerde qatnasıwı.
4. Insan huqıqların támiyinlew hám qorǵaw.

### 3-Tema. 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmietli baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası.

**Jobası:**

1.2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıyadıń bes ústinlikke iye baǵdarları boyınsha Háreketler strategiyasınıń islep shıǵılıwı, turmısqa engiziliwi hám onıń áhmiyeti.
2. Mámleket hám jámiyet qurılısı sistemasın jetilistiriw.

3.Nızam ústinligin támiyinlew sud-huqıq sistemasın jáne de reforma etiwdin aldıńǵı baǵdarları.
4.Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń aldıńǵı baǵdarları.
5.Sociallıq salanı rawajlandırıwdıń aldıńǵı baǵdarları.
6.Qáwipsizlik. Milletler arasında tatıwlıq hám diniy keń peyillikti támiiynlew hám de tereń oylanǵan, óz-ara mápdarlı hám ámeliy sırtqı tarawdaǵı aldıńǵı baǵdarlar.

## 4-tema. Jańalanıp atırǵan Ózbekstan milliy tikleniwden-milliy rawajlanıwǵa qaray.

**Jobası:**

1. 2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstan rawajlanıw strategiyasınıń mazmun-mánisi hám tiykarǵı baǵdarları.
2. Ózbekstan - 2030 strategiyası, onıń xalıqaralıq jámiechilik tárepinen tán alınıwı.
3. Jańa Ózbekstanda socialliq tarawǵa bolǵan zamanagóy qatnas. Tálim, den sawlıqtı saqlaw, turizm, sport hám basqa tarawlardaǵı túpkilikli ózgerisler.

## ÁMELIY SHINIǴIWLAR

## 1-Tema. Ózbekstanda demokratiyalıq mámleket qáliplesiwi tarawındaǵı reformalar.

**Jobası:**

1. Pánniń predmeti, maqseti hám wazıypaları.
2. Jańa mámleketshiliktiń huqıqıy hám siyasiy tiykarlarınıń jaratılıwı.
3. Mámleketlik basqarıw tarawındaǵı reformalar.
4. Siyasiy partiyalar hám olardıń xızmeti.

## 2-Tema. Ózbekstanda puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi.

**Jobası:**

1. Puqaralıq jámiyet túsinigi. Jergilikli basqarıw organlarınıń xızmeti hám jámiyetlik turmıstaǵı ornı.

2. Mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemler hám olardıń xızmetleri.
3. Ózbekstanda insan huqıqların támiyinlew salasındaǵı ózgerisler.
4. Tórtinshi hákimiyattıń reformalardı ámelge asırıwda úlesi.
5. Milliy-mádeniy oraylardıń xızmeti.

## 3-Tema. 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmietli baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası.

**Jobası:**

1.2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıyadıń bes ústinlikke iye baǵdarları boyınsha Háreketler strategiyasınıń islep shıǵılıwı, turmısqa engiziliwi hám onıń áhmiyeti.
2. Mámleket hám jámiyet qurılısı sistemasın jetilistiriw.
3.Nızam ústinligin támiyinlew sud-huqıq sistemasın jáne de reforma etiwdin aldıńǵı baǵdarları.
4.Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń aldıńǵı baǵdarları.
5.Sociallıq salanı rawajlandırıwdıń aldıńǵı baǵdarları.
6.Qáwipsizlik. Milletler arasında tatıwlıq hám diniy keń peyillikti támiiynlew hám de tereń oylanǵan, óz-ara mápdarlı hám ámeliy sırtqı tarawdaǵı aldıńǵı baǵdarlar.

## 4-tema. Jańalanıp atırǵan Ózbekstan milliy tikleniwden-milliy rawajlanıwǵa qaray.

**Jobası:**

1. «Rawajlanıw strategiyasi» sheńberinde ámelge asırılıp atırǵan reformalar.
2. O‘zbekstan-2030 strategiyasiınıń mazmunı hám áhmiyeti
3. Jańa Ózbekstanda socialliq tarawdaǵı túpkilikli ózgerisler.

## ÓZ BETINSHE JUMIS

Ózbekstan Respublikasında nızam shıparıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatınıń qáliplesiwi.

Demokratiyalıq mámleket hám puqaralíq jámiyet túsinikleri, olardıń qáliplesiw principleri.

Ózbekstanda puqaralíq jámiyet tiykarlaríninń qáliplesiw basqıshları.

Siyasiy partiyalar, olardıń Ózbekstanda demokratiyalıq mámleket qurıwda ornı.

Máhálle institutı hám onıń puqaralardıń turmısındaǵı roli.

Ózbekstan Respublikasında demokratiyaliq mámleket hám puqaralíq jámiyet qurıwda ǵalaba xabar qurallarınıń roli.

Tıńlawshı óz-betinshe jumıstı moduldıń qásiyetlerin esapqa alǵan halda tómendegi sırtqı kórinislerden paydalanıp tayarlawı usınıs etiledi:

- oqıw, ilimiy ádebiyatlardan hám normativ hújjetlerden paydalanıw tiykarında modul temaların úyreniw;
- tarqatpa materiallar boyınsha lekciyalar bólegin ózlestiriw;
- avtomatlastırılǵan úyretiwshi hám qadaǵalawshi programmalar menen islew;
- arnawlı ádebiyatlar boyınsha modul bólimleri yamasa temaları ústinde islew;
- tıńlawshınıń kásiplik iskerligi menen baylanıslı bolǵan modul bólimleri hám temalardı tereń úyreniw;
- pánge tiyisli statistikalıq maǵlıwmatlardı úyreniw, olardı analiz qılıw.

## III. TEORIYALIQ SHINIǴIW MATERIALLARI

### 1-Tema. Ǵárezsiz Ózbekstanda hákimiyatlar bóliniwi principi.

**Jobası:**

1. «Ózbekstanda demokratiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi, ámelge asırılǵan siyasiy reformalar» oqıw pániniń predmeti, máqseti hám wazıypaları.
2.Milliy mámleket basqarıw siteması. Ǵárezsiz Ózbekstanda hákimiyatlar bóliniwi principi.
3.Ózbekstanda kóp partiyalıq sistemanıń qáliplesiwi hám onıń áhmiyeti. Siyasiy partiyalar xızmetindegi ózgeshelikler.
4.Ózbekstanda ǵalaba xabar qurallarınıń xızmeti hám olardıń reformalarǵa tásiri.

**Ádebiyatlar:**


1.Левитин Л. Ўзбекистон туб бурилиш палласида. - Тошкент: Ўзбекистон, 2005.
2.Мустақил Ўзбекистон тарихи. Масъул муҳаррир А.Сабиров. - Тошкент: Академия, 2013.
3.Новейшая история Узбекистана. Руководителъ проекта и редактор: М.А.Рахимов. - Тошкент: Адабиёт учқунлари, 2018.
4.Эркаев А. Ўзбекистон йўли. - Тошкент: Маънавият, 2011.


Ózbekstannıń demokratiyalıq, puqaralıq jamiyet tiykarlarınıń qaliplesiwi, amelge asirilgan siyasiy reformalar tariyxı, yaǵnıy Ózbekstannıń mámleket ǵárezsizligine erisiwi qarsańında júzege kelgen quramalı jaǵday, respublika ǵárezsizliginiń járiyalanıwı, ǵárezsizlik jıllarında mámlekette ámelge asırılıp atırǵan sociallıq-siyasiy, ekonomikalıq, ruwxıy tarawlardaǵı reformalar hám olardıń basqıshların, múnásibetler, qáwipsizlik, milletler arasındaǵı tatıwlıq hám diniy keń peyillikti támiyinlew, tınıshlıq súyiwshi sırtqı siyasat sıyaqlı máselelerdiń ilimiy hám ámeliy áhmiyeti ashıp beriledi.

Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan Respublikasında mámleket basqarıw sisteması, sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám ruwxıy tarawlarda úlken ózgerisler

ámelge asırıldı. Sonday-aq bilimlendiriw tarawında da bir qatar reformalar ótkizilip, kámil áwladtı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan reformalar alıp barılmaqta. Búgin dúnyada júz berip atırǵan waqıya hám hádiyseler, ideologiyalıq qarama-qarsılıqlardıń mazmun-mánisin analiz etiw, hár qıylı jat ideyalardan jaslardı qorǵaw, ushın tariyxıy oylawdı qáliplestiriw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Usı jerde sonnı aytıp ótiw zárúr, joqarı oqıw orınlarında Ózbekstannıń eń jańa tariyxı dáwirin tereń úyreniw jas qánigelerdiń búgingi dáwir siyasatın, jer júzilik sherikliktegi ornın, dáwir qaharmanların, ásirese óziniń de bul process qatnasıwshısı ekenligin durıs hám tolıq ańlawı ;ámiyettiń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye.

Ózbekstannıń demokratoyaliq, puqaraliq jamiyet tiykarlarınıń qaliplesiwi, amelge asirilgan siyasiy reformalar haqqında sóz ketkende, dáslep 1991 jıldan berli mámleketimiz basıp ótken tariyxıy joldıń mánisi hám áhmiyetin túsiniw zárúr. Bul process qalay ótkenin, mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskenge shekem hám ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında qanday mashqalalarǵa duwshaker bolǵanın túsiniwdiń áhmiyeti úlken.

Bul pánin basqa jámiyetlik pánlerden ózgeshelikke iye hám baylanıslı bolıp tabıladı. Hár bir pánniń óz predmeti wazıypası hám baǵdarı boladı. Filosofiya filosofiyalıq kóz qaraslardı psixologiya insannıń awhalın, ligvistika til máselelerin hám óz mashqalaları menen shuǵıllanadı, olardıń bir birinen ózgesheligi bar.

Jámiyettiń kóp ásirlik rawajlanıwı processinde qáliplesip, bárqulla rawajlanıp kiyatırgan hár bir pánniń ózine tán predmeti bar. Bul kurstıń predmetin Ózbekstanda mámleket ǵárezsizliginiń qolǵa kirgiziliwi, demorkatiyalıq, puqaralıq jámiyet tiykarların qáliplestriw, bazar múnásibetlerine tiykarlanǵan kóp ukladlı ekonomikanı júzege keltiriw, jámiyetimizdi ruhıy jaqtan qayta tiklew hám jetilistiriw, Ózbekstannıń teń huqıqlı birge islesiwge tiykarlanǵan sırtkı siyasatı tkoriyası hám ámeliyatı kuraydı. Ózbekstannıń ǵárezsiz rawajlanıw jolınıń tiykarın, mazmunın hám áhmiyetin bahalay otırıp elimizdiń eń jańa tariyxın tómendegi basqıshlarǵa bóliwge boladı.

**Birinshi basqısh: 1989 dan – 1991 jılǵa shekem.** Ózbekstannıń suvereniteti ideyasınıń pisip jetilisiwi, tariyxıy tań qalarlıq waqıyalar jolı menen emes, al SSSR tarqaǵannan soń daǵdarıstı jeńiw ushın úlken kúsh salıwlar nátiyjesinde mámleketlik ǵárezsizlik tastıyıqlandı.

**Ekinshi basqısh: 1991-2000 jj.** Bul birinshi gezektegi reformalar hám qayta ózgerislerden milliy mámleketshiliktiń tiykarın hám sociallıq baǵdarlanǵan bazar ekonomikasın qáliplestiriwge ótiw dáwiri. Rawajlanıwdıń ózbek modelin tańlaw nátiyjesinde tariyxıy qısqa waqıt ishinde sovet adminstrativlik buyrıqpazlıq sisteması qıyratıldı hám milliy mámleketshilikti qáliplestiriwdiń isenimli huqıqıy nızamshılıq tiykarı payda boldı. Mámleketlik basqarıw strukturaları dúzildi, jámiyetlik hám puqaralıq institutlardıń tiykarı jaratıldı, bazar ekonomikasına ótiw ámelge asırıldı.

**Úshinshi basqısh: 2001-2010 jj.** Demokratiyalıq jańalanıw hám elimizdi modernizaciyalaw baslandı. Bul basqıshta eń baslı wazıypa kúshli mámleketten kúshli puqaralıq jámiyetke basqıshpa-basqısh ótiw boldı. Siyasiy hám ekonomikalıq turmıstıń hámme táreplerin, mámleketlik hám jamiyetlik qurılıstı demokratiyalastırıw hám liberallastırıw, insannnıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaytuǵın, puqaralardıń siyasiy, ekonomikalıq belsendiligin arttıratuǵın, puqaralıq jámiyettiń tiykarın qáliplestiretuǵın ǵárezsiz sud sistemasın bekkemlew processi dawam etti.

**Tórtinshi basqıshı 2010 jıldan** baslandı. Elimizdi modernizaciyalaw hám demokratiyalıq reformalardı bunnan bılay tereńlestiriw ámelge asırıldı. Elimizde demokratiyalıq reformalardı bunnan bılay tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetti qáliplestiriw koncepciyası islep shıǵıldı. Bul tariyxıy hújjet ǵárezsizlikke eriskennen soń baslanǵan elimizdi demokratiyalıq jańalaw hám rawajlandırıw boyınsha keń kólemli reformalardıń rawajlanıwın sáwlelendiredi. Bunda mámleket hám jámiyettiń jańa basqıshında modernizaciyalawdı bunnan bılay dawam ettiriwdiń uzaq múddetli strategiyalıq baǵdarlaması anıqlap berildi. Bul baskısh mámleketlik hákimiyat hám basqarıwdı bunnan bılay demokratiyalastırıw boyınsha reformalardıń huqıqıy tiykarın dúziw, sud-huqıq sistemasın, xabar-málimleme

tarawın reformalaw, sóz erkinligin támiyinlew, saylaw nızamshılıǵın rawajlandırıw, demokratiyalıq bazar reformaların tereńlestiriw hám ekonomikanı liberallastırıw menen sıpatlanadı.

Mámleketimizde ǵárezsizlikti jáne de bekkemlew jolındaǵı ózine **isenimli qádem 2016-jıldan baslandı** desek asıra aytqan bolmaymız. Basqasha sóz benen aytqanda, biz búgin bárshemiz jeńdi túrip, jańa Ózbekstandı qurıwǵa kiristik, onıń bekkem tiykarın jarata basladıq, sociallıq-siyasiy, ekonomikalıq, ruwxıy-aǵartıwshılıq tarawlarında bir neshe on jıllar dawamında ámelge asırılıwı zárúr bolǵan jumıslar atqarıldı. Ózbekstan shın mániste milliy tikleniwden milliy rawajlanıw tárepke júz burdı.

Mámleket basshısı ǵárezsizlikti bekkemlew, jańa Ózbekstandı dúziwdi tek ǵana óz kúshimiz benen, miynetkesh, belsendi xalqımız benen birge qura alıwımız, onıń ushın ne zárúr bolsa, barlıǵı bar ekenligin jiyi-jiyi aytıp ótti. Usı waqıtta mámleketimiz basshısınıń Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine múrájátinde aldımızda turǵan úlken wazıypalar, olardı sheshiw jolları kórsetip berilgen. Atap aytqanda, El basshısımızdıń «Xalqımız sonı jaqsı biliwi kerek: aldımızda uzaq hám qıyın jol turıptı. Hámmemiz birigip, tınımsız oqıp-úyrensek, jumısımızdı jetilisken hám ónimli atqarsaq, zamanagóy bilimlerdi iyelep, ózimizdi ayamay aldıǵa umtılsaq, turmısımız hám jámiyetimiz ózgeredi».

Bul pandi úyreniwde teoriyalıq-metodikalıq tiykardıń áhmiyeti oǵada úlken. Tariyxıy izertlewlerde kóp jıllar dawamında formaciyalık qatnas metodınan paydalanıp kelindi. Al dúnya júzlik ilim baska da júzlegen metodlardan paydalanbaqta. Máselen, cevilizaciyalı, mentallı, logikalık, tariyxıy, dedukciyalık, h.t.b atap ótsek boladı. Mentallıq metodtı paydalanıwda aktual mashqalalardıń biri xatlar, kúndelik dápterler, jeke arxivler, shejireler hám baska da derekler járdeminde tariyxıy wakıyanı ashıp beriwi múmkin. Bul pande tariyxıy waqıya, hádiyselerdi úyreniw, pikirlewde hám bayan etiwde obektiv, haqıykıy ádalatlı qatnasta bolıw eń áhmiyetli metodologiyalıq qaǵıyda bolıp esaplanadı. Obektivlik qaǵıydası tariyxıy waqıya, hádiyselerdi úyreniwde olar menen baylanıslı bolǵan barlıq faktlerdiń pútin bir jıynaǵın birge alıp tekseriwdi, haqıykıy dáliyllerge

tiykarlanıwdı talap etedi. Bul pandi úyreniwde tariyxıylıq metodologiyası úlken áhmiyetke iye. Tariyxıylıq qaǵıydası waqıya, hádiyselerdi óz dáwirin anıq tariyxıy sharayatınan kelip shıqqan halda úyreniwdi talap etedi. Bunda tariyxıy rawajlanıwdı basqa waqıyalar, hádiyseler menen baylanısta úyreniledi. Hár bir waqıya, hádiyselerge ulıwma tariyxıy processtiń bir bólegi dep qaraw zárúr.

Ózbekstannin ǵárezsiz mámleket sıpatında dúnya júzilik tariyxtıń ajıralmas bir bólimi dep qaraw zárúr. Bul ayrıqsha koloniallıqqa shekemgi, sovetlerge shekemgi dáwirge tiyisli. Bul ushın planetarlıq oylaw, dúnya júzlik tariyxnamanı, jańa ádebiyatlardı biliw zárúr. Bul pan boyınsha tariyxıy processti úyreniwde ádalatlı sociallıq qatnas jasaw principine dıqqat awdarıw zárur boladı. Sociallıq qatnas metodologiyası tariyxıy processlerdi xalıqtıń barlıq qatlamınıń máplerin esapqa alǵan halda úyreniwdi talap etedi.

Sociallıq qatnas principi mámleket iskerleriniń, siyasiy kúshler, partiyalar, túrli birlespeler, olardıń jolbasshılarınıń tariyxıy rawajlanıwǵa kórsetken unamlı yamasa unamsız tásirin, jámiyetti ol yamasa bul jol menen baslawdaǵı rolin bilip alıwda úlken áhmiyetke iye. Mámleketimiz tariyxın úyreniwde milliy qádriyatlar, xalıq dásturleri hám urp-ádetleri, din, islam tariyxı, adamlardıń diniy isenimleri, diniy táliymatlar hám olardıń tiykarın salıwshılardıń xızmetlerin analiz etiwde, bayanlawda civilizaciyalı qatnasta bolıp, olardı húrmetlew, áziyzlew kóz-qarasınan háreket etiw zárur.

Bul pán kursın uyreniwdegi joqarıdaǵı metodologiyalıq qaǵıydalar menen birge faktlerdi salıstırıw, dáwirlerge bóliw, dereklik maǵlıwmat tiykarında juwmaklar shıǵarıw, sociologiyalıq izertlewler ótkeriw, statistikalıq, matematikalıq h.b. usıllardan paydalanıladı. Bul pan kursın úyreniwdiń aktuallıǵı sonnan ibarat, ol házirgi turmısımızǵa tásirin tiygizetuǵın waqıyalardı ańlawǵa járdem beredi. Bul waqıyalardıń mánis-mazmunı hám tariyxıy áhmiyeti neden ibarat, siyasiy iskerlerdiń ornı, bul waqıyalardıń bunnan bılay rawajlanıw jolları hám házirgi processler menen baylanısı nede degen sawallarǵa eń jańa tariyx juwap beriwi kerek. Rawajlanıwdı aldın ala aytıw, keleshek penen baylanıslı baǵdarlardı ashıp beriw usı sawallardıń juwabına baylanıslı. Mámleketimiz basshısınıń tınısh hám

paraxat turmısımızdı saqlaw, ǵárezsizlikti bekkemlew boyınsha bir neshshe mártebe shakırıǵı tosınnan emes. Bunda ǵárezsizlikke erisiwdiń tariyxın, qanday joldı basıp ótkenimizdi hám bunnan bılay ne islew kerekligin keleshek ósip kiyatırǵan áwladqa jetkiziw tariyx ilimindegi aktual wazıypalardıń biri bolıp qalmaqta.

Ǵárezsizlikke erisilgennen keyin, xalqımız aldında keskin mashqalalar payda boldı. Olardı sheshpey turıp, demokratiya hám hákimiyattı bólistiriw principlerine tiykarlanǵan jańa mámleketti qurıw, demokratiyalıq xuqıqıy mámleket hám puqaralıq jamiyetti qurıw múmkin emes edi.

Ózbekstan demokratiya qadriyatların, insannıń xuqıq hám erkinliklerin támiyinlew, erkin bazar ekonomikasın qurıwdı ózi ushın eń ullı qadriyatlar sıpatında qabılladı.

Solnlıqtan tómendegiler eń tiykarǵı wazıypa etip qoyıldı:

Birinshiden: Eski hákimshilik-buyrıqpazlıq dúzimin, ogan muwapıq bolǵan hákimiyat hám basqarıw organların saplastırıw.

Ekinshiden: Jańa mámleketshiliktiń siyasiy, hukıqıy, konstituciyalıq tiykarların jaratıw. Konstituciya hám nızamlarda jámiyetlik qatnasıqlardıń jańa dúzimin oraydaǵı hám jergilikli organlardaǵı hákimiyat organlarınıń jańa sistemasın bekkemlep koyıw.

Ózbekstanda mámleket hákimiyatı organlarınıń burıngı totalitar dúzimnen birotala ózgeshe, hákimiyatlardıń yaǵnıy nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatlarına bóliniwi principine tiykarlanǵan sistema jaratıldı. Olardıń hár biriniń xızmetinde huqıyqıy tiykarda avtoritarizm hám totalitarizmniń qaytalanıwın biykar etetuǵın tıyanaqlı demokratiyalıq normalar hám jol-jobalar islep shıǵıldı.

Mámleketlik hákimiyattıń bóliniw principleri jámiyette ámelde júzege shıǵarılıwı, yaǵnıy hákimiyatlar bóliniwiniń ámelge asırılıwı hár qanday mámlekettiń demokratiyalıq qásiyetin belgileytuǵın usıllardan biri. Mámleketlik hákimiyattıń bóliniw principi mámleketlik hákimiyat organlarınıń teń salmaqlılıǵın hám teńligin tamiyinleydi. Usı principtiń unamlı, nátiyjeli ámelge asırılıwı arqalı mámlekette birde-bir organ yaqi shaxs tárepinen diktatura ornatılıwınıń aldı

alınadı, mámleket basqarıwı ámelge asırılıwınıń teń salmaqlılıǵı támiyinlenedi, mámleket organlarınıń nátiyjeli is alıp barıwı ushın imkaniyat jaratadı.

Mámlekette hákimiyattıń bar bolıwı mámlekettiń tiykarǵı belgilerinen biri sanaladı. Mámlekettegi bar hákimiyat (mámleketlik hakimiyat) bolsa, qanday da bir princip tiykarında bólistiriledi, bólinedi. Bul «mámleket hákimiyatınıń bóliniw principi» dep ataladı. Usı princip boyınsha, mámleket hakimiyatı bir-biri menen úzliksiz baylanısqan hám bir waqıtta qanday da ǵárezsizlikke iye bolǵan tómendegi úsh shaqapshaǵa bólinedi:

Nızam shıǵarıwshı hákimiyat, atqarıwshı hákimiyat, sud hakimiyatı. Mine usı úsh hákimiyat birgelikte mámleketlik hákimiyattıń negizin quraydı.

Mámleket hákimiyatınıń bóliniw principi mámleket hákimiyatı organlarınıń kelisip bir-birin qadaǵalap hám óz-ara kelisip islesiwge imkaniyat jaratadı. Sonıń ushın hákimiyattıń bóliniwi principleriniń ornawı demokratiyalıq mámleketke tán tárepi bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń huqıqıy jaǵdayı Konstituciyanıń V bólim XVIII babında hám 1994 jılı 22 sentyabrde qabıl etilgen «Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi haqqında»ǵı Nızamda belgilengen. Bul nızamǵa sáykes, Oliy Majlis joqarı mámleket wákillik organı bolıp, nızam shıǵarıwshı hákimiyattı ámelge asıradı.

1993 jılı 28 dekabrde qabıl etilgen «Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine saylawlar haqqında»ǵı Nızamǵa sáykes respublika parlamentine saylawlar ulıwma, teń, tuwrıdan-tuwrı saylaw huqıqı tiykarında jasırın dawıs beriw jolı menen ótkiziledi. Ózbekstan Respublikası I shaqırıq Oliy Majlisine saylaw respublikamız siyasiy turmısında úlken jeńisi bolıp, bunda 250 deputattan ibarat Oliy Majlis- jańa Parlament demokratiyalıq hám kóppartiyalıq tiykarda dúzildi.

Oliy Majlis xızmetin erkinlestiriw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń II shaqırıq VII sessiyası eki palatalı parlament dúziw haqqında ulıwma xalıqlıq referendum ótkiziwge qarar etti. 2002 jılı 27 fevralda bolıp ótken ulıwma xalıqlıq referendumda qatnasqan puqaralardıń 93,65% parlament eki palatadan

dúziliwin qollap-quwatladı. Eki palatalıq parlamentke saylawlar 2004 jılı 26 dekabrde bolıp ótti.

Oliy Majlis «Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq sudı haqqında», «Ózbekistan Respublikasınıń mámleketlik qáwipsizligi haqqında», «Ózbekistan sırtqı siyasiy xızmetiniń tiykarǵı principleri haqqında», «Siyasiy partiyalar haqqında»ǵı Nızamlar, Miynet kodeksi (1995), Puqaralıq kodeks (1996) h.t.b. nızam hám kararlar qabıl etti.

Ámeldegi Konstituciyada Prezident mámleket hám atqarıwshı hákimiyattıń baslıǵı etip belgileniwi atqarıwshı hákimiyattı kúsheytiwge qaratılǵan dástúr bolıp esaplanadı. Mámleketimizdiń atqarıwshı hákimiyat quramı Prezident tárepinen tayınlanıp, Oliy Majlis tárepinen tastıyıqlanadı.

Mámleket hákimiyatı sistemasına kiriwshi hákimiyattıń biri sud hákimiyatı bolıp esaplanadı. Ózbekstan Respublikasınıń sud sisteması bes jıllıq múddetke saylanatuǵın Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı, Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı, Ózbekistan Respublikası Joqarǵı xojalıq sudı, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Joqarǵı sudı, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń xojalıq sudınan, usı múddetke wálayat sudları, Tashkent qalalıq sudı, rayon, qalalıq xojalıq sudlarınan ibarat.

Usı sudlardıń huqıqıy jaǵdayı Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasında, Ózbekstan Respublikasınıń 1993 jılı 2 sentyabrde qabıl etilgen «Sudlar haqqında»ǵı Nızamda belgilengen.

Respublikamızda ǵárezsizlik jılları milliy mámleketshilikti payda etiw, burınǵı hákimshilik-buyrıqpazlıq sistemasına qutılıw menen bir wáqıtta mámleket hám jámiyet turmısınıń jańa demokratiyalıq huqıqıy tiykarları jaratıldı.

Demokratiyanıń eń áhmiyetli tárepi bolıp adamlardıń saylaw hám saylanıw huqıqların ámelge asırıw bolıp esaplanadı. 1991 jılı 18 noyabrde «Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawı haqqında» 1993 jılı 28 dekabrde «Xalıq deputatları wálayatlıq, rayonlıq hám qalalıq Keńeske saylawlar haqqında» Nızamlar qabıl etildi

Ózbekstannıń saylaw nızamlarında hár bir puqara-saylawshı bir dawısqa iye ekenligi belgilep berilgen. 35 jastan kishi bolmaǵan puqara Ózbekstan Respublikası Prezidenti, 25 jasqa tolǵanlar Oliy Majliske, 21 jasqa tolǵanlar wálayatlıq, rayonlıq hám qalalaıq Keńeslerine deputat etip saylanıw huqıqına iye.

Huqiqiy-demokratiyalıq mámleket hám puqaralıq jámiyetin qáliplestiriwdiń tiykarǵı principlerinen eń áhmiyetlisi mámleket hákimiyatı organlarınıń ulıwma xalıqlıq saylawlar tiykarında qáliplesiwi hám de puqaralardıń mámleket hám jámiyet islerinde tikkeley yaki ózleri tárepinen saylap qoyılǵan wákilleri arqalı qatnasıwı esaplanadı. Bunda, bárinen burın, jámiet penen mámleket arasında ózine tán «kópir» wazıypasın atqarıwshı hám puqaralıq jámietiniń eń áhmietli institutlarınan biri bolǵan siyasiy partiyalar tiykarǵı rol atqaradı.

Siyasiy partiya bul kózqaraslar, mápler hám maqsetlerdiń uqsaslıǵı tiykarında dúzilgen, mámleketlik hákimiyat organların qáliplestiriwde jámiyettiń belgili bir bóleginiń siyasiy ıqtıyarın júzege shıǵarıwǵa umtılıwshı hám de óz wákilleri arqalı mámleketlik hám jámiyetlik jumıslardı basqarıwda qatnasıwshı puqaralardıń ıqtıyarlı birlespesi bolıp tabıladı. Siyasiy partiyalar túrli qatlam hám toparlardıń siyasiy erk-ıqrarın bildiredi hám ózleriniń demokratiyalıq jol menen saylangan wákilleri arqalı mámleket hákimiyatın dúziwde qatnasadı.

Partiya sózi latınsha «partio» sózinen alıngan bolıp, «bólek, bolaman, ajırataman» degen mánisti anlatadı, yagniy pútinniń bir bólegi, jámiyettiń bir bólegi degen túsiniklerdi beredi. Sonday-aq, partiya degende «ideyalıq jaqtan pikirles, mápleri birdey bolgan, sonday-aq, belgili bir isti orinlaw ushin ajıratılgan adamlar toparı» túsiniliwi múmkin.

Ekspertlerdiń pikirinshe, siyasiy partiya bul siyasiy ambiciyaǵa iye bolgan shaxslar tárepinen dúzilgen hám basqarılatuǵın hám de uliwma ideologiya tiykarında birlesken tarmaq (networks) bolip tabıladı. Siyasiy partiyalar, bárinen burın, óz elektoratınıń máplerinen, siyasiy ideologiyası hám poziciyasınan kelip shıǵıp, siyasiy qararlar qabıl etiw processlerine jeterli dárejede tásir ótkeriwi hám óziniń wákilleri arqalı mámlekettiń oraylıq hám jergilikli atqarıw uyımları ústinen jámietlik qadaǵalawdı ornatıwda qatnasıwı lazım.

Demokratiyalıq jámiyetti dúziw xalıqtıń siyasiy belsendiligi hám siyasiy mádeniyatı, adamlardıń jańa demokratiyalıq qádriyatların oylaw, seziniw máseleleri menen baylanıslı. Sol sebepten, túrli siyasiy partiyalar hám jámiyetlik shólkemlerdiń qáliplesiwi hám turaqlasıwı áhmiyetli orınǵa iye. Siyasiy partiyalardıń payda bolıwı hám olardıń xızmeti demokratiyalıq jámiyet ushın zárur bolǵan siyasiy qarsı táreplerdi keltirip shıǵaradı.

Ǵárezsizlik jıllarında elimizde siyasiy partiyalar, jámiyetlik shólkemler júzege keliwi hám is alıp barıwı ushın huqıqıy tiykarlar jaratıldı. Respublika Parlamenti tárepinen qabıl etilgen «Jámiyetlik shólkemler haqqında» (1991 jılı 15 fevral), «Siyasiy partiyalar haqqında» (1996 jılı 2 iyul), «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında» (1998 jılı 28 aprel) Nızamlar solar qatarına jatadı.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap, erkin puqaralıq jámiyetin quriwdi maqset etken mámleketimizde kóppartiyalılıq sistemasına ótildi.

Áyne kóppartiyalılıq sistemasınıń tańlanıwın tómendegishe túsindiriw múmkin:

birinshiden, Ózbekstan Respublikası Konstituciyasının 12-statyasında: «Ózbekstan Respublikasında jámiyetlik turmis siyasiy institutlar, ideologiya hám pikirlerdiń hár túrliligi tiykarında rawajlanadı» mazmunındaǵı qaǵıyda bekkemlengen hám oniń mazmuni kóppartiyalılıq túsinigi menen sáykes;

ekinshiden, salmaqlı xalıq sanına iye bolgan bul mámlekette pikirler, kózqaraslardıń da hár túrli boliwi tábiyiy edi. Sonıń ushın da jámiyettegi hár qıylı qatlamlar, toparlardıń mápin kórsetiwshi hám onıń mámleketlik basqarıwda ámelge asıwına tiykar jaratıwshı kóp partiyalılıq sisteması zárúr dep tańlandı;

úshinshiden, jámiyettegi barlıq siyasiy kúshler, sociallıq qatlamlardıń keń qatnasıwın támiyinlewshi kóp partiyalılıqqa tiykarlanǵan saylaw mámleketlik hákimiyat wákillikli uyımların shólkemlestiriwdiń demokratiyalıq kórinisi bolıp esaplanadı.

Solay eken, mámlekette puqaralıq jámieti institutlarınıń áhmietli bólegi bolǵan siyasiy partiyalardıń jumısına baylanıslı jeterli shólkemlestiriwshilik-huqıqıy tiykarlar bekkemlengen. 1991-jıl 15-fevraldaǵı «Ózbekstan

Respublikasında Jámietlik birlespeler haqqında»ǵı Nızamnıń birinshi statyasında: «Óz huqıqları, erkinliklerin jáne siyasat, ekonomika, sociallıq rawajlanıw, ilim, mádeniyat, ekologiya hám turmıstıń basqa da tarawlarındaǵı nızamlı máplerin birgelikte ámelge asırıw ushın birlesken puqaralardıń ıqtıyarın erkin bildiriw nátiyjesinde payda bolǵan ıqtıyarlı struktura jámietlik birlespe bolıp tabıladı. Siyasiy partiyalar, ǵalabalıq háreketler, kásiplik awqamları, hayal-qızlar, jaslar hám balalar shólkemleri, veteranlar hám mayıplar shólkemleri, ilimiy-texnikalıq, mádeniy-aǵartıwshılıq, dene tárbiyası, sport hám basqa da kewilli jámietler, dóretiwshilik awqamlar, watanlaslar awqamları, associaciyalar hám puqaralardıń basqa da birlespeleri jámietlik birlespeler dep tán alınadı», degen qaǵıyda óz kórinisin tapqan.

Ózbekstanda 5 siyasiy partiya xızmet kórsetpekte.

Xalıq demokratiyalıq partiyası siyasiy partiya sıpatında mámlekette 1991 jılı 1 noyabrde dúzildi. Maqseti - Ózbekstandaǵı hár bir puqaranıń milleti, dini, sociallıq awhalı hám shıǵısına karamastan materiallıq hám ruwxıy náwqıran turmıs keshiriw ushın keń imkaniyatlar jaratıw, adamlardıń konstituciyalıq huqıqları hám erkinliklerine kepillik beriw, olardıń dańqı hám mártebesi, tınısh turmıs keshiriwin qorǵaw. Maqseti - Ózbekstandaǵı hár bir puqaranıń milleti, dini, sociallıq awhalı hám shıǵısına qaramastan materiallıq hám ruwxıy náwqıran turmıs keshiriw ushın keń imkaniyatlar jaratıw, adamlardıń konstituciyalıq huqıqları hám erkinliklerine kepillik beriw, olardıń dańqı hám mártebesi, tınısh turmıs keshiriwin qorǵaw.

«Vatan taraqqiyoti» partiyası 1992 jılı 24 mayda dúzildi. Maqseti - Ózbekstan ǵárezsizliginiń ekonomikalıq-ruwxıy tiykarların payda etiw, mámleketti jáhániń rawajlanǵan mámleketlerdiń birine aylandırıw.

Ózbekstan «Adolat» social-demokratiyalıq partiyası (SDP) 1995 jılı 18 fevralda dúzildi. Maqseti - ǵárezsiz Ózbekstan territoriyasında jasap atırǵan hámme millet hám elatlardıń ulıwma máplerine sáykes keletuǵın huqıqıy demokratiyalıq mámleket dúziw, jámiyette sociallıq ádalattı jánede bekkemlew, insan huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri, joqarı ruwxıylıqtı hám aǵartıwshılıqtı rawajlandırıwǵa járdem beriw.

Ózbekstan Milliy tiklanish demokratiyalıq partiyası 1995 jılı 3 iyunda dúzildi. Maqseti - jańa ózbek mámleketiniń tiykarların jaratıw, huqıqıy mámleket hám puqaralıq jámiyetti dúziw.

Fidokorlar milliy demokratiyalıq partiyası 1998 jılı 28 dekabrde dúzildi FMDP menen «Vatan taraqqiyoti» partiyası 2000 jıldıń 14 aprelinde birlesti hám Oliy Majliste Fidokorlar milliy demokratiyalıq partiyası frakciyasın dúzdi. 2008 jılı «Fidokorlar» hám «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası birlesti.

Ózbekstan liberal-demokratiyalıq partiyası 2003 jılı 15 noyabrde dúzildi. Maqseti – bazar qatnasıqları jaǵdayında kishi hám orta isbilermenlikti qollap-quwatlaw.

Ózbekstan ekologiyalıq háreketi 2008 jılı shólkemlestirildi. 2019 jılı Ózbekstan ekologiyalıq partiyası dúzildi. Maqseti - ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, adamlar arasına ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriw, ana tábiyatımızdı kóz qarashıǵımızday asıraw.

Ózbekstanda «Xalq birligi» háreketi 1995 jılı iyun ayınan xızmet kórsetpekte. Hárekettiń tiykarǵı maqseti kóp milletli elimizde xalıqlar birigin jáne de bekkemlew, puqaralardıń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekitilgen xuqıq hám erkinlikleriniń kepillikleri tolıǵı menen ámelge asırıw hám Watandı súyiw sezimlerin rawajlandırıwdan ibarat.

Ǵárezsizlik jıllarında respublikada jámiyetlik shólkemlerdiń sanı kobeyip, imkaniyatları keńeydi. Ǵárezsizliktiń dáslepki bes jıllında jámiyetlik hám mámleketlik emes shólkemlerdiń sanı 2300 ge jetti.

Ulıwma, házirgi kúnde Ózbekstan kásiplik shólkemleri 10,5 million aǵzanı birlestirip, jámiyette tupkilikli reformalardı ámelge asırıwda belsene qatnasıp atır.

Ózbekstan hayal-qızlar qomiteti 1991 jılı 1 martta dúzildi. Bul komitet mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan jámiyetlik siyasiy hám demokratiyalıq processlerde hayal-qızlırdıń belsene qatnasıwında, olardıń ruwxıy tárbiyalawda áhmiyetli rol atqarıp atır.

Sonıń menen birge, «Nuraniy», «Ustaz», «Uluǵbek», «Úmid», «Xotira» hám basqa da shólkemler respublikada puqaralıq jámiyetti qurıwda óz úleslerin qosıp atır.

2001 jıldıń 25 aprelinde Ózbekstan Milliy universitetiniń Mádeniyat sarayında Respublika jasları wákilleriniń birinshi qurıltayında «Kamolot» jaslar jámiyetlik háreketi dúzildi. Qurıltayda jámiyetlik hárekettiń Nızamı hám dástúri kabıl etildi.

Mámlekettiń ulıwma milliy siyasatına milliy siyasattan basqa ekonomikalıq hám jámiyetlik, ilimiy-texnika, bilimlendiriw hám den-sawlıqtı saqlaw, xalıq-aralıq qatnaslar (sırtqı siyasat), milliy qáwipsizlik h.t.b. siyasatlar kiredi.

Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen kúnnen baslap Respublika Prezidenti hám húkimeti tárepinen milletler aralıq doslıqtı támiynlew ushın milliy siyasat ámelge asırılıp atır.

Ózbekstan polietnik, yaǵnıy kóp milletli mámleket bolıp, onıń territoriyasında 120 dan artıq millet hám elat wákilleri jasaydı. Respublikada jasap atırǵan basqa millet wákilleri arasında etnikalıq mádeniy tiykarlarda jámlesiw processleri payda boldı, milliy-mádeniy oraylar júzege keldi. 1992 jılı yanvar ayında Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararı menen Ózbekstan Respublikası «Internacional Mádeniy Orayı» shólkemlestirildi. Oray xızmetinde ulıwma xalıqlıq bayramlarına tayarlıq kóriw hám onı ótkeriwde belsendilik penen qatnasıw áhmiyetli baǵdar bolıp esaplanadı.

Demokratiyalıq reformalardı turmısqa eńgiziw ásirese dúnyaǵa kóz qarastı qáliplestiriwde ǵalaba xabar quralларınıń ornı hám áhmiyeti úlken. Mámlekettiń jámiyetlik-siyasiy turmısında jetekshi rol oynaǵanlıǵı sebepli olardı tórtinshi hákimiyat dep ataydı.

Sovet totalitar hám avtoritar dúzimi dáwirinde ǵalaba xabar quralları xalıqqa kommunistlik ideologiyanı eńgiziwde áhmiyetli agitaciya hám propaganda quralları bolıp esaplanǵan.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında ǵalaba xabar quralların erkinligi, nızamǵa muwapıq is júrgiziwi, cenzuraǵa jol qoyılmaslıǵı (67-statya) belgilenip qoyıldı.

1996 jıl 2 avgustta Oliy Majlis tárepinen «Baspa xızmeti haqqında», 1997 jılı 24 aprelde «Jurnalistlik iskerlikti qorǵaw haqqında», 1997 jılı 26 dekabrde «Ǵalaba xabar quralları haqqında» Nızamlar qabıl etildi. Bul nızamlar Ózbekstan Respublikası ǵalaba xabar qurallarınıń demokratiyalıq jámiyetke tán huqıqıy tiykarların belgilep berdi.

Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen soń sırt el ǵalaba xabar quralları menen baylanıs ornatıw máselesi sırtqı siyasiy xızmettegi tiykarǵı baǵdarlarınıń birine aylandı. Sebebi Ózbekstanıń dúnya júzlik sheriklikke qansha tez kirip barıwı usı ǵalaba xabar qurallarınıń tarqatatuǵın xabarlarınıń shınlıǵına baylanıslı.

Ǵalaba xabar quralları jámiyetlik pikirdi qáliplestiriwshi ilajlardıń biri bolıp, usı jol menen jámiyetshilikti el turmısına baylanıslı bolǵan nızamlar hám qararlar qabıl etiliwine, olardıń turmısqa eńgiziliwine itibar qaratadı. Sonıń menen birge ǵalaba xabar quralları sırt ellerde júz berip atırǵan waqıya, hádiyseler haqqındaǵı xabarlardı, jańalıqlardı jetkerip beretuǵın qural bolıp esaplanadı.

1996 jılı 7 mayda «Ózbekstannıń jámiyetlik rawajlanıwında televidenie hám radionıń rolin arttırıw ilajları» haqqında Párman qabıl etildi. Onda Ózbekstan Mámleketlik televidenie hám radioesittiriw komiteti Ózteleradiokompaniyaǵa aylandırıldı. Onıń wázıypası etip tómnedegiler belgilendi:

- birinshiden, xabarlardıń ideologiyadan birotala qutılıwın názerde tutqan halda xalıq hám jámiyettiń qalıs hám haqıyqıy hám hár qıylı xabarlarına talapların úyreniw hám qanaatlandırıw;

- ekinshiden, elimiz xalqın, sonday-aq., sırt el jámiyetshiligin Ózbekstannıń siyasiy, ekonomikalıq hám jámiyetlik turmısında júz bergen ózgerisler haqqında keń xabarlar etiw hám basqalar.

Ǵalaba xabar quralları jámiyetlik pikirdi qáliplestiriwshi ilajlardan bolıp, usı jol menen jámiyetshilikti el turmısına baylanıslı bolǵan nızamlar hám qararlar qabıl etiliwine, olardıń turmısqa eńgiziliwine itibarın qaratadı.

## 2-Tema. Ózbekstanda puqaralıq jámiyet tiykarlarınıń qáliplesiwi hám onıń áhmiyeti.

**Jobası:**

1. Ózbekstanda demokratiyalıq reformalardı jáne de tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw koncepciyası.
2. Ózin-ózi basqarıw uyımlarınıń jumısı hám olardıń jámiyetti demokratiyalastırıwdağı ornı.
3. Ózbekstanda mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemler hám olardıń siyasiy, jámiyetlik hám ekonomikalıq processlerde qatnasıwı.
4. Insan huqıqların támiyinlew hám qorǵaw.

**Ádebiyatlar:**

1.Левитин Л. Ўзбекистон туб бурилиш палласида. - Тошкент: Ўзбекистон, 2005.
2.Мустақил Ўзбекистон тарихи. Масъул муҳаррир А.Сабиров. - Тошкент: Академия, 2013.
3.Новейшая история Узбекистана. Руководителъ проекта и редактор: М.А.Рахимов. - Тошкент: Адабиёт учқунлари, 2018.
4. Эркаев А. Ўзбекистон йўли. - Тошкент: Маънавият, 2011.
5. Усманов К., Шернов Ш. ва бошқалар. Ўзбекистон сиесий ва ҳуқуқий ислоҳатлар сари. Т. «Университет» 1996.

Ózbekstanda huqıqıy demokratiyalıq mámleket hám puqaralıq jámiyet qurıw baslı máqset etip qoyıldı. Huqıqıy mámleket óziniń bir qansha ózgeshelikleri, tiykarǵı belgileri, principleri hám talapoarı menen ajıralıp turadı.

Huqıqıy mámleket hám puqaralıq jámiyette insan, onıń ómiri, sociallıq-ekonomikalıq, ruwxıy-mádeniy, siyasiy mápleri, qádir-qımbatı, qadriyatları, huqıqları hám erkinlikleri muqaddes emaplanadı hám olardı ámeleg asırıwǵa kepillik beriledi.

Huqıqıy mámlekette shaxs eń joqarı qadriyat esaplanadı. Xalık mámleket hakimiyatınıń birden bir deregi bolıp tabıladı. Onıń tilegi-erki, mámleket siyasatın belgilep beredi. Bul siyasat insan hám jámiyettiń abadanlıǵın támiyinlewge qaratılǵan boladı.

Huqıqıy mámlekette xalıq tikkeley hám óz wákilleri arqalı mámleket hákimiyatın ámelge asırawda tolıq imkaniyatqa iye boladı. Huqıqıy mámleket insannıń barlıq puqaralardıń siyasiy, ekonomikalıq hám jámiyetlik turmıs tárizin erkin tańlap alıwına kepillik beredi.

Kúshli sociallıq siyasattı ámelge asırıw, adamlardıń múnásip hám erkin, abadan turmısın támiyinlew, hár bir adam huqıq hám imkaniyatlarınan tolıq hám aqılǵa sáykes paydalanıwı ushın barlıq zárúr sharayatlardı jaratıw, baslamashılıq hám is bilermenlikti rawajlandırıw, menshik iyeleriniń huqıqların qorǵawdı támiyinlew huqıqıy mámlekettiń júdá áhmiyetli wazıypası bolıp tabıladı.

Huqıqıy mámleket kúsh penen, revolyuciyalıq ózgerisler tiykarında emes, bálkim tábiyǵıy-tariyxıy process, evolyuciyalıq jol menen, puqaralar mádeniyatı, ruwxıylıǵı hám aǵartıwshılıǵı ósiwi arqalı qáliplesedi.

Huqıqıy mámlekettiń ózine tán ózgesheliklerinen jáne biri huqıqtıń joqarı húkimdarlıǵı bolıp tabıladı. Huqıqıy mámlekette hámme nárse, hár qanday másele nızamlar, huqıyqıy ólshemler tiykarında ádalatlı jol menen sheshiledi.Nızam jámiyet hám mámleket turmısındaǵı eń áhmiyetli múnásibetlerdi tártipke salıp turadı. Huqıqıy mámlekettiń negizi, onıń tiykarı –nızam, nızamshılıq bolıp tabıladı. Huqıqıy mámleket nızam tiykarında xızmet kórsetetuǵın, nızam tiykarında jasaytuǵın, nızam belgilep bergennen shıǵıp ketpeytuǵın mámleket bolıp tabıladı. Huqıyqıy mámlekettiń eń joqarı kúshi, abıroyı, mártebesi hám qalbi nızam bolıp tabıladı.

Huqıqıy mámlekette birinshi gezekte, mámlekettiń ózi, onıń barlıq organları hám hámeldar shaxslar da nızamǵa boysınıwı májbúriyligi Tiykarǵı Nızamda belgilep qoyılǵan. Onıńg 15-statyasında «Ozbekstan Respublikasında Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamlarınıń ústinligi sózsiz tán alınadı», - dep korsetilgen..

Huqıqıy mámlekette ústinlikke iye baǵdarlardan biri jámiyet turmısında mámleketlik emes hám kommerciyalıq emes shólkemlerdiń ornı hám rolin arttırıw bolıp tabıladı. Bul arqalı puqaralıq jámiyetin payda etiw processlerin tereńlestiriw, «Kúshli mámleketten-kúshli jámiyetke qaray» principin ámelge asırıw imkaniyatı

payda boladı. Mámleket siyasatınıń bas jolı huqıqıy demokratiyalıq mámleketti payda etiw, nızam aldında hámmeniń teńligin tamiyinlew, «puqara-jámiyet-mámleket» principin engiziw, áne usı jol menen puqaralıq jámiyetin payda etiw bolıp tabıladı.

Házirgi waqıtta jurtımızda 9 mıńnan aslam mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemler bar. 29 xalıqaralıq hám shet el húkimetlik emes shólkemlerdiń filial hám wákilxanaları xızmet alıp barmaqta. 2017 jılı «Nuraniy» fondı, Jaslar awqamı, Ózbekstan fermer, diyxan xojalıqları hám kıytaq jer iyeleri keńesi, Sawda-sanaat palatası, ózin-ózi basqarıw organları xızmetin muwapıqlastırıw boyınsha Respublika keńesi sıyaqlı mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler xızmetin jetilistiriw hám olardı qollap-quwatlawǵa qaratılǵan párman hám qararlar qabıl etildi.

Ózbekstan demokratiyalıq reformalardı ámedge asıra otırıp puqaralıq jámiyet qırıwǵa umtılmaqta. Bunıń mánisi basqarıwdıń hár qıylı wazıypaları tikkeley xalıqqa tapsırıladı, ózin-ózi basqarıw organları rawajlanıp baradı, degendi ańlatadı.

«Puqaralıq jámiyet» hám jámiyet degen túsinikler bir mánisti ańlatpaydı. Jámiyet bul adamlar birligi, mámlekettiń pútkil belgilerin de óz ishine alatuǵın birligi. Puqaralıq jámiyet - bul jámiyettiń bir bólegi, hákimiyattıń mámleketlik organları hám basqarıwınan tısqarı bólimi. Puqaralıq jámiyettiń jetiskenlik dárejesi puqaralardıń siyasiy hám jámáát shólkemlerine birlesiw dárejesi, siyasiy hám jámáátlik shólkemlerdiń tásiri hám rawajlanıw dárejesi menen belgilenedi.

Puqaralıq jámiyeti rawajlanıwdıń joqarı basqıshı Ǵárezsizlikke eriskennen keyin bazar ekonomikasına tiykarlangan gárezsiz demokratiyalıq mámleket quriw, insan mápleri, huqıq hám erkinlikleri, nizam ústinligi hám de mámleketimizdiń barlıq puqaraları ushın nizam aldında teńlik támiyinlenetuǵın puqaralıq jámiyetin qáliplestiriw strategiyalıq maqset sıpatında belgilengen.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti L.A.Karimov «Biziń bas strategiyalıq maqsetimiz qatań hám ózgermes bolip, bazar ekonomikasına tiykarlangan erkin

demokratiyalıq mámleket quriw, puqaralıq jámiyetin bekkem qáliplestiriwden ibarat» dep atap ótken edi.

Puqaralıq jámiyeti túsinigi adamzat jámiyetiniń ásirler dawamında qáliplesken pikirlew ónimi bolıp, insan huqıqları hám erkinlikleriniń jaǵdayı menen belgilenedi. Puqaralıq jámiyettiń tiykarın jaratıw hám onı ámelde qáliplestiriw ushın, dáslep, ol haqqındaǵı ideyalardıń genezisin, tiykarların biliw zárúr. Puqaralıq jámiyeti belgili tiykarlar, atap aytqanda, ekonomikalıq, jámiyetlik-siyasiy, huqiqiy, ruwxiy tiykarlar menen qáliplesiwi múmkin. Bular tómendegilerden ibarat:

ekonomikalıq tiykar - shaxs hám jámiyet mápleriniń ulıwmalıǵına tiykarlanǵan múlk formalarınıń hár túrliligi, ekonomikalıq plyuralizm, kóp ukladlılıq, erkin bazar qatnasıqları. Qaysı jámiyette onıń hár bir aǵzası, qanday da bir múlkke iye bolıwı, óz qálewi menen iyelew, sarplaw huqıqına iye bolıwı, jeke múlkke qol qatılmaslıǵı, mámleket tárepinen kepillengen isbilermenlik, miynet hám tutınıw iskerligi erkinliginiń támiyinlengenligi;

jámiyetlik-siyasiy tiykar górezsiz mámleketlerdiń dúziliwi, ekonomikalıq hám siyasiy hákimiyattıń bóliniwi. Adamlardıń óz maqsetlerin qorǵaw maqsetinde belgili bir shólkemlerge birlesiwi, hákimiyatlar hár qıylı oraylar, shólkemler, siyasiy institutlar qolında jámlengen bolsa, olar bir-birin shekleydi hám teń salmaqlılıqqa keltirip turadı. Siyasiy plyuralizm, mámleket hákimiyatı funkciyalarınıń áste-aqırın puqaralıq jámiyeti institutlarına berilip barılıwı. «Kúshli mámleketten kúshli jámiyetke qaray» principiniń kórinisi;

huqıqıy tiykarı insan ushın áhmiyetli bolǵan erkinlik, teńlik, ádillik qádiriyatlarınıń qarar tabıwı, yuridikalıq teńliktiń támiyinleniwi hám olarǵa huqıq hám erkinlikler beriw arqalı nızam jolı menen tán alınıwı;

ruwxiy tiykar insanlar óz qádir-qımbatına, jámiyettiń tiykarǵı qádiriyatları qorgawında tura alatuǵın, zárúrlik tuwılganda olar ushın gúrese alatuǵın bolıwı, hújdan erkinligi, ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiw, birden-bir ideologiya, dúnyaqarastıń jeke húkimdarlıǵınıń bolmawı, jámiyetlik processlerdi demokratiyalastırıwda tikkeley hám tikkeley emes qatnasadı.

Ózbekstanda jańa jámiyetti rawajlandırıw reformaları processinde dúnyanıń hár qıylı mámleketlerinde puqaralıq jámiyeti tiykarların jaratıw hár qıylı dárejede hám dáwirlerde ámelge asırılǵanınıń teoriyalıq hám ámeliy táreplerin, tájiriybelerin úyreniw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, puqaralıq jámiyettiń bul progressiv tárepleri (principleri hám belgileri) sınalǵan tájiriybe sıpatında ótiw dáwirin basınan ótkerip atırǵan mámleketlerde puqaralıq jámiyetin quriwda itibarǵa alıwǵa imkan beredi.

Tiykarınan alganda, «puqaralıq jámiyeti» ataması túrli shet el ádebiyatlarında ayrıqsha mazmun iyelegen túsinik bolip, ol házirgi dáwir talqılawında jámiyettiń belgili bir forması (jagdayı hám ózgesheligi), oniń social-ekonomikalıq, siyasiy hám huqiqiy tábiyatı, rawajlanıw dárejesin bildiredi. Puqaralıq jámiyetin qáliplestiriw máseleleri bárqulla mámleketti jetilistiriw, huqıq hám nizamının rolin joqarılatıw mashqalaların sheshiw menen óz ara tıǵız baylanıslı.

Bizge belgili, jetik puqaralıq jámiyetisiz huqiqiy demokratiyalıq mámleket qurıw múmkin emes, sebebi sanalı erkin puqaralar ǵana adamzat jámiyetiniń eń aqılga muwapıq formaların jaratıwga uqıplı. Solay etin, puqaralıq jámiyeti erkin individ hám oraylasqan mámleket erk-ıqrarı arasında baylanıstırıwshı buwın esaplansa, mámlekettin wazıypası bólekleniw, tártipsizlik, krizis, kriziske qarsı is kóriw, erkin shaxstıń huqıq hám erkinliklerin júzege shıǵarıw ushın sharayatlar jaratıwdan ibarat.

Bul haqqında sóz bolǵanda, ǵárezsizliktiń dáslepki kúnlerinen baslap aytıw múmkin. Ózbekstan demokratiyanı óz rawajlanıwınıń bas joli sıpatında tańladı. Demek, puqaralıq jámiyet hám demokratiyalıq huqiqiy mámleketti quriw mámleket hám jámiyet aldında áhmiyetli wazıypa bolgan.

Puqaralıq jámiyet túsinigin tómendegi táreplerde de kóriwimiz múmkin. Yaǵnıy:

-mámleketlik hákimiyat sistemasınıń sociallıq negizi.

- jámiyet agzalarınıń sociallıq belsendiligin qáliplestiriw, támiyinlew mákanı.

- jámiyetti demokratiyalastırıwdıń sociallıq tiykarı:

- mámleketlik hákimiyat uyımları sisteması wákilliklериniń tásir sheńberin aqılǵa uǵras shegaralaw hám onıń ústinen jámiyetlik qadaǵalawdı jolǵa qoyıw quralı.

-adamlar arasındaǵı ekonomikalıq, sociallıq. ruwxıy qatnasıqlardıń siyasatlaspaǵan tárepleri,

-siyasiy sistema, mámleket hákimiyatı qáliplesiwiniń dáslepki tiykarı sıyaqlılardı da túsiniw múmkin.

Huqiqiy mámleket bul sonday bir mámleket hákimiyatı bolıp, ol huqıq normalarına muwapıq hám olar sheńberinde is kórsetedi, bul normalardı buziw, biykarlaw yaki sheklewge júrek etpeydi, puqaralar hám olardıń birlespeleriniń ajıralmas tábiyiy-tariyxıy huqıqların tán aladı.

Puqaralıq jámiyettiń payda bolıwı insan huqıqları hám puqara huqıqlarınıń parıqlanıwın belgilep berdi.

Insan huqıqların puqaralıq jámiyet, puqara huqıqların mámleket támiyinleydi. Eki jaǵdayda da shaxs huqıqları haqqında sóz etiledi, biraq birinshi jaǵdayda ayırım insan sıpatındaǵı shaxstıń jasaw, erkinlik huqıqları názerde tutılsa, ekinshi jaǵdayda onıń siyasiy huqıqları názerde tutıladı.

Insan huqıqları hám puqara huqıqları arasındaǵı ayırmashılıq belgili tiykarlarǵa iye bolıp, olar tómendegilerden ibarat:

1) insan huqıqları mámleket tárepinen tán alınǵanlıǵı hám nızam jolı menen bekkemlengenligi sebepli, olardıń iyesi insan ol yaki bwl mámleketke tiyisliligine qaramastan bar bolıwı múmkin. Puqara huqıqları bolsa usı shaxs tiyisli bolǵan mámleket tárepinen qorǵaladı;

2) dúnyada ele biraz adamlar ulıwma puqaralıq statusına iye emes (puqaralıǵı bolmagan shaxslar, apatridler). Demek, olar rásmiy dárejede puqaralıq huqıqlarına emes, al insan huqıqlarına iye. Puqaralıq jámiyetiniń wazıypası jámiyetlik turmıstıń rawajlanıwın támiyinlewden ibarat. Sol sebepli, onıń tiykarǵı quram bólekleriniń wazıypaları qatarına bul processtiń normal ótiwi ushın sharayat jaratıp beriwshi institutlardıń jumısın quraydı.

Puqaralıq jámiyettiń tiykarǵı qádiriyatların shańaraq, múlk, shaxs, erkinlik, huqıq, ruwxiyat, tártip, mámleketshilik quraydı. Bunda hámmeni hám májbúriy tártipte múlk iyelerine aylandırıw názerde tutılmaydı - olardıń kópshiligi bunı qálemeydi, biraq bunday imkaniyat hár kim ushın saqlanıp qalınıwı kerek. Múlk bárqulla shaxs hám pútkil jámiyet erkinliginiń bas faktorı sıpatında háreket etedi. Múlkke degen húrmet bolmaǵan jerde shaxsqa degen húrmet te bolmaydı.

Puqaralıq jámiyeti strukturaları «joqarıdan» emes, al «tómennen,» puqaralardıń baslaması menen, ıqtıyarlı tiykarda, tábiyiy, shólkemlestiriwshilerdiń mápleri, qızıǵıwshılıqları hám meyillerine muwapıq dúziledi. Olardıń erkinligi mámleketlik strukturalarǵa ǵárezsizliginde, ishki qaǵıydalar menen názerde tutılǵan wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan ózin-ózi basqarıw iskerliginde kórinedi.

Puqaralıq jámiyettiń tiykarǵı belgileri bar bolıp, olar tómendegiler:

-erkin individler birlespesi;

- óz ara birge islesiwge tiykarlanǵan sociallıq struktura;

- quramalı dúziliske iye bolgan plyuralistlik sistema;

- ózin-ózi rawajlandıratuǵın hám ózin-ózi basqaratuǵın sistema.

Puqaralıq jámiyetiniń eń áhmiyetli faktorları:

1) ekonomikalıq erkinlik, múlk formalarınıń ráńbáreńligi, bazar qatnasıqları;

2) insan hám puqaranıń tábiyiy huqıqların sózsiz tán alıw hám qorǵaw;

3) hákimiyattıń nizamlılıǵı hám demokratiyalıq ózgesheligi;

4) nizam hám ádil sud aldında hámmeniń teńligi, hár bir shaxstıń yuridikalıq jaqtan isenimli qorgalganlıǵı;

5) hákimiyattıń úshke bóliniwi hám hákimiyatlardıń óz ara baylanısı principine tiykarlangan huqiqiy mámleket;

6) siyasiy hám ideologiyalıq plyuralizm, konstruktivlik oppoziciyanıń bar ekenligi,

7) sóz hám baspasóz erkinligi, ǵalaba xabar qurallarınıń ǵárezsizligi;

8) puqaralardıń jeke turmısına mámlekettiń aralaspawı, olardıń óz ara minnetleri hám wazıypaları;

9) klasslıq hám milliy tatıwlıq, sociallıq sheriklik;

10) adamlardıń múnásip turmıs dárejesin támiyinlewshi nátiyjeli sociallıq siyasat sıyaqlılar bolıp tabıladı.

Solay eken, puqaralıq jámiyetti qáliplestiriw hám rawajlandırıw arqalı sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy baǵdarlardaǵı máselelerdi sheshiw múmkin boladı. Onda kópshiliktiń qatnasıwın támiyinlew imkaniyatı jaratıladı.

Suveren Ózbekstan tariyxı ele salıstırmalı qısqa respublika ǵárezsizligi 1991-jıl 31-avgustta járiyalanǵan, biraq ótken waqıt ishinde mámleketimiz xalıqaralıq kólemde tán alındı hám dúnya jámiyetshiliginen múnásip orın iyeledi.

Ótmishte, keleshekte óz-ózinen bolmaytuǵının Ózbekstan puqaraları jaqsı túsinedi. Olar tariyx jaǵaları aralıǵında, bir aǵısta júzedi, olardı tariyxıy hárekettiń birden-bir subyekti insan birlestiredi.

Ǵárezsizlikke eriskenimizden keyin bazar ekonomikasına tiykarlanǵan ǵárezsiz demokratiyalıq mámleket qurıw, insan mápleri, huqıq hám erkinlikleri, nızam ústinligi jáne mámleketimizdiń barlıq puqaraları ushın nızam aldında teńlik támiyinlenetuǵın puqaralıq jámiyetin qáliplestiriw strategiyalıq maqset sıpatında belgilengen.

Eger názer taslasaq, 1991-2000-jılları mámlekette puqaralıq jámiyet qurıwdıń tiykarı huqiqiy mámleketke tán bolgan nizamlar hám basqa huqiqiy shárt-sharayatlar qáliplesti. Atap aytqanda, ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap Ózbekstanda xalıqtıń mámleketlik hákimiyattı basqarıwda qatnasıwın támiyinlewdiń siyasiy-huqıqıy tiykarların jaratıwǵa ayrıqsha itibar qaratıldı. Ózbekstanda jana demokratiyalıq jámiyet tiykarlarına ótiw, totalitarizmnen miyras bolip qalgan mámleket hám puqara qatnasıqların saplastırıw siyasattıń tiykarǵı bagdarına aylandı. Qısqa dáwirde mámlekette «puqara - jámiyet - mámleket» sisteması nızamlı tiykarǵa qoyıldı. Bul siyasiy jaqtan keń hám hár tárepleme tallawǵa iye bolǵan process. Sebebi onıń mánisi jámiyette demokratiyalıq processlerdi ámelge asırıwdı názerde tutadı, eń áhmiyetlisi, puqara mápi menen mámleketlik hákimiyattı basqarıw óz-ara muwapıqlastırıladı. Bul jámiyette insannıń barlıq huqıqları, atap aytqanda, mámleket islerinde qatnasıw; isenim erkinligi; jıynalıslar, birlespeler erkinligin ámelde támiyinlew siyasiy reallıqqa

aylanadı. «Puqara» hám «mámleket» qatnasıqlarındaǵı bar ajıralıw processleri saplastırılıp, olardıń mámleketlik hákimiyattı basqarıwǵa bolǵan juwapkershiligi hám de mámlekettiń puqaralar aldındaǵı juwapkershiligi júzege keldi. Atap aytqanda, Bas nızamımızdıń 32-statyasında belgilep qoyılǵanınday, Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları jámiyetlik hám mámleketlik jumıslardı basqarıwda tikkeley hám de óz wákilleri arqalı qatnasıw huqıqına iye, dep belgilep qoyıladı. Bunday imkaniyat jámiyette demokratiyalıq institutlardıń rawajlanıwı menen támiyinlenedi.

Demokratiyalıq institutlar jámiyet turmısında demokratiyalıq principlerdiń qarar tabıwına xizmet etetuǵın shólkemler hám strukturalar kompleksi. Tariyxıy jaqtan olardı shártli túrde demokratiyalıq mazmunǵa iye bolǵan dástúriy, jámiyetlik-siyasiy institutlar (mámleket, siyasiy partiyalar, jámiyetlik shólkemler, ǵalaba xabar quralları) hám tek demokratiyalıq jámiyet sharayatında iskerlik júrgizetuǵın arnawlı institutlarǵa, máselen, insan huqıqlarına ámel etiliwin támiyinlewshi túrli mámleketlik emes strukturalarǵa ajıratıw múmkin.

Búgingi kúnde Ózbekstanda puqaralıq jámiyeti institutların qáliplestiriw hám rawajlandırıwǵa qaratılǵan 200 den aslam nızam hám nızamnan kelip shıǵatuǵın hújjetler qabıl etildi. Bular qatarına tiykarǵı hújjetler sıpatında «Ózbekstan Respublikasında jámiyetlik birlespeler haqqında» (1991-j.), «Kásiplik awqamları, olardıń huqıqları hám jumısınıń kepillikleri haqqında» (1992-j.), «Mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler haqqında» (1999-j.), «Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları haqqında» (1999-j.), «Siyasiy partiyalar haqqında» (1996-j.), «Jámiyetlik fondlar haqqında» (2003-j.). «Siyasiy partiyalardı qarjılandırıw haqqında» (2004-j.), «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında» (1991-j.), «Mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler jumısınıń kepillikleri haqqında» (2007-j.), «Ǵalaba xabar quralları haqqında» (1997-j.), «Jámiyetlik qadaǵalaw haqqında», «Sociallıq sheriklik haqqında» (2014-j.) Ózbekstan Respublikası nizamların tán alıw múmkin. Jámiyette mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler (MKSh) sistemasınıń rawajlanıwı ushın

sharayatlar jaratıldı. Áhmiyetlisi, «úshinshi sektor» dep atalıwshı MKSh jámiyettiń tiykarǵı institutları sıpatında kózge taslana basladı.

Jáhán tájiriybesinen belgili, xalıq puqaralıq jámiyeti institutları, yaǵnıy jámiyetlik shólkemler, siyasiy partiyalar, MKShlar, hayal-qızlar hám jaslar awqamları, ózin-ózi basqarıw uyımları, ásirese, máhálleler, ǵalaba xabar quralları sıyaqlı jámiyetlik strukturalar arqalı mámleketlik hám jámiyetlik jumıslardı basqarıwda qatnasıwı ushın sharayatlar jaratıw talap etiledi. Ózbekstanda da puqaralıq jámiyeti institutları ósip bardı: eger 1991-jılı respublikamızda 200 puqaralıq jámiyeti institutları - MKSh dizimge alınǵan bolsa, 2000-jılǵa kelip olardıń sanı 2585, 2013-jılı bolsa 6000 ǵa jetti. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev 2020-jıl 11-fevral kúni korrupciyaǵa qarsı gúresiw hám jámiyetlik qadaǵalaw sistemaların jetilistiriw máseleleri boyınsha májilis ótkerdi. Sonda elimizde 10 mıńnan aslam mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler bar ekenligi atap ótildi.

Ózbekstanda puqaralıq jámiyetin quriw hám rawajlandırıwga tiyisli konceptual hám strategiyalıq hújjetlerdiń qabil etiliwi 2000-2016-jillardı óz ishine aladı. Biraq, 2016-jildan Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoev «Xalıq mámleketlik uyımlarga emes, mámleketlik uyımlar xalqımızǵa xizmet etiwi kerek» principin ornatiwga baylanıslı baslaması Ózbekstanda puqaralıq jámiyeti rawajlanıwınıń tiykarǵı faktori sıpatında kórindi. Prezidenttiń baslaması menen bolsa 2017-jıl «Xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı» dep járiyalandı. Álbette, xalıq penen turaqlı qarım-qatnas bul puqaralıq jámiyetiniń eń tiykarǵı principi edi. Biraq mámlekette mámleketlik hákimiyat organları basqarıwınıń jaǵdayı qanday ekenligin, puqaralardıń bul haqqında qanday pikirde ekenligin anıqlaw kerek edi.

2016-jıldıń 28-dekabrinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń múrájatları menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriwge baylanıslı ilajlar haqqında»ǵı Pármanı járiyalandı. Oǵan muwapıq Ózbekstan Respublikası Prezidenti apparatı isler basqarmasınıń Puqaralar qabıllawxanası negizinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Xalıq

qabıllawxanası jáne Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında, sonday-aq, hár bir rayon hám qalada (rayonǵa boysınıwshı qalalardan tısqarı) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń virtual qabıllawxanası dúzildi. Bul baǵdarda xalıq penen turaqlı pikirlesiw, olardı qıynap atırǵan mashqalalardı sheshiwdiń jańa mexanizmlerin hám nátiyjeli usılların engiziwimiz kerek. Biz xalıq eń kóp múrájat etetuǵın mámleketlik uyımlardıń jumısında adamlar menen islesiw boyınsha sapa jaǵınan pútkilley jańa sistemaǵa ótiw haqqında oylap atırmız».

Puqaralıq jámiyet qurıwda puqaralardıń ózi-ózin basqarıw organları áhmiyetli bolıp esaplanadı. Ǵárezsizlik qolǵa kirgizilgennen soń, pútkil elimiz aymaqları – qala, rayon, awıl hám máxállelerde jańa turmıs qálpin qáliplestiriwde, jámiyette adamnıń rolin asırıwda, ózin-ózi basqara alıw pázıyletlerin arttırıwǵa óz turmısın ózi qurıw baǵdarların kúndelikli xızmetke aylandırıwda máhálle imkaniyatlarınan paydalanıw zárúr. Máhálle - ózin-ózin basqarıwdıń tiykarǵı buwını. Bul xalıqtıń sociallıq máselelerin sheshiwde áhmiyetli rol oynaydı. Máhállede hár bir adamnıń táǵdiri, arzıw-ármanı, turmısqa hám adamlarǵa múnásebeti qatań baqlawda turadı, olar biri-biri menen esaplasıp jasaydı.

1990-1992 jılları Ózbekstan Respublikasınıń jergilikli hákimiyat organları dizimin qáliplestiriw maqsetinde bir neshe huqıqıy hújjetler qabıl etildi.

Bular arasında 1992 jıl 4 yanvarda qabıl etilgen «Ózbekstan Respublikasında jergilikli hákimiyat organların qayta dúziw haqqında»ǵı Nızam áhmiyetli boldı. Bul nızam tiykarında jergilikli hákimiyat organları diziminde jańa organ - hákimlik hám hákim lawazımları eńgizildi.

Atqarıwshı hákimiyat organlarında baylanıstı kúsheyttiriw maqsetinde, wálayatlar hákimleri Ózbekstan Prezidenti tárepinen, rayon hám qala hákimleri wálayat hákimi tárepinen lawazımlarǵa tayınlanıwı hám lawazımlardan azat etiliwi hám de bul máseleler tiyisli xalıq deputatları Keńesleri tárepinen tastıyıqlaw tártipleri belgilendi.

Sonıń menen birge, «Jergilikli mámleket hákimiyatı haqqında»ǵı Nızam (1993 jıl sentyabr), «Xalıq deputatların wálayat, rayon, qala Keńeslerine saylawlar

haqqında»ǵı Nızam (1994 jıl may) h t.b. xújjetler kúshli puqarılıq jámiyetti payda etiwin huqıqıy jaqtan bekkemleydi.

«Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları haqqında»ǵı Nızam 1993 jılı sentyabrde, 1999 jılı aprel aylarında qabıl etildi.

Ózbekstan demokratiyalıq reformalardı ámedge asıra otırıp puqaralıq jámiyet qırıwǵa umtılmaqta. Bunıń mánisi basqarıwdıń hár qıylı wazıypaları tikkeley xalıqqa tapsırıladı, ózin-ózi basqarıw organları rawajlanıp baradı, degendi ańlatadı.

«Puqaralıq jámiyet» hám jámiyet degen túsinikler bir mánisti ańlatpaydı. Jámiyet bul adamlar birligi, mámlekettiń pútkil belgilerin de óz ishine alatuǵın birligi. Puqaralıq jámiyet - bul jámiyettiń bir bólegi, hákimiyattıń mámleketlik organları hám basqarıwınan tısqarı bólimi. Puqaralıq jámiyettiń jetiskenlik dárejesi puqaralardıń siyasiy hám jámáát shólkemlerine birlesiw dárejesi, siyasiy hám jámáátlik shólkemlerdiń tásiri hám rawajlanıw dárejesi menen belgilenedi.

Puqaralıq jámiyet qurıwda puqaralardıń ózi-ózin basqarıw organları áhmiyetli bolıp esaplanadı. Ǵárezsizlik qolǵa kirgizilgennen soń, pútkil elimiz aymaqları – qala, rayon, awıl hám máxállelerde jańa turmıs qálpin qáliplestiriwde, jámiyette adamnıń rolin asırıwda, ózin-ózi basqara alıw pázıyletlerin arttırıwǵa óz turmısın ózi qurıw baǵdarların kúndelikli xızmetke aylandırıwda máhálle imkaniyatlarınan paydalanıw zárúr. Máhálle - ózin-ózin basqarıwdıń tiykarǵı buwını. Bul xalıqtıń sociallıq máselelerin sheshiwde áhmiyetli rol oynaydı. Máhállede hár bir adamnıń táǵdiri, arzıw-ármanı, turmısqa hám adamlarǵa múnásebeti qatań baqlawda turadı, olar biri-biri menen esaplasıp jasaydı.

«Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları haqqında»ǵı Nızam 1993 jılı sentyabrde, 1999 jılı aprel aylarında qabıl etildi.

Insaniyat tariyxında jańa dáwir - Insan huqıqları dáwiri baslandı. Birlesken Milletler Shólkemi 1995-2005 jıllardı «Insan huqıqları on jıllıǵı», dep belgiledi. Ózbekstannıń birinshi Prezidenti I.A. Karimovtıń bayanatlarında insan huqıqları tarawında ámelge asırıw lazım bolǵan tómendegi bes strategiyalıq baǵdar belgilep berilgen edi:

1. Insan huqıqları hám erkinliklerin qorǵawdıń nátiyjeli mexanizmin támiynlew;

2. Insan huqıqları boyınsha xalıqaralıq huqıqtıń ulıwma qabıl etilgen principleri hám normaları tiykarında milliy nızamshılıqtı rawajlandırıw;

3. Qabıl etilgen nızamlarǵa boysınatuǵın mexanizmdi islep shıǵıw hám jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawlarında nızam ústemligin támiynlew;

4. Sud reformaların ámelge asırıw jolı menen sud sistemasın demokratiyalastırıw;

5. Xalıq, ásirese, jaslar hám ámeldegi adamlar, huqıq-tártip shólkemleri xızmetkerleri arsında huqıqıy tárbiya islerin túpten jaqsılaw olardıń huqıqıy sanasın hám mádeniyatın asırıw.

Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen soń ótken qısqa dáwir ishinde insannıń huqıqların sáwlelendiriwshi, qorǵawshı, olardıń túrli tarawlarındaǵı xızmetlerin tártipke salıwshı 300 den artıq nızam hám Prezidenttiń qabıl etildi. Ózbekstan insan huqıqları boyınsha 40 jaqın xalıq-aralıq shártnamaǵa qosıldı.

Ózbekstan Respublikasında insan huqıqları hám erkinliklerin qorǵaw, xalıqaralıq huqıqtı qorǵaw shólkemleri menen baylanıstı keneytiw maqsetinde 1996 jılı 31 oktyabr kúni Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy Orayın dúziw haqqında» pármanı shıqtı.

Ózbekstan insan huqıqları hám erkinliklerin támiyinlew boyınsha erkin siyasatın qatań dawam ettirmekte hám bul siyasat xalıq aralıq jámiyetshilik tárepinen tán alınbaqta. Mısal ushın, ótken dáwir dawamında sud-huqıq sistemasın reformalaw hám jınayat nızamshılıǵın liberallastırıw boyınsha ámelge asırılǵan reformalar izbe-izligin tómendegi basqıshlarǵa ajıratıw múmkin:

Birinshi basqısh, 1991-2000-jıllardı óz ishine alıp, bul dáwirde, jańa mámleket hám jámiyet tiklewdiń aqılǵa muwapıq strategiyası islep shıǵıldı. Sud hákimiyatınıń ǵárezsizligin támiyinlewdiń huqıqıy tiykarları jaratılıp, mámleketimiz tariyxında birinshi ret Konstituciyalıq sud tiklenip, jańa mazmundaǵı ulıwma yurisdikciya sudları, xojalıq sudları engizildi. «Sudlar

haqqında»ǵı Nızam, jınayat kodeksi, jınayat-processual kodeksi, ádil sudlawǵa tán basqa Nızamshılıq bazasi júzege keldi.

Ekinshi basqısh, 2001-2009-jıllardı óz ishine alıp, bul basqısh avtiv demokratiyalıq jańalanıwlar hám mámleketti modernizaciyalaw dáwiri bolıp, bunda ekonomikanıń turaqlı rawajlanıw, siyasiy turmıs, Nızamshılıq, sud-huqıq sisteması hám sociallıq tarawlardı sistemalı reformalaw támiyinlendi.

Úshinshi basqısh, 2010-jıldan 2016-jılǵa shekem bolǵan dáwirdi óz ishine alıp, usı basqıshtaǵı sud-huqıq reformaları Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2010-jıl 12-dekabrde Oliy Majlis Nızamshılıq palatası hám Senatınıń qospa jıynalısında sóylegen «Mámleketimizde demokratiyalıq reformalardı jáne de tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw Koncepciyası» menen baylanıslı. Onda kúshli puqaralıq jámiyetine tiykarlanǵan huqıqıy mámleket tiklewde sud-huqıq sistemasın sistemalı reformalawdıń eń áhmiyetli tárepleri sáwlelendi.

Tórtinshi basqısh, 2016-jıl sentyabr ayınan keyingi dáwir bolıp, bul basqıshta Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2016-jıl 21-oktyabrdegi «Sud-huqıq sistemasın jáne de reformalaw, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin isenimli qorǵaw kepilliklerin kúsheytiw shara-ilajları haqqında»ǵı Pármanı, 2017-jıl 7-fevraldaǵı Pármanı menen tastıyıqlanǵan «2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes jetekshi baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası», 2017-jıl 20-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikası sud sisteması strukturasın túp-tiykarınan jetilistiriw hám xızmet ónimdarlıǵın arttırıw shara-ilajları haqqında»ǵı Pármanınıń qabıllanıwı menen sapa jaǵınan jańa dáwir baslandı.

Mámleketimizde qamalǵanlardı ápiw etiw instituti engizildi. Keyingi úsh jılda jeti mártebe ápiw daǵazalandı. Nátiyjede qılmısınan shın kewilden pushayman bolıp, dúzeliw jolına qatań ótken 4 mıńǵa jaqın jınayatshı jazanı ótew orınlarınan azat etildi. Jaslarımız ortasında salamat turmıs tárizin bekkemlew, ásirese, olardıń derlik 50 payızın quraytuǵın qız balalardı turmısqa tayarlaw,

jámlespegen jaslar menen islew, shańaraqlardıń ajırasıwlar, óspirimler arasında jınayatshılıq jaǵdaylarınıń aldın alıw aktual wazıypa bolıp qalmaqta.

Usı jıldıń ótken dáwirinde jaslar jınayatshılıǵı 2018 jılǵa salıstırǵanda 37 procentke azayǵanı, adasıp qáte jolǵa kirgen, óz qılmısınan shın kewilden pushayman bolǵan 599 shaxs Jaslar awqamı kepilligi tiykarında sud zalınan azat etilip, olarǵa jeńil jaza túrleri tayınlanǵanı jámiyetimizde keshirimlilik, miyrim shápáát hám óz-ara isenim ortalıǵın kúsheytiw jolındaǵı jańa qádem bolıp tabıladı. Ǵárezsizlik bayramı qarsańında Qaraqalpaqstan Respublikası Jaslıq qorǵanındaǵı jazanı orınlaw koloniyası jabılǵanı insanıylıq siyasattıń jáne bir kórinisi boldı. Bul tariyxıy qádem mámleketimizde insan huqıq hám erkinliklerin qorǵaw waqtınshalıq kampaniya emes, al mámleket siyasatı dárejesindegi úzliksiz process ekenin kórsetedi. Jas shańaraqlardı zamanagóy úy-jaylar menen támiyinlew, jaslardı jumısqa ornalastırıw, kásip-ónerge tayarlaw hám qayta tayarlaw boyınsha belgilengen úlken kólemdegi isler izbe-iz dawam ettiriledi. Jaslardıń mámleketimiz turmısındaǵı demokratiyalıq processlerde belsene qatnasıwına, olardıń siyasiy hám social potencialın arttırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıwımız kerek. Bul baǵdarda óz quramında 7 million 680 mıń aǵzanı birlestirgen Jaslar awqamı tárepinen orınlarda alıp barılıp atırǵan jumıslardı jáne de kúsheytiw zárúr ekenligin atap ótiw kerek. Usı bes baslama tiykarında jaslardıń biznes proektleri ushın «Jaslar - keleshegimiz» fondı tárepinen búgingi kúnge shekem 692 milliard 400 million somlıq jeńilletilgen kreditler ajıratılıp, 25 mıńǵa jaqın jańa jumıs ornı jaratılǵanı, Respublikamız boyınsha 125 dana «Jaslar miynet gúzarı», 19 dana «Jas isbilermenler» kovorking orayı paydalanıwǵa tapsırilgani itibarlı bolıp tabıladı.

## 3-Tema. 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmietli baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası.

**Jobası:**

1.2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıyadıń bes ústinlikke iye baǵdarları boyınsha Háreketler strategiyasınıń islep shıǵılıwı, turmısqa engiziliwi hám onıń áhmiyeti.

2. Mámleket hám jámiyet qurılısı sistemasın jetilistiriw.

3.Nızam ústinligin támiyinlew sud-huqıq sistemasın jáne de reforma etiwdin aldıńģı baģdarları.

4.Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń aldıńģı baģdarları.

5.Sociallıq salanı rawajlandırıwdıń aldıńģı baģdarları.

6.Qáwipsizlik. Milletler arasında tatıwlıq hám diniy keń peyillikti támiiynlew hám de tereń oylanģan, óz-ara mápdarlı hám ámeliy sırtqı tarawdaģı aldıńģı baģdarlar.

**Ádebiyatlar:**

1.Левитин Л. Ўзбекистон туб бурилиш палласида. - Тошкент: Ўзбекистон, 2005.

2.Мустақил Ўзбекистон тарихи. Масъул муҳаррир А.Сабиров. - Тошкент: Академия, 2013.

3.Новейшая история Узбекистана. Руководителъ проекта и редактор: М.А.Рахимов. - Тошкент: Адабиёт учқунлари, 2018.

4.Эркаев А. Ўзбекистон йўли. - Тошкент: Маънавият, 2011.

5.Усманов К., Шернов Ш. ва бошқалар. Ўзбекистон сиесий ва ҳуқуқий ислоҳатлар сари. Т. «Университет» 1996.

2016-jıldıń sentyabrinde mámleketimiz basshısınıń húkimetke kelgennen keyingi dáwir esaplanıp, tikkeley bul dáwir shın mániste mámleketimizde jańalanıw dáwiri menen anıqlama beriledi. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyev Jańa jıl qarsańında – 2016-jıldıń 30-dekabr kúni mámleketimizdiń jetekshi ilim wákilleri, ilimiy elitasi menen ushırasıw ótkeredi. Ushırasıwda húkimet aģzaları, ministrlik hám keńseler, mámleketlik hám jámiyetlik shólkemler, kommerciyalıq bankler basshıları, Ilimler akademiyası aģzaları, jetekshi joqarı oqıw orınları rektorları qatnastı. Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov jetekshiliginde ilim hám islep shıģarıw sherikligin bekkemlew, bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw, innovaciyalıq ekonomikanıń rawajlanıwına ayrıqsha itibar qaratılģanın aytıp ótken edi. Áyne usı ushırasıw Jańa Ózbekstannıń rawajlanıwında ilim-pándi jańa basqıshqa kóteriwge qaratılģan dáslepki qádem boldı desek asıra aytqan bolmaymız. Atap aytqanda usı ushırasıwda mámleketimiz sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwında ilim-pánniń

ornın jáne de bekkemlew, akademikler iskerligin hár tárepleme qollap-quwatlaw, joqarı maman ilimiy kadrlar tayarlaw sapasın asırıwdı xoshametlew maqsetinde birqatar zárúrli ilajlar belgilep beredi. Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev ekonomikamızdıń barlıq tarawları rawajlanıwında ilim-pánniń ornı, áhmiyeti oǵada úlken ekeni, buǵan baylanıslı mámleketimiz birinshi náwbette Ilimler akademiyası hám ilimpazlarǵa súyeniwin, ilim hám islep shıǵarıw sherikligi búgin júdá aktual ekenin ayrıqsha aytıp ótken edi. Áyne mine sonnan keyin Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıldıń 7-fevral kúngi «Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı Pármanı menen 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes jetekshi baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası qabıllandı.

Strategiya joybarı áhmiyetli hám de xalıq hám isbilermendi oylandırıp atırǵan máselelerdi kompleks úyreniw, nızamshılıq, huqıqtı qorǵaw ámeliyatı hám sırt el tájiriybesin analizlew juwmaqları boyınsha islep shıǵıldı.

Háreketler strategiyası bes basqıshta ámelge asırılıp, olardıń hár biri boyınsha jıl atalıwınan kelip shıqqan halda bólek bir jıllıq baǵdarlama tastıyıqlawdı názerde tutadı.

Usı strategiyanıń bes baǵdarı:

1.Mámleket hám jámiyet dúzilisi sistemasın rawajlandırıw;

2.Nızam ústinligin támiyinlew hám sud-huqıq sistemasın jáne de reformalaw;

3. Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıw;

4. Sociallıq tarawdı rawjalandırıw;

5. Qáwipsizlik, milletlerara tatıwlıq hám diniy bawırıkeńlikti támiyinlew hám de tereń oylanǵan, ózara máptarlı hám ámeliy ruwxtaǵı sırtqı siyasattı ámelge asırıw.

Usı strategiyanıń birinshi baǵdarı «**Mámleket hám jámiyet dúzilisi sistemasın rawajlandırıwdıń**» tiykarǵı baǵdarları:

- Atqarıwshı hákimiyat organlarınıń jumısların jedellestiriw;
- Xalıqtıń múrájetlerin sapalı kórip shıǵıwdı jedellestriw;
- Parlament penen atqarıwshı hákimiyat baylanısın kúsheyittiriw;

- Hákimiyattıń oraylaspaǵan sistemasına ótiw;

- Mámleketlik xızmetler kórsetiw sistemasın rawajlandırıw;

- Mámleketlik uyımlar xızmetkerleriniń sanın basqıshpa-basqısh qısqartıw.

“Parlament qadaǵalawı haqqinda”gi Nızamǵa muwapıq 2017-2021-jıllarda deputatlar tárepinen sawlawshılar menen ótkerilgen jıyınında kóterilgen aktual máseleler boyınsha mámleket shólkemleri hám xojalıq basqarıwı shólkemleri lawazımlı shaxslarınıń túsinikler beriw boyınsha jámi 1630 deputatlıq sorawı jiberilgen.

Sonıń menen birge, 2018-2021-jıllarda Nızamshılıq palatası jıynalıslarında mámleket hám xojalıq basqarıwı shólkemleri basshılarınıń nızam hújjetlerinde belgilengen kepillikleri sheńberinde hám de olar iskerligine tiyisli máseleler boyınsha jámi 76 ret maǵlıwmat esitildi.

“Húkimet saati” instituti engizildi. Bul deputatlardıń sorawlarına húkimet aǵzalarınıń juwapların tıńlaw. Atap aytqanda, 2018-2021-jıllarda 30 márte “húkimet saati” ótkerilgen bolıp, olarda 41 húkimet aǵzası deputatlar sorawlarına juwap berdi.

2017-2021-jıllarda Prezident virtual qabılńawxanası hám Xalıq qabıllawxanalarıǵa kelip túsken 5 million 780 mińnan aslam múrájetler kórip shıǵılıp, olardıń 3 million 288 mıńnan aslamı qánaatlantırıldı. Múrájetlerdıń tolıq, waqıtında hám nızam hújjetleri tiykarında kórip shıǵılıwı sebepli olardıń qánaatlanıw dárejesi jıldan-jılǵa artıp barıp atır.

Mámleketlik xızmetler orayı tárepinen kórsetilgen xızmet túrleri sanı 2018 jıńǵı 37den, 2020 jılı 143ke ósti.

Strategiyanıń 2-baǵdarı boyınsha támendegiler názerde tutılǵan edi:

- Sud hákimiyatınıń ǵárezsizligin támiyinlew, sudtıń abıroyın asırıw, sud sistemasın demokratlastırıw hám rawajlandırıw;

- Puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin isenimli qorǵaw kepilliklerin támiyinlew;

- Hákimshilik, jınayat, puqaralıq hám xojalıq nızamshılıqların rawajlandırıw;

- Jınayatshılıqqa qarsı gúresiw hám huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw sistemasın rawajlandırıw;

- Sud-huqıq sistemasında nızamshılıqtı jáne de bekkemlew;

- Yuridikalıq járdem kórsetiw sistemasın rawajlandırıw.

Reformalar processinde sudyalıq lawazımlarına kandidatlardıń ilmiy tájriybe talapları hám tańlaw mexanizmleri bekkemlendi. Sudyalıqqa kandidatlar ushın jas shegarası 35 jasqa kóterildi.

Endigide sudyalar dáslepki 5 jıllıq, keyin 10 jıllıq hám múddetsiz múddetke tayınlanadı yamasa saylanadı, bul bolsa sud sisteması turaqlılıǵındı támiyinleydi hám sudyalar ǵárezsizligin bekkemleydi.

Bul ilaj sudyalar iskerliginiń tiykarǵı kepilligi - olar ǵárezsizliginiń zárúrli elementlerinen birine aylandı. Búgingi kúni bul norma huqıq-qorǵaw sistemasında tolıq qóllanıp atır.

Tergewdiń tolıq emesligin sud processi dawamında tolıqtırıw mexanizmlerin engiziw arqalı sud tárepinen jınayat isin qosımsha tergewge qaytarıw institutı biykar etildi.

Puqaralıq isi boyınsha sud qararın baqlaw tártibinde qayta kórip shıǵıw múddeti 3 jıldan 1 jılǵa qısqartıldı.

Sud jumısların qadaǵalaw tártibinde kóriw institutı, sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikası Joqarı sudı baslıǵı, Bas prokurori hám olardıń orınbasarlarınıń suddıń húkimleri hám qararlarına ústinen qadaǵalaw tártibinde protest keltiriw huqıqları biykar etildi.

2021-jıl basınan «bir sud - bir instanciya» principi engizildi. Bul princip bir sud bir anıq jumıstı tek bir ret kóriw huqıqına iye ekenligin ańlatadı. Soǵan kóre, bul suddıń sheshimi ústinen shaǵım basqa, joqarı sud tárepinen kórip shıǵılıwı kerek.

Sudyalardıń hadallıǵın támiyinlew, korrupciyanıń aldın alıw maqsetinde Sud inspeksiyası dúzildi. Sud-huqıq sistemasına zamanagóy informaciyalıq-kommunikaciya texnologiyaları engizilip atır.

Ózbekstan Respublikası Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi dúzildi. Agentlik tárepinen korrupciyaǵa qarsı gúresiw institutsional hám sistemalı tiykarda alıp barılıwı belgilendi. Ózbekstan Respublikası Oliy Májlis palatalarında Sud-huqıq máseleleri hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw komiteti dúzildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyev tárepinen apiw etiw sisteması jolǵa qoyıldı. 2017-2021-jıllarda jazanı ótep atırǵan derlik 6 mıń jazalanǵanlarǵa apiw etiw akti qollanildi.

Aqırǵı 5 jılda 3513 shaxs, 2021-jıldıń ózinde bolsa 743 shaxs aqlandı. Bunnan tısqarı, 18 026 shaxs sud zalidan azat etildi, 33 515 puqaraǵa qoyılǵan ayıplawlar biykar etildi yamasa ózgertirildi.

2018-2021-jıllarda gender teńligin támiyinlew, hayal-qızlardı qollap-quwatlaw, mámleket hám jámiyeti basqarıw daǵı rolin asırıwǵa tiyisli 2 Nızam, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 6 párman hám biyligi, 16 Húkimet biyligi qabıllandı.

Ózbekstan Respublikasınıń Gender teńligi boyınsha komissiyası dúzildi. Hayal senatorlar sanı derlik 30 procentke, hayal deputatlar sanı bolsa 50 procentke astı.

2017-2021-jıllarda insan huqıq hám máplerin qorǵaw boyınsha zárúrli qádemler qoyıldı. Atap aytqanda, uzaq jıllar dawamında mámleket xalqı ushın awrıwlı másele bolıp kelgen «propiska» sisteması tupten ózgerdi.

2018-2021-jıllarda puqaralıqqa qabıllaw sistemasın ápiwayılastırıw nátiyjesinde 70 mińnan aslam kisi Ózbekstan Respublikası puqaralıǵına qabıllandı.

Fizikalıq shaxslar bajıxana aymaǵına kiriw hám odan shıǵıwda byurokratiyalıq tosqınlıqlardı kemeytiw ushın «jasıl» hám «qızıl» koridorlar sisteması engizildi.

Eger ilgeri Ózbekstan Respublikasına kiriwde jolawshı bajıxana qadaǵalawınan ótiwde ortasha 2 saatqa shekem waqıt sarplaǵan bolsa, endi shegara hám bajıxana qadaǵalawınan ótiw tártibi ortasha 30 minutadan 1 saatqa shekem dawam etedi.

**«Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıw»** baǵdarı boyınsha:

-Makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew;
-Inflyatsiyanıń dárejesin páseiyttiriw;
-Salıqlardı kemeytiw hám ápiwayılastırıw;
-Ekonomikanıń tarawların diversifikaciya etiw;
-Awıl xojalıǵın rawajlandırıw.

Sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw tarawında, sońǵı jıllarda mámleket hám jámiyet basqarıwı, sud-huqıq sistemasın jetilistiriw, mámleketimizdiń qorǵanıw qúdiretin bekkemlew, haqıyqıy bazar ekonomikasına ótiw boyınsha úlken isler ámelge asırılmaqta. Jeke múlk hám isbilermenlik ushın keń sharayat hám imkániyatlar jaratıp berilmekte.

Awıl xojalıǵında túp reformalar alıp barılmaqta. Mısal ushın awıl xojalıǵında zamanagóy, perspektivalı tarmaqlarǵa tiykar salıw, klaster sistemasın jolǵa qoyıw, fermer xojalıqlarınıń nátiyjeliligin kúsheytiw boyınsha ámeliy isler alıp barılmaqta.

Usı strategiyanıń **«Sociallıq tarawdı rawajlandırıw»** dep atalǵan tórtinshi baǵdarı xalıq, ásirese jaslardıń bántligin támiyinlew, puqaralardı sociallıq qorǵaw hám salamatlıǵın saqlaw, ilim, tálim, mádeniyat hám sport tarawın jetilistiriw, jol-transport, injenerlik-kommunikaciya hám de sociallıq infradúzilmeni rawajlandırıw ilajların ámelge asırıw maqsetlerine qaratılǵan edi. Bul sheńberde mámleketimizdiń hárbir jılında puqaralardıń ilim alıwǵa qaratılǵan atamalar berilip, bul sheńberde keń kólemli strategiyalıq reformalar alıp barıldı. Atap aytqanda, 2017-jılda «Xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı» Mámleketlik baǵdarlaması; 2018-jılda «Aktiv isbilermenlik, innovaciyalıq ideyalar hám texnologiyalardı qollap-quwatlaw jılı» Mámleketlik baǵdarlaması; 2019-jılda «Aktiv investiciyalar hám sociallıq rawajlanıw jılı» Mámleket baǵdarlaması ámelge asırıldı. 2020-jılda «Ilim, bilim hám sanlı ekonomikanı rawajlandırıw jılı» Mámleketlik baǵdarlaması tiykarında belgilengen ilajlar ámelge asırıp kelinbekte.

Atap aytqanda usı birinshi dáwirde ótken 5 jıl ishinde Ózbekstannıń **sociallıq tarawdı rawajlandırıwdıń jetekshi baǵdarları** boyınsha siyasatı túpten ózgerdi. Atap aytqanda, Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri tarmaǵın keńeytiw, olardıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hám jańa baqshalardı salıw ushın

2017-2021-jıllarda mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın jáne de jetilistiriw Baǵdarlaması hám de 2030-jılǵa shekem mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıw dárejesin 80,8 procentke jetkiziw maqset etilgen mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw Koncepciyası tastıyıqlandı.

Ámelge asırılǵan reformalar nátiyjesinde balalardı mektepge shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıw dárejesi 27,7 procentten 62,4 procentke, MShTlar sanı 5211 den 19316 ǵa jetkizildi.

Mámlekette Prezident mektepleri, arnawlı intalı balalar mektepleri, dóretiwshilik mektepleri hám «Temurbekler mektebi» dúzildi. Keń jámiyetshilik hám ata-analardıń oy-órisleri tiykarında jurtımızda 11 jıllıq májburiy mektep bilimlendiriwi qayta tiklendi.

Mámlekette joqarı bilimlendiriw sistemasın reformalawdıń jetekshi baǵdarların belgilew, kadrlar tayarlaw procesin sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóteriw, joqarı bilimlendiriwdi modernizaciyalaw, aldıńǵı tálim texnologiyaları tiykarında sociallıq tarawdıń hám ekonomika tarmaqların rawajlandırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyası tastıyıqlandı.

2017-2021-jıllarda joqarı oqıw orınları sanı eki ese asırılıp, 2016-jıldaǵı 77 den 141 ge jetti, joqarı bilimlendiriwge qabıllaw kvotası da 3 ese asırılıp, 28 procentke jetkizildi. 2022-jılda bul kórsetkish 38 procentke jetkizildi. Jas hayal-qızlardıń bilim alıwı ushın qosımsha múmkinshilik jaratılıp, 3 mıńnan artıq qız ushın bólek grantlar ajıratılǵanın da aytıp ótiw maqsetke muwapıq.

Ózbekstanda ámelge asırılıp atırǵan sistemalı reformalar ilim hám innovaciyalarda kóplegen kemshiliklerdi saplastırdı, nátiyjede Global innovaciya indeksi (Global Innovation Index) esabatı nátiyjesi boyınsha, respublika reytingi 29 poziciyaga jaqsılandı hám 131 mámleket arasında 93-orındı iyeledi.

Ózbekstanda jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı jańa basqıshqa alıp shıǵıw, tarawdaǵı máselelerge sheshim tabıw, wákillikli organlar iskerligin nátiyjeli shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw maqsetinde 2020-jılda mámleketlik organ – Jaslar isleri agentligine tiykar salındı.

Jaslar menen baylanıslı mashqalalardı sheshiw maqsetinde, Oliy Majlis Senatında Jaslar, mádeniyat hám sport máseleleri komiteti dúzildi, Oliy Majlis Nızamshılıq palatasında bolsa Jaslar máseleleri boyınsha komissiya iskerligi jolǵa qoyıldı.

2017-2021 jıllarda jurtımızdań uqıplı hám belsendi ul-qızlarınan 795 i mámleketlik sıylıqqa iye boldı. Atap aytqanda, 142 jigit «Márt uǵlan» mámleketlik sıylıǵı, 61 jas bolsa «Keleshek qurılısshısı» medalı, 592 i «Ózbekstan belgisi» kókirek nıshanı menen sıylıqlandı.

2021-jıldan baslap jaslardıń «Bizneske birinshi qádem» startap ideyaları tańlawı sheńberinde hárbir rayon hám qalada keminde úsh jeńimpazǵa bazalıq esaplaw muǵdarınıń 200 esesine shekem mámleketlik byudjetten grantlar beriw ámeliyatı jolǵa qoyıldı.

Jaslar bántligin támiyinlew, olardıń máselelerin sheshiwge qaratılǵan jańa sistema – «Jaslar dápteri» hám «Jaslar baǵdarlamaları» engizildi. Sistemanı sanlastırıw, jaslarǵa berilip atırǵan jeńillikler ashıqlıǵın támiyinlew, orınlarda ámelge asırılıp atırǵan islerdi úsh basqıshta monıtoring etip barıw imkaniyatın beretuǵın «yoshlardaftari.uz» birden-bir elektron platformasi iske túsirildi.

Bul dáwirdiń jáne bir tárepi áhmiyetli esaplanadı. 2020-jıl 23-sentyabrde Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı qabıllandı. Bul nızamda Jańa Ózbekstan rawajlanıwında bilimlendiriw tarawıdaǵı qatnaslardı tártipke salıwdıń jańa tártipleri belgilendi. Onda mámleketimizde tálimniń bilimlendiriw tarawıdaǵı tiykarǵı principleri belgilep berildi. Atap aytqanda:

tálim ústinliginiń tán alınıwı;

tálim alıw formasın tańlaw erkinligi;

tálim tarawında kemsitiwlerge jol qoyılmawı;

tálim alıwǵa tiyisli teń múmkinshiliklerdiń támiyinleniwi;

tálim hám tárbiyaǵa milliy hám de ulıwma insanıylıq qádiriyatlardıń sińirilgenligi;

tálim hám tárbiyanıń insanıylıq, demokratiyalıq ózgesheligi;

tálimniń úzliksizligi hám izbe-izligi;

on bir jıllıq tálimniń hám de altı jastan jeti jasqa deyingi balalardı bir jıl dawamında ulıwma orta bilim beriwge tayarlawdıń májbúriyligi;

mámleket tálim standartları hám mámleket tálim talapları sheńberinde bilim alıwdıń hámme ushın ashıqlığı;

oqıw bağdarlamaların tańlawğa tiyisli jantasıwdıń birden-birligi hám siyasiy toparlarğa bólingenligi;

insannıń pútkil turmısı dawamında bilim alıwı;

jámiyette pedagoglardı sociallıq qorğawdıń kepillik berilgenligi;

bilimlendiriw sistemasınıń dúnyalıq ózgeshelikke iyligi;

bilimlilik, qábiletlilik hám uqıptıń xoshametlendiriliwi;

bilimlendiriw sistemasında mámleket hám jámiyetlik basqarıwdıń muwapıqlığı;

bilimlendiriw iskerligi tarawındağı ashıqlıq hám áshqaralıq.

Ásirese jańa redakciyadağı nızamda mámleketimizde bilimlendiriw forması hám mazmunı keń ashıp berildi. Atap aytqanda, Nızamnıń 7-statyasında tálim túrleri tómendegilerden ibarat ekenligi belgilendi: mektepge shekem bilimlendiriw hám tárbiya; ulıwma orta hám orta arnawlı bilimlendiriw; professional bilimlendiriw; joqarı bilimlendiriw; joqarı bilimlendiriwden keyingi tálim; kadrlardı qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin asırıw; mektepten tısqarı bilimlendiriw túrleri belgileniwi shın mánide jurtımızda tálim-tárbiya úzliksizligin támiyinlewge qaratılğan insanıylıq siyasat esaplanadı.

Strategiyanıń besinshi bağdarı **«Qáwipsizlik, milletlerara tatıwlıq hám diniy bawırıkeńlikti támiyinlew hám de tereń oylanğan, ózara máptarlı hám ámeliy ruwxtağı sırtqı siyasattı ámelge asırıw**» boyınsha:

1. Kiberqáwipsizlik tarawındağı normativ-huqıqıy bazanı rawajlandırıwğa tiyisli Ministrler Kabinetiniń qararı rejesin islep shığıw

2.Milliy kontentti rawajlandırıw, Mámleket tilindegi bilim, ilimiy-ruwxıy, jaslar talaplarına say zamanagóy málimleme resursların, multimedia ónimlerin jaratıw hám úgit-násiyatlaw mexanizmlerin rawajlandırıw.

3.Ayrıqsha jaǵdaylar haqqında xabar beriw hám xalıqtı xabardar qılıw sistemasın shólkemlestiriw hám rawajlandırıw boyınsha is-ilajlardı ámelge asırıw.

4.Ayrıqsha jaǵdaylarda xalıqtıń háreketlerge tayarlıǵın asırıw boyınsha sistemalı is-ilajlardı ámelge asırıw.

5.Tábiyiy, texnogen hám ekologiyalıq xarakterdegi ayrıqsha jaǵdaylar itimallıǵın monitoring hám prognozlastırıwdıń birden-bir sistemasın islep shıǵıw.

Bul baǵdarda 2017-2021-jillarda diniy bawrıkenlikti tamiyinlew tarawında bir neshshe is ilajlar amelge asirildi. Atap aytqanda BMSh Bas Assambleyası 2018-jıldıń 12-dekabr sánesinde ótkerilgen jıynalısında "Ruwxıylıq hám diniy bawrıkenlik" dep atalǵan arnawlı rezolyuciyanı qabıl etiw usınıs 2017-jıl sentyabr ayında BMSh Bas Assambleyasınıń Nyu-Yorktaǵı 72-sessiyasında Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyev tárepienen alǵa súrildi.

2018-jıldıń 16-aprelinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyev "Diniy–mádeniy taraw iskerligin túpten jetilistiriw is-ilajları haqqında"ǵı PF-5416-sanlı Pármanın qabılladı. Bul hújjet Ózbekstanda diniy tılim sistemasınıń úzliksizligin tamiyinlewge qaratılǵan: baslangısh basqıshtan (orta arnawlı islam yalim shólkemleri yaki medreseler) baslap, joqarı hám onnan keying diniy tálimge shekem.

Bunnan tısqarı, Din isleri boyınsha shólkem quramında hayallar menen islew bólimi shólkemlestirildi, sonın menen birge, bul jónelistegi jumıslardı tekserip barıwshı basshı orınbasarı lawazımıda járiyalandı. Hayal-qızlar ortasında ruwxıy-manawiy jumıslardı muwapıqlastırıw boyınsha topar shólkemlestirildi. Sonıń menen birge Ózbekstan xalıqaralıq Islam akademiyası shólkemlestirildi, "Ziyo" mediya orayı Islam akademiyasına qaraslı etip ashıldı, "Vaqf" qayırqomlıq jámáát fondı shólkemlestirildi.

2018-jıldıń yanvar-aprel aylarında Respublika kóleminde bir neshe basqıshtan ibarat (rayon, qala, walayat, respublika) Qurani Kárim tilawatı boyınsha qariyalardıń ashıq bellesiwi shólkemlestirilip, onda 5 mıńnan ziyat qatnasıwshı qatnastı.

2018-jıldan baslap "Umra" saparı kvotası 6000nan 10 000ǵa asırıldı. Búgingi kúnge kelip "Umra" etiwshi puqaralar sanı 30000ǵa jetti. "Haj" bolsa 5000nan 7,200ge kobeydi.

Bul is ilajlardıń barshesi elimizde diniy bawrıkeńlik boyınsha alıp barılǵan ashıq aydın ámeller bolıp esaplanadı.

Prezidentimiz Ǵárezsizliktiń 28 jıllıǵı bayramında «Milliy tikleniwden – milliy rawajlanıwǵa qaray» degen iygilikli ideyanıń búgingi rawajlanıw dáwiriniń baslı uranı ekenin ayrıqsha atap ótti. Haqıyqatında da, «Bunnan jigirma segiz jıl aldın Birinshi Prezidentimiz, húrmetli Islam Abduǵanievich Karimov xalqımız hám jáhán jámiyetshiligine Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik ǵárezsizligin daǵazaladı. Ótken qısqa dáwirde Ózbekstan mashaqatlı, sonıń menen birge, dańqlı ǵárezsizlik jolın basıp ótti. Márt hám jigerli xalqımız qanshelli qıyın hám awır sınawlarǵa dus kelmesin, óziniń bekkem jigerliligin kórsetip, ózi tańlap alǵan ǵárezsizlik jolına mudamı sadıq bolıp kelmekte.

Búgin Ózbekstan óz rawajlanıwınıń jańa basqıshına isenimli qádem qoymaqta. Mámleketimizdi modernizaciyalaw, insan huqıq hám erkinliklerin, nızam ústinligin támiyinlew tiykarında Ózbekstannıń jańa, demokratiyalıq kelbeti jaratılmaqta. Bul boyınsha Háreketler strategiyasında belgilep berilgen «Milliy tikleniwden – milliy rawajlanıwǵa qaray» degen baslı ideya biz ushın úlgi bolıp xızmet etpekte. Milliy rawajlanıw degende, biz mámleketimiz rawajlanıwı, xalqımızdıń turmıs dárejesi hám sapasın hár tárepleme joqarı basqıshqa kóteriwdi túsinemiz.

Jurtımızda sociallıq rawajlanıw boyınsha ózine tán sistema qáliplespekte. Bul boyınsha «Abat awıl», «Abat máhálle», «Jaslar – keleshegimiz», «Bes unamlı baslama» sıyaqlı baǵdarlamalarımız xalıqtı jańasha pikirlew hám islewge baǵdarlawda áhmiyetli rol oynamaqta. Bunıń nátiyjesinde júzlep rayon, qala hám awıllardıń arxitekturalıq kelbeti túpten jańalanbaqta. Mısal ushın, pútkil mámleket boylap keń qulash jayıp atırgan 5 ÁHMIYETLI BASLAMAnı ámelge asırıwda júdá úlken iygilikli ideya, hikmet, ilimiy sana ónimi bolǵan ullı maqsetler bar. Sonnan, perzentlerimizdi muzıka, súwretshilik, ádebiyat, teatr hám kórkem óner

menen dos qılıwǵa qaratılǵan BIRINShI BASLAMA joqarı talǵam, joqarı parasat iyelerin tárbiyalawǵa qaratılǵan umtılıslardı ózinde jámlegen. Aqırı bir ǵana muzıkanıń ózi insan ruwxıyatına teńi tayı joq unamlı tásir etiwshi qúdiretli kúsh esaplanadı. Kórkem óner, shubhasız, insandı, bolmıstı ańlawǵa, onıń ózine tartatuǵın barlıq táreplerin seziniwge úyretedi, jaqsılıqqa shaqıradı. Bul baslama boyınsha 2019-2020-jıllarda 14 ten 30 jasqa shekem bolǵan 2 million jastı mádeniyat hám kórkem óner tarawına tartıw kózde tutılǵan. Sonday-aq, balalar muzıka hám kórkem óner mekteplerinde qosımsha klaslar, mádeniyat oraylarında saz shertiw, qosıq aytıw, súwretlew óneri dógerekleri, háweskerlik teatr jámáátleri hám balalar ansamblleri dúzildi.

EKINShI BASLAMA – jaslardı fizikalıq tárbiya, fizikalıq mádeniyat, sportqa dos etiw – hár tárepleme salamat áwladtı kámalǵa keltiriw degeni. Sebebi tek qáddi-qáwmeti tik, fizikalıq jaqtan kúshli hám salamat, ruwxıy jaqtan tetik, aqılıy jaqtan jetik ul-qızlar ǵana kámillikke dawager boladı. Jaslardıń kompyuter hám internetten nátiyjeli paydalanıwına sharayat jaratıwǵa qaratılǵan.

ÚShINShI BASLAMA keleshegimiz iyeleriniń házirgi informaciya texnologiyaları ásirinde zamanǵa say jasawına imkaniyat jaratadı. Búgin kompyuter – qaǵaz-qálem, kalkulyator, televizor, gazeta dárejesindegi jańa qural, oqıw quralı, zamanagóy bilim deregi. Internet – pútkil xalıq aralıq kitapxana, sheksiz imkániyatlar dúnyası. Jáhánge júz tutıp atırǵan Ózbekstan perzentleri qatar-qurbılarınan artta qalmasın, desek, olar usı qurallardı qollaw kónlikpesin iyelewi shárt.

Jaslar mánewiyatın rawajlandırıw, olar ortasında kitapqumalrıqtı keń úgit-násiyatlaw TÓRTINShI BASLAMANÍŃ tiykarın quraydı. Sebebi, joqarı talǵam, joqarı parasatqa iye, fizikalıq jaqtan salamat, zamanagóy informaciya texnologiyaların puqta iyelegen jaslarımız, álbette, ilimli, sawatlı bolıwı kerek. Bilim, sananı qáliplestiriw deregi bolsa – kitap. Onısız kámalatqa, aǵartıwshılıqqa, mánewiyatqa erisip bolmaydı.

Hayal-qızlardı jumıs penen támiyinlewge qaratılǵan BESINShI BASLAMANÍŃ áhmiyeti de sheksiz. Onıń negizinde jámiyette hayal-qızlar óz

ornına, abıroyına iye bolsın, degen iygilikli maqsetler jámlengen. Bul gender teńligi, múnásip miynet tárbiyası, hayallarımızdı miynetke dos etiw ushın birlemshi sharayat bolǵan jańa jumıs ornı degeni. Bir sóz benen aytqanda, bes baslama – názik talǵamlı, keń sana hám dúnyaǵa kózqarasqa iye, fizikalıq jaqtan hám ruwxıy jaqtan salamat perzentlerimizdiń óz keleshegin isenim menen qurıwı hám de Watan rawajlanıwına úles qosa alatuǵın jetik insan bolıp jetisiwine bekkem tiykar boladı. Bes baslama – mádeniyat, aǵartıwshılıq, mánewiyat hám sport, kompyuter hám informaciya texnologiyaları hám jańa jumıs orınların ózinde birlestirgen birden bir innovaciyalıq aymaq, mákan, ortalıq degeni. Bes baslama – jeke insan kámalatı ushın zárúr bolǵan 5 áhmiyetli faktordı, ózgeshelik, qásiyet, pazıyletti qáliplestiriw ushın biden bir mákanda barlıq zárúr shárt-sharayatlardı jaratıw degendi ańlatadı. Bes baslama – «Jurtımızǵa xızmet etiwde hújdanlı, insaplı hám hadal bolıwımız shárt!», dep qatań wáde bergen, zeyini ótkir, mádeniyatlı, hújdanlı, watansúyer, fizikalıq jaqtan shınıqqan, kreativ pikirleytuǵın, dúnyadaǵı aldıńǵı qatardaǵı qatar-qurbıları menen básekilese alatuǵın jaslardı tárbiyalaw degeni.

Bes baslama – jańalanıp atırǵan Ózbekstannıń jańa áwladın qáliplestiriwdiń eń maqul paradigması – koncepciyası. Eger bul baslamalardıń barlıǵı bir orında, yaǵnıy máhállede jámlesse, biliń, usı máhálle perzentleri baxtıyar er jetedi. Óz jumısına, dáramatına, shańaraq párawanlıǵına erisken usı aymaq hayal-qızlarınan baxıtlı hayallar bolmaydı. Jurtbasımız tárepinen ilgeri súrilgen ideyanıń tiykarǵı qádir-qımbatı hám áhmiyeti de sonda.

Máhállelerde mádeniyat orayları, zamanagóy kitapxanalar, kitap oqıw ushın tınısh orınlar, zamanagóy dógerekler, kompyuter hám tezligi kúshli internet, Wi-Fi aymaqları, kovorking xanaları, sanlı texnologiyalar oqıw orayları, amfiteatrlar, universal sport maydanları qurılmaqta. Bul obektler zárúr oqıw qollanbaları, kórkem ádebiyatlar, muzıka hám saz ásbapları, sport úskeneleri, optik talshıqlı baylanıs liniyalari menen támiyinlebekte. Hayal-qızlarımız ushın turaqlı, múnásip jumıs orınları jaratılap atır. Ilim, tálim-tárbiya, densawlıqtı saqlaw, mádeniyat hám sport tarawlarında da úlken ózgerisler júz bermekte. Biz ulıwma bilimlendiriw

mekteplerine 11 jıllıq sistemanı tikledik. Mektep tálimin rawajlandırıw máselesi ullı ulıwma milliy maqsetke, ulıwmaxalıqlıq háreketke aylanbaqta. Mısal ushın, keyingi jıllarda Prezidentimiz tárepinen xalıq tálimi sistemasına tiyisli 6 párman hám qarar, Ministrler Kabinetiniń 21 qararı qabıl etilip, bul tarawdaǵı reformalardıń huqıqıy-normativ tiykarları bekkemlendi.

Ata-analar, jámáátshiliktiń tilekleri esapqa alınıp, jurtımızda 11 jıllıq mektep tálimi sisteması tiklendi. Sońǵı úsh jılda jurtımızda 157 ulıwma bilimlendiriw mektebi jańadan qurıldı. Ullı babalarımız – Mirza Uluǵbek hám Muhammed Xorezmiy atındaǵı qábiletli balalar mektepleri, Hamid Alimjan hám Zulfiya, Erkin Vohidov, Abdulla Oripov, Ibrayım Yusupov, Ishoqxon Ibrat, Muhammad Yusuf, Halima Xudoyberdieva atları menen atalǵan dóretiwshilik mektepleri, «Temurbekler mektebi», Prezident mektepleri, jeke menshik mektepler sıyaqlı jańa hám zamanagóy úlgidegi bilim dárgayları shólkemlestirilgeni jurtımız perzentleri ushın tálim-tárbiya alıw boyınsha jańa imkaniyatlar ashıp bermekte.

Búgingi kúnde mámleketimizde joqarı bilimlendiriw tarawı da jedel rawajlanbaqta. Tek keyingi úsh jılda 35 jańa joqarı oqıw ornı shólkemlestirildi hám olırdıń ulıwma sanı 112 ke jetti. Bulardıń 13 i abıroylı shet el universitetleriniń filialları ekenin ayrıqsha atap ótiw lazım. Mámleketimizdiń mádeniy turmısında da úlken ózgerisler júz bermekte. Birinshi márte Shahrisabz qalasında Xalıq aralıq maqom kórkem óneri konferenciyası, Termiz qalasında Xalıq aralıq baqsıshılıq óneri festivalı tabıslı ótkizildi. Kúni keshe Samarqand qalasında joqarı sapa hám bálent ruwx penen ótkizilgen «Sharq taronalari» xalıq aralıq muzıka festivalı tákirarlanbas klassik kórkem ónerimizdi jáne bir márte dúnyaǵa kórsetti.

Biz mánewiyat hám aǵartıwshılıq isin watanpárwarlıq isi, hújdan isi, dep bilemiz. Hújdanı, mánewiyatı bar insan Watandı álbette jaqsı kóredi. Hújdan, mánewiyat degeni – xalıqqa, Watanǵa shın júrekten xızmet etiw degeni. Mısal ushın, Ózbekstanda mánewiy jańalanıwlar, eń áweli, til siyasatında óz sáwleleniwin taptı. Haqıyqatında da, ǵárezsizlik qarsańında-aq ózbek tiline mámleketlik til biyliginiń beriliwi úlken tariyxıy áhmiyetke iye waqıya boldı. Mámleketlik til biyligi 1992-jıl dekabrde qabıl etilgen Ózbekstan Respublikası

Konstituciyasında huqıqıy jaqtan bekkemlendi. Konstituciyanıń 4-statyasında «Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik tili ózbek tili» dep atap ótilgen. Ózbekstan Respublikası Oliy Kengashi tárepinen 1993-jıl 2-sentyabrde «Latın jazıwına tiykarlanǵan ózbek álipbesin engiziw haqqında»ǵı Nızam qabıl etildi, jańa álipbe ózbek tiliniń milliy ózgesheliklerin jazıwda tolıǵıraq sáwlelendiriw imkaniyatın berdi. Ǵárezsizlik jıllarında ámelge asırılǵan úlken islerden jáne biri – ilim hám mádeniyat rawajına úlken úles qosqan ullı watanlaslardıń tuwılǵan sáneleri belgileniwine ózbek xalqı mámleketshiligi, ilimi, mádeniyatı tariyxın, despotlıq dúzim jıllarında umıtılǵan ullı babalarımızdıń múbárek atların qayta tiklewdey sawaplı istiń ajıralmas bir bólimi sıpatında qaraldı.

Islam álemi danıshpanları Isa at-Termiziydiń 1200 jıllıǵı, Ismayıl al-Buxoriy tuwılǵanınıń 1225, Abu Mansur al-Moturudiydiń 1130, Mahmud az-Zamaxshariydiń 920, Najmiddin Kubronıń 850, Burxoniddin al-Marǵinoniydiń 910, Bahovuddin Naqshbandtıń 675, Xoja Ahrar Valiydiń 600 jıllıǵı keń túrde belgilendi. Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń 1990-jıl 2-iyundaǵı «Musılmanlardıń Saudiya Arabstanına haj qılıwı haqqında»ǵı Pármanına muwapıq, 1990-jıldan baslap Ózbekstan musılmanları Makka hám Madinaǵa xaj qılıw imkaniyatına iye boldı. Prezidenttiń arnawlı Pármanı menen 1992 jıldan baslap Oraza hayıtı hám Qurban hayıtı kúnleriniń turaqlı túrde bayram qılınıp, dem alıw kúni dep daǵazalanıwı da Ózbekstan húkimetiniń xalqımızdıń áyyemgi úrp-ádet, dástúrlerine bolǵan húrmetiniń belgisi boldı.

Usınday kózqaras pútkil xalqımız, ásirese, jaslarımız tárepinen keń hám qızǵın qollap-quwatlanıp atırǵanı mánewiy tárbiyanıń qanshelli aktual áhmiyetke iye ekenin kórsetedi. Mısal ushın, jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat – jámiyet rawajınıń faktorı sıpatında qaralmaqta. 2016-jıl 14-sentyabrde Ózbekstan Respublikasınıń «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatı haqqında»ǵı jańa Nızamı qabıl etildi. Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat áhmiyetli siyasiy baǵdar sıpatında izshil process bolıp, ol jaslar abıroyı hám turmısı menen baylanıslı bolǵan haqıyqatlıqtıń bas qásiyetlerin ózinde sáwlelendiredi.

Prezidentimizdiń 2017-jıl 5-iyuldaǵı «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat nátiyjeliligin arttırıw hám Ózbekstan jaslar awqamı xızmetin qollap-quwatlaw haqqında»ǵı PF-5106-sanlı Pármanı qabıl etildi. Pármanǵa muwapıq, jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı izshil hám nátiyjeli ámelge asırıw, jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, huqıq hám nızamlıq máplerin qorǵaw sistemasın túpten reformalaw maqsetinde Ózbekstan «Kamolot» jaslar sociallıq háreketi negizinde Ózbekstan jaslar awqamı dúzildi. Mámleketimiz Prezidenti baslaması menen Ózbekstan jaslar awqamı dúzilgen kún – 30-iyun sánesi mámleketimizde «Jaslar kúni» sıpatında belgilenedi.

Jaslar awqamı respublikamızda jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatınıń ámelge asırılıwında mámleket organları, mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemleri hám puqaralıq jámiyetiniń basqa institutları menen nátiyjeli birge islesiwdi támiyinlewshi, «Jaslar – keleshek qurıwshısı» uranı astında professional iskerlikti ámelge asırıwshı dúzilmege aylanadı. Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı ámelge asırıwda qatnasıwshı wákillikli mákemeler xızmeti ústinen nátiyjeli jámáátshilik qadaǵalawın shólkemlestiriw, nátiyjesi boyınsha tásirsheń sharalar kóriw maqsetinde Ózbekstan jaslar awqamınıń huqıqıy hám ámeliy minnetlemeleri keńeytildi, tiyisli imkaniyat hám jeńillikler berildi.

2017-jıl 22-avgust kúni Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi hám Ózbekstan jaslar awqamı Oraylıq Keńesiniń qospa qararı hám sol tiykarda joqarı bilimlendiriw sistemasındaǵı baslanǵısh shólkemleri strukturası tastıyıqlandı. 2017-jıl 5-avgust kúni Ózbekstan jaslar awqamı Oraylıq Keńesi menen kelisilgen «Joqarı bilimlendiriw sistemasında jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı ámelge asırıwǵa qaratılǵan shara-ilajlar baǵdarlaması» tastıyıqlandı. Oǵan muwapıq joqarı oqıw orınlarına «Joqarı oqıw orınlarınıń Jaslar awqamında islegen 35 jastan asqan kadrlardı usı oqıw ornında alıp qalıw, yaǵnıy oǵan túrli baǵdardaǵı lawazımlardan birin beriw sharasın kóriw» tapsırması berildi.

**4-tema. Jańalanıp atırǵan Ózbekstan milliy tikleniwden-milliy rawajlanıwǵa qaray.**

**Jobası:**

1. 2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstan rawajlanıw strategiyasınıń mazmun-mánisi hám tiykarǵı baǵdarları.
2. Ózbekstan - 2030 strategiyası, onıń xalıqaralıq jámietshilik tárepinen tán alınıwı.
3. Jańa Ózbekstanda socialliq tarawǵa bolǵan zamanagóy qatnas. Tálim, den sawlıqtı saqlaw, turizm, sport hám basqa tarawlardaǵı túpkilikli ózgerisler.

**Ádebiyatlar:**


1.Ш.М.Мирзиёев Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. . – Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2016.

2.Ш.М.Мирзиёев Қонун устуворлиги ва инсон манфаатлари таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. 2016 йил 7 декабрь. − Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

3.Ш.М.Мирзиёев Танқидий таҳлил, қатий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. 2017 йил 14 январь/Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

4.Ш.М.Мирзиёев Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.

5.2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналиши бўйича Ҳаракатлар стратегияси. – Тошкент: Маънавият, 2017.

6.Новейшая история Узбекистана. Руководителъ проекта и редактор: М.А.Рахимов. - Тошкент: Адабиёт учқунлари, 2018.

7.Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлисга Мурожаатномасини ўрганиш ва кенг жамоатчилик ўртасида тарғиб этишга бағишланган илмий-оммабоп қўлланма. Т. 2019

8.Миллий тикланишдан миллий юксалиш сари. Т. 2019.

9.Ҳаракатлар стратегияси асосида жадал тараққиёт ва янгиланиш сари Т. 2017.

2022-jıl 26-yanvar elimiz ushın eń áhmiyetli sánelerdiń biri bolıp, Prezidentimiz tárepinen úlken reformaǵa tiykar «Jańa Ózbekstannıń 2022-2026-jıllarǵa arnalǵan Rawajlanıw strategiyası» baǵdarlamaları hám maqsetleri tanıstırıldı. Bul konceptual hújjette insan qádiri, hadallıq standartları, pragmatikalıq sırtqı siyasat bulardıń barlıǵı keyin-ala Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvar kúngi PP-60-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan «Jańa Ózbekstannıń 2022-2026-jıllarǵa arnalǵan Rawajlanıw strategiyası»nıń 100 maqsetinde sáwlelengen.

Rawajlanıw strategiyasında 2022-jılda ámelge asırıwǵa tiyisli Mámleketlik baǵdarlamasında joybarlastırılǵan ilajlardı finanslıq támiynlewge ulıwma bahası 55 trln som hám 11,7 mlrd AQSh dolları muǵdarındaǵı pul qarjıları ajratılıwı názerde tutılǵan.

Rawajlanıw strategiyası төмендеги 7 baǵdardan ibarat:

1.Insan qádirin asırıw hám erkin puqaralıq jámiyetin jánede rawajlandırıw arqalı xalıqshıl mámleket qurıw;

2.Ózbekstanda ádillik hám nızam ústinligi principlerin rawajlanıwdıń eń tiykarǵı hám zárúr shártine aylandırıw;

3.Milliy ekonomikanı jedel rawajlandırıw hám joqarı ósiw pátlerin támiyinlew;

4.Ádalatlı social-siyasat júrgiziw, insan kapitalın rawajlandırıw;

5. Ruxıy rawajlanaıwdı támiynlew hám tarawdı jańa basqıshqa alıp shıǵıw;

6. Milliy máplerden kelip shıqqan halda ulıwma dunyalıq máselelerge qaratıw;

7.Ózbekstan qáwipsizligi hám qorǵanıw potencialın kúsheytiw, ashıq, pragmatikalıq hám aktiv sırtqı siyasat alıp barıw.

Mámleketimiz basshısı Oliy Majlis hám Ózbekstan xalqına usınıs etken Múrajetnamasında, atap aytqanda, «Jańa Ózbekstan - xalqshil mámleket» ideyasın

ámelge asırıwdıń tiykarǵı táreplerine itibardı qaratdı. Bul ideya «Insan – jámiyet-mámleket» hám de «Mámleket xalıqqa xizmet kórsetiwi shárt» principlerıni turmısqa tereń qollanıw etiwden ibarat bolıp, Bildiriw xatında buǵan baylanıslıǵı maqsetler belgilep berildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti áyne maqsetlerdi ámelge asırıw ushın mámleket shólkemleri hám xizmetkerleri aldına tómendegi wazıypalardı qoydı:

birinshiden, insan huqıq hám erkinliklerin isenimli qorǵaw mámlekettiń konstituciyalıq minnetlemesi retinde belgilenedi;

ekinshiden, ıqsham hám nátiyjeli mámleket basqarıw sistemasına ótiledi;

úshinshiden, mámleket wákilleri óziniń hadal miyneti, ápiwayılıǵı, xalqshıllıǵı, shın júrektenligi hám belsendiligi menen xalqımız miyirin erisiwi kerek;

tórtinshiden, hár qaysı wálayat hám aymaqlardaǵı mashqalalardi sheshiw ushın hár ayda «Húkimet kúni»ni ótkeriw jolǵa qóyıladı ;

besinshiden, ministrlerdiń juwapkerligi asıriladı, hár bir ministr jıldıń basında jámiyetshilik aldında tarawdaǵı jobası hám jıl juwmaǵında bolsa onıń nátiyjesi boyınsha esabat beredi;

altınshıdan, Parlament palatalari komitet hám komissiyaları aǵzaları ministrlerge qaysı jóneliste yamasa aymaqta jumıs jaqsı ketmayotganini kórsetiwleri, kemshilikler boyınsha jaylarǵa shıǵıwları hám xalıq pikirin úyrenip, máselege birgelikte sheshim tabıwları kerek;

jetinshiden, Jańa Ózbekstandı «social mámleket» principi tiykarında taraqqiy ettiriwde, bárinen burın, insan potencialın ámelge asıriw ushın teń múmkinshilikler, adamlar múnásip turmıs keshiriwine zárúr sharayatlar jaratıw, jarlılıqtı kemeytiwge itibar kúshaytırıladı ;

segizinshiden, insan potencialın ámelge asıriw ushın tálim sapasına, xalıq den sawlıǵın, saw turmıs tárizine ústin turatuǵın áhmiyet beriledi.

«Jańa Ózbekstan - xalqshil mámleket» ideyasın ámelge asıriw máselesi Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy orayı iskerliginde de zárúrli jónelislerden biri esaplanadı. Milliy oray tárepinen Jańa Ózbekstannıń

2022-2026 jıllarǵa arnalǵan rawajlanıw strategiyasın ámelge asırıw sheńberinde «Xalqshil mámleket» milliy programması joybarı tayarlanǵanı bul pikirimizdi ayqın tastıyıqlaydı. Milliy programma joybarın tayarlawda 60 qa jaqın mámleket shólkemleri hám shólkemleriniń juwapker xızmetkerleri hám de puqaralıq jámiyeti institutı wákilleri qatnasdı. Joybarlar turalı 200 ge jaqın usınıslar qabıllandı. «Xalqshil mámleket» milliy programması jáne onıń «Jol kartası» joybarı xalıq menen baylanıstiń mexanizmlerin jetilistiriw, mámleket shólkemleriniń esapdorligi hám ashıqlıǵın kúsheytiw, gónergen hám zaman talaplarına uyqas kelmaytuǵın tártip-dástúrlerdi tupten kemeytiwge qaratılǵan sistemalı islerdi názerde tutadı. Bul hújjette hár bir puqaranıń párawanlıǵın támiyinlewge qaratılǵan «Insan qadri ushın» degen ústin turatuǵın principti tolıqqonli ámelge asırıw baǵdarları belgilenip atır.

Atap aytqanda, joybarda:

- «Normativlik-huqıqıy hújjetler joybarlarınıń jámiyetshilik talqılawın shólkemlestiriw haqqında»ǵı nızam joybarın islep shıǵıw ;
- Oliy Majlis palatalari deputatları hám senatorlari, Insannıń konstituciyalıq huqıqları hám erkinliklerine ámel etiliwi boyınsha komissiya aǵzaları, puqaralıq jámiyeti institutları wákilleri qatnasıwında orınlarda kóshpeli qabıllar shólkemlestiriw;
- Oliy Majlis Nızamshılıq palatasınıń deputatı tárepinen ózi saylaǵanı aymaqta jergilikli byudjet qarjlarınıń sarıplanıwı hám aymaqlıq programmalardıń ámelge asırılıwı boyınsha jámiyetshilik esituvlari ótkeriliwi;
- puqaralardiń múrájetlerı, ásirese, awıllıq jaylardaǵı hayal-qızlardıń internet tarmaǵındaǵı múrájetlerı tiykarında parlament hám deputat sorawların qáliplestiriw;
- hákimshilik ádillik institutın jetilistiriw;
- mámleket shólkemleriniń múrájetleri menen jumıs alıp baratuǵın xızmetkerlerine salıstırǵanda talaplardı, sonıń menen birge olardı oqıtıw hám mamanlıǵın asırıw rejimin belgileytuǵın normativlik-huqıqıy hújjet joybarın islep shıǵıw;

- mámleket shólkemleri tárepinen social áhmiyetke iyelik etiw joybarlardı ámelge asırıwda mámleketlik emes kommerciyalıq bolmaǵan shólkemleri hám puqaralıq jámiyetiniń basqa institutları menen social sheriklikti hám de olarǵa mámleket social buyırtpasın beriw jumısların kúsheytiw;
- Social kodeks joybarın islep shıǵıp, ol jaǵdayda puqaralardıń social huqıqların sistemaǵa salıw, social támiynat principleri hám túsiniklerin bekkemlew, social járdemge mútáj shańaraqlardı social qollap-quwatlaw, xalıqtıń social párawanlıǵı indeksin engiziw sıyaqlı ilajlar óz sawleleniwin tapqan.

PREZIDENT ShAVKAT MIRZIYOEVTIŃ O'ZBEKSTAN XALQINIŃ TURMISIN TÚBTEN ÓZGERTIB JIBERGEN 10 REFORMA:

1. Oraylıq Aziya mámleketleri menen shegaralardıń ashılıwı hám ótip qaytıwdıń jolǵa qoyılıwı ;
2. valyuta bazarınıń erkinlestiriliwi, naq pul aylanbasınıń jaqsılanıwı ;
3. Májburiy miynetke toqtatıw beriliwi;
4. Joqarı tálim mákemeleriga qabillaw kvotalarinin asırılıwı, kiriw imtihanlarında ashıqlıqtıń támiyinleniwi;
5. Jámiyette ǵalaba xabar qurallariniń rolining asırılıwı ;
6. Prezidenttiń virtual hám Xalıq qabıllawxanalariniń ashılıwı ;
7. Huqıqtı qáwipsizlik etiwshi organlar hám Qurallı Kúshler sistemasın reforma etiliwi;
8. Salıq reformalarınıń ámelge asırılıwı;
9. Xalıq mámleket shólkemlerine emes, mámleket shólkemleriniń xalıqqa xizmet etiwge ótiwi;
10. Regionlıq qáwipszilikti táminlewdi, qońsı mámleket Awǵanstanda tınıshlıqtı ornatıw boyınsha ilgeri súrilgen baslamaları.

- 2017-2021 jillarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası mámleketimizde de, shet ellik sociallıq-siyasiy tárepinen de úlken qızıǵıwshılıq hám itibar menen úyrenilip atır. Buǵan baylanıslı ataqlı ilimpazlar, abıraylı ekspert hám gúzetshiler, túrli dárejedegi basshılar óz oy-órislerin kórsetip atırlar. Háreketler strategiyasınıń hár bir ústin

turatuǵın baǵdarı mámleketimiz rawajlanıwı ushın oǵada zárúrli áhmiyetke iye esaplanadı.

- Sonı da aytıw kerek, 2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń besew ústin turatuǵın baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası ótken 25 jıl dawamında mámleketimiz erisken úlken tabıslar, tariyxıy tájiriybelerdi ulıwmalastırıp, házirgi kúnde dáwirdiń ózi aldımızǵa qoyıp atırǵan aktual máselelerdi esapqa alıp, keyingi bes jılǵa hám odan keyingi dáwir arnalǵan tariyxıy rawajlanıwdıń jańa shapaqların ashıp beriwge qaratılǵan bolıp, ol óziniń mánis itibarı menen Ózbekstandı jańa rawajlanıw basqıshına kóteriwdi támiyinleytuǵın strategiyalıq programma bolıp tabıladı.
- Bas maqsetke erisiwde Strategiyanıń tiykarǵı wazıypaları tómendegilerden ibarat :
- Ózbekstan Respublikasınıń 2035 jılǵa barıp Global innovciyalıq indeks reytingi boyınsha jáhándıń eń rawajlanǵan 50 aldıńǵı mámleketi qatarına kiriwine erisiw;
- barliq dárejede tálim sapasın asırıw, úzliksiz tálim sistemasın rawajlandırıw, kadrlar tayarlaw sistemasınıń ekonomika mútajliklerine maslasıwshılıǵın támiyinlew;
- ilmiy izertlewler hám islenbelerdiń ilimiy potencialın bekkemlew hám natiyjeliligin asırıw, ilimiy-izertlew, tájiriybe- konstruktorlıq hám texnologiyalıq jumıslar nátiyjelerin keń engiziw ushın tálim, ilim hám isbilermenlikti integraciya qılıwdıń tásirli mexanizmlerin jaratıw ;
- innovatsiyalar, ilimiy-izertlew, tájiriybe-konstruktorlıq hám texnologiyalıq jumıslarǵa mámleket hám menshikli aqshalar kiritiliwin kúsheytiw, bul tarawlardaǵı ilajlardı finanslıq támiynlewdiń zamanagóy hám nátiyjeli formaların engiziw;
- basqarıwdıń zamanagóy usılları hám quralların engiziw arqalı mámleket hákimiyatı shólkemleri iskerliginiń natiyjeliligin asırıw;

- mulkshilik huqıqları qorǵalıwın támiyinlew, básekige shıdamlı bazarlar shólkemlestiriw hám biznes júrgiziw ushın teń shárt-sharayatlar jaratıw, mámleket-menshikli serikligin rawajlandırıw;
- turaqlı iskerlik júrgizetuǵın sociallıq-ekonomikalıq infratuzilmeni jaratıw.

Sociallıq-ekonomikalıq, mádeniy rawajlanıw tarawında, sońǵı jıllarda mámleket hám jámiyet basqarıwı, sud-huqıq sistemasın jetilistiriw, mámleketimizdiń qorǵanıw qúdiretin bekkemlew, haqıyqıy bazar ekonomikasına ótiw boyınsha úlken isler ámelge asırılmaqta. Jeke múlk hám isbilermenlik ushın keń sharayat hám imkániyatlar jaratıp berilmekte. Makroekonomika turaqlılıq támiyinlanbekte. Awıl xojalıǵında túp reformalar alıp barılmaqta. Mısal ushın awıl xojalıǵında zamanagóy, perspektivalı tarmaqlarǵa tiykar salıw, klaster sistemasın jolǵa qoyıw, fermer xojalıqlarınıń nátiyjeliligin kúsheytiw boyınsha ámeliy isler alıp barılmaqta.

Densawlıqtı saqlaw tarawınıń materiallıq-texnikalıq bazası hám kadrlar potencialın bekkemlew mudamı itibar orayında bolıp kelmekte. Jurtımızda kóplep jańa emlewxanalar, medicina orayları, shańaraqlıq hám jeke klinikalar xızmeti jolǵa qoyılmaqta.

Keyingi jıllarda kem támiyinlengen, nágiranlıǵı bolǵan insanlar, jaslar, hayal-qızlar, kekse áwlad wákillerin sociallıq jaqtan qorǵaw mámleket siyasatınıń baslı baǵdarına aylandı. Bul boyınsha Medicinalıq-sociallıq xızmetler agentligi, Nágiranlıǵı bolǵan insanlardı qollap-quwatlaw xorı shólkemlestirilgenin atap ótiw lazım.

Pedagog xızmetkerler miynetin xoshametlew boyınsha úlken isler ámelge asırılmaqta. Aqırǵı 3 jılda oqıtıwshılardıń miynet haqı ortasha 2,5 esege arttırıldı. Uzaq rayonlarǵa barıp islep atırǵan pedagog kadrlar miynetin xoshametlew boyınsha anıq ólshemler belgilendi. Olarǵa 50 procentke shekem qosımsha aylıq ústemeler tólenbekte. Bul alıs aymaqlarda jetispey atırǵan mıńnan aslam oqıtıwshını tartıw imkániyatın berdi. Napaqa jasında xızmetin dawam ettirip atırǵan oqıtıwshılarǵa pensiyası tolıq muǵdarda berilmekte.

Jergilikli xalıq, ásirese, jaslar hám hayal-qızlardı jumıs penen támiyinlew eń aktual wazıypa bolıp kelmekte. Barlıq ekonomikalıq hám sociallıq baǵdarlamalarımız, iri investiciya joybarlarımız, xızmet kórsetiw tarawın rawajlandırıwǵa qaratılǵan shara-ilajlarımızdıń orayında usı áhmiyetli másele tiykarǵı maqset hám wazıypa bolıp turıptı. Uzaq waqıt dawamında úlken mashqala bolıp kelgen xalıqtı úy-jay menen támiyinlew boyınsha da jurtımızda jańa dáwir baslandı. Ózbekstan jaslar awqamı sistemalarında nátiyjeli xızmet alıp barıp atırǵan xızmetkerlerdi qollap-quwatlaw maqsetinde olardı mámleket basqarıwı organlarındaǵı kadrlar xorına kiritiw mexanizmi islep shıǵılmaqta. Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı ámelge asırıw maqsetinde «Jaslar – keleshegimiz» Mámleketlik baǵdarlaması qabıl etildi. Bul baǵdarlama orınlanıwı ushın usı jıldıń ózinde 786 milliard som qarjı ajıratılmaqta. Bunıń nátiyjesinde, sonnan, 100 mıńnan aslam jaslarımızdıń bántligi támiyinlenedi. Jas shańaraqlardı zamanagóy úy-jaylar menen támiyinlew, jaslardı jumısqa ornalastırıw, kásip-ónerge tayarlaw hám qayta tayarlaw boyınsha belgilengen úlken kólemdegi isler izbe-iz dawam ettiriledi. Jaslardıń mámleketimiz turmısındaǵı demokratiyalıq processlerde belsene qatnasıwına, olardıń siyasiy hám social potencialın arttırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıwımız kerek. Bul baǵdarda óz quramında 7 million 680 mıń aǵzanı birlestirgen Jaslar awqamı tárepinen orınlarda alıp barılıp atırǵan jumıslardı jáne de kúsheytiw zárúr ekenligin atap ótiw kerek. Usı bes baslama tiykarında jaslardıń biznes proektleri ushın «Jaslar - keleshegimiz» fondı tárepinen búgingi kúnge shekem 692 milliard 400 million somlıq jeńilletilgen kreditler ajıratılıp, 25 mıńǵa jaqın jańa jumıs ornı jaratılǵanı, Respublikamız boyınsha 125 dana «Jaslar miynet gúzarı», 19 dana «Jas isbilermenler» kovorking orayı paydalanıwǵa tapsırilgani ásirese itibarlı bolıp tabıladı. 2007-jılı respublika xalqınıń den sawlıǵın bekkemlew, kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmettiń sapasın jaqsılaw maqsetinde 2 milliardtan aslam qarjı jumsaldı. Onkologiyalıq dispanser həm qıstawlı medicinalıq jərdem orayına bahası 440 mıń dollardan aslam bolǵan zamanagóy əsbap-úskeneler alındı. Taxtakópir rayonında 35 orınlıq balalardı sawallandırıw sanatoriysı paydalanıwǵa berildi. Nókiste barlıq qolaylıqlarǵa iye sport manejiniń

iske túsiriliwi-sportqa kızıǵıwshı jaslarımızdıń talantın júzege shıǵarıwda úlken basqısh boldı. 1-iyun – Xalıqaralıq balalardı qorǵaw kúni paytaxtımızdaǵı «Jeke terek» massivinde Balalar dem alıs baǵı ashılıp, bul jerde attrakcionlar, ashıq aspan astındaǵı muzey, amfiteatr, balalar ushın arnalǵan túrli sport maydanshaları hám basseynler isley basladı.Mámleketimiz basshısınıń 2017-jıl 28-fevraldaǵı qararına muwapıq Moynaq rayonın social-ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıq bántligin támiyinlew boyınsha da bir qatar jumıslar ámelge asırıldı. Rayon orayında mámleketlik xızmetleri orayı, amfiteatr, basseyn, sport zalı, muzıka hám kórkem óner mektebi, medician birlespesi hám basqa obektler qurıldı. 20 kóp qabatlı úy-jay qurılıp atır. - Úlken imaratlar, zamanagóy texnikalar menen maqtanısh kerek emes. Aqıllı, bilimli, pidayı perzentlerdi tárbiyalasaq hám olar Watanǵa xızmet etse, eń úlken baylıq, baxıt mine usı, - dedi mámleket basshısı.

2019-2022-jıllarda jámi 1 trillion 485 milliard somlıq qurılıs-remontlaw jumısların ámelge asırıwǵa názerde tutılǵan. Sonnan, rayon orayında 800 orınlı amfiteatr, mámleketlik xızmetler orayı, muzıka hám kórkem-óner mektebi, sport zalı, jabıq basseyn qurıldı. "Moynaq porloq teks" JShJ tigiwshilik kárxanası shólkemlestirilip, 350 adamdı jumıs penen támiyinledi. Zamanagóy tigiw mashinaları ornatıldı jańa kárxana jılına 1 million dana tayar tigiwshilik hám trikotaj ónimin islep shıǵarıw quwatına iye.

Mámleketimiz basshısınıń 2017-jıl 28-fevraldaǵı qararına muwapıq, Moynaq rayonın ekonomikalıq-siyasiy rawajlandırıw hám xalıq bántligin támiyinlew boyınsha qatar jumıslar ámelge asırıldı. Atap aytqanda 8 baqsha, 7 mektep, 4 sport binası, 6 medicina birlespesi hám 8 mádeniyat obekti qurıldı hám remontlandı. Búgingi kúnde Ózbekstan óz puqaralarınıń huqıq hám máplerin, olar qay jerde bolıwına qaramastan, qorǵawǵa iye mámleket sıpatında ózin kórsetpekte. Shet ellerde islep atırǵan hám oqıp atırǵan watanlaslarımız benen baylanıslar bekkemlenip, olardıń huqıq hám mápleri támiyinlenbekte. Ózbekstanǵa qaytıp, jumıs yamasa oqıw xızmetin dawam ettiriw niyetinde bolǵan puqaralarımız ushın zárúr sharayatlar jaratılmaqta.

Házirgi zaman jaǵdaylarında jáhán kóleminde qáwipsizlikti támiyinlew hám teń salmaqlıqqa erisiw máqsetlerinde jańa biyǵárez mámleketlerdiń qáwipsizlik hám turaqlı rawajlanıw mashqalaları úlken áhmiyetke iye boladı. Jedel ózgerip atırǵan jaǵday hám jer júzilik keńisliktegi kúshlerdiń balansı, jańa biyǵárez mámleketlerdiń júzege keliwi mámleketlerdiń hám xalıqlardıń turaqlı jayın támiyinlew XXI ásir bosaǵasında qáwipsizliktiń jańa modellerin islep shıǵıw ushın jańa kóz-qaraslardı izlestiriwdi talap etti.

Házirgi kúnde kópshilik rawajlanǵan mámleketlerdiń ideologiyası ulıwma insanıy qádriyatlar hám demokratiyalıq principlerge tiykarlanadı. Olarda tınıshlıq hám rawajlanıw, insan haq-huqıqları hám erkinligi, milliy hám diniy tatıwlıq ideyaları áhmiyetli. Usı principlerge tiykarlanǵan jaqsı ideyalar ulıwma insanıy mápler arzıwsı bolǵan jarıq keleshek ushın xızmet qıladı. Sol sebepli de basqa mámleketler kibi, biziń mámlekette de sociallıq-siyasiy turaqlılıq rawajlanıwdı támiyinlewde tınıshlıq súyiwshi siyasattıń pozitiv táreplerin rawajlandırıw zárúr bolıp esaplanadı. Házirgi waqıtta Ózbekstan sırtqı siyasat tarawında da aktiv hám nátiyjeli jumıs alıp barmaqta. Uzaq hám jaqındaǵı barlıq mámleketler, xalıq aralıq shólkemler menen baylanıslar kem-kemnen keńeyip, rawajlanbaqta.

Aldı menen, Oraylıq Aziya mámleketleri menen jaqsı qońsıshılıq qatnasları ornatılıp, ózara mápli baylanıslar jolǵa qoyılmaqta. Mıńlap ápiwayı adamlardıń shegaralardan biymálel ótiwi, regionımız boylap erkin háreketleniwi, aǵayin-tuwǵanları menen bardı-keldi islewi ushın barlıq sharayat jaratıldı.

Ózbekstan regionallıq qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha shara-ilajlardı ámelge asırıwda, Awǵanstanda tınıshlıq ornatıwǵa qaratılǵan sóylesiwlerde aktiv qatnaspaqta.

Bulardıń barlıǵı mámleketimizdiń xalıqaralıq maydandaǵı abıray-itibarın arttırıwda, jurtımızdıń dosları hám sheriklerin kóbeytiwde áhmiyetli bolmaqta.

Turmısımızda tınıshlıq-tatıwlıq, milletler hám dinler ortasında doslıq hám tilekleslik bekkemlenip barmaqta.

Demokratiyalıq rawajlanıw: xalıq penen pikirlesiw.

Búgingi kúnde ámelge asırıp atırǵan reformalarımız, xalıq penen pikirlesiw mámleketlik siyasat dárejesine kóterilgeni sebepli jámiyetimizde ashıqlıq hám erkinlik ortalıǵı kem-kem kúsheyip barmaqta.

Adamlar baslama kórsetip, tek óziniń jeke mashqalası emes, al kópshiliktiń dárt-táshwishlerin sheshiw ushın mámleketlik mákemeler menen birgelikte islewge úyrenbekte.

Álbette, ómir bar eken, onıń ótkir talapları, mashqalaları bolǵan hám bunnan keyin de boladı. Lekin hár qanday mashqalanı aqılǵa say sheshiw ushın, eń aldı menen birge islesiw zárúr.

Barlıǵımızǵa, ásirese, basshı hám jetekshilerge tereń bilim, aqıl-sana, sabır-taqat kerek. Sonıń ushın «Jawızlıqqa qarsı – aǵartıwshılıq» degen pikirde úlken máni bar. Bul ideya tek diniy tárbiya menen baylanıslı jumıslarda emes, al turmısımızdıń barlıq tarawlarında sheshiwshi áhmiyetke iye.

Dáwirdiń, turmıstıń keskin talaplarınan artta qalmaw ushın barlıǵımız hár kúni oqıp-úyreniwimiz, óz úsimizde islewimiz, bilim hám dárejemizdi turaqlı asırıp barıwımız kerek. Ullı babalarımızdıń múnásip izbasarları hám dawamshıları bolıw biz ushın hám qarız, hám parız. Óz Watanın, ana xalqın rawajlandırıw ushın ózin ayamastan miynet etiw: bul – mártlik, bul – ana jurtqa muhabbat hám sadıqlıq, bul – durıs tárbiya hám ámeliy úlgi demek.Búgingi alaǵada hám qáwipli dáwirde jaslardıń sanası hám qálbin iyelewge qaratılǵan hár qıylı qawip-qáterler kem-kemnen kúsheyip baratırǵanın bársheńiz jaqsı bilesiz. Olarǵa qarsı gúresiwde xalqımızdıń bay tariyxı hám mádeniyatı, ullı babalarımız qaharmanlıqları, janajan Ózbekstanımızdıń milliy mápleri biz ushın kúsh-qúdiret deregi bolıp xızmet etedi. BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında Ózbekstan tárepinen «Jaslar huqıqları haqqında»ǵı konvenciyanı islep shıǵıw baslaması ilgeri súrilgeni jawızlıqqa qarsı – aǵartıwshılıq principi tiykarında alıp barılıp atırǵan keń kólemli jumıslarımızdıń ajıralmas bir bólegi bolıp, ol jer júzindegi eki milliardtan zıyat jaslardıń huqıqların hám máplerin qorǵawda zárúrli áhmiyetke iye esaplanadı. Prezidentimiz Sh.Mirziyoev tárepinen hár bir saltanatlı májilislerde «Biz Ózbekstannıń ullı keleshegin qurıwǵa bekkem bel baylaǵan ekenbiz, bul ullı isti erteń emes, búgin

baslawımız, onıń ushın aldı menen nawqıran jaslarımızǵa zárúr sharayatlardı áyne búgin jaratıp beriwimiz kerek» sonday-aq, «Jaslardıń arzıw-umtılıwları, jaratıwshı ideya hám baslamaların ámelge asırıw maqsetinde baslaǵan islerimizdi tek ǵana dawam ettirip qoymaymız, bálki olardı jańa, jáne de joqarı basqıshqa kóteremiz». «Men Siziń janıńızda turıp, qol-qanat bolaman! kózi janıp turǵan, bilimli, márt jigit-qızlardıń bar ekenligine isenemen» dep isenim bildirgen edi.

«Insan mápleri - hámme zattan ústin», «Xalıq mámleket keńselerine emes, mámleket keńseleri xalqımızǵa xizmet etiwi kerek», «Xalıq bay bolsa, mámleket de bay hám qúdiretli boladı» kontseptual ideyalar - Ózbekstan rawajlanıwınıń jańa basqıshında názerde tutılǵan reformalardı turmısqa qollanıw etiwdiń hasası. Búgin turmısımızdıń ózi Konstituciyamızda ańlatpasın tapqan eń tiykarǵı maqset - insan máplerin hár tárepleme támiyinlew máselesin aktual wazıypa etip qoyıp atır. Insan máplerin támiyinlew ushın bolsa áwele, adamlar menen, xalıq menen ushırasıw, olardıń dardu-uwayımları, árman -niyetleri, turmıslıq mashqala hám mútajliklerin jaqsı biliw kerek. Qısqa aytqanda, adamlardıń dardini esitiw, olar menen ashıq baylanısde bolıw, salmaqliin kiyim-kenshek qılıw - xalıqtıń mámleket hám jámiyetke isenimin bekkemlewge qaratılǵan sistema jolǵa qoyıldı.

2023-jıl 11-sentyabrdegi PF-158-sanlı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı menen «Ózbekstan-2030» strategiyası qabıl etildi.

«Ózbekstan - 2030» strategiyasında ilgeri súrilgen máseleler:

- Ulıwma orta bilim beriw sistemasın jańa basqıshqa alıp shıǵıw ;

Bul baǵdarda 700 ge jaqın atamadaǵı jańa sabaqlıqlar, shınıǵıw dápterleri, pedagoglar ushın metodikalıq qollanbalar hám mobil qosımshalar jaratıw.

Jańa áwlad sabaqlıqları tiykarında planshetler ushın 1000 multimedia programmaların jaratıw. Tálim shólkemlerine hár jılı 500 «til iyeleri» bolǵan shet el qánigelerdi qosıw. Barlıq ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde kásip-ónerlerge úyretiw kursların engiziw.

Prezident mektepleri hám qánigelestirilgen mekteplerdiń tálim metodikasın barlıq ulıwma orta bilim beriw mákemeleriniń oqıw proceslerine engiziw.

- Pedagog kadrlar abırayın asırıw, olardıń bilimi hám qánigeligin xalıqaralıq standartlarǵa muwapıqlastırıw;

1000 tárbiyashı hám oqıtıwshılardı shet el mámleketlerge bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovkaǵa jiberiw.

Mektepge shekem tálim shólkemleri hám ulıwma orta bilim beriw mákemeleri pedagog xızmetkerleriniń ortasha miynet haqın 2 ese asırıw.

500 mıń mektepge shekem tálim shólkemleri hám ulıwma orta bilim beriw mákemeleri xızmetkerleriniń qánigeligin úzliksiz asırıw.

Mútájlik joqarı bolǵan jónelisler hám alıs aymaqlardaǵı abiturientler ushın pedagogikalıq tálim baǵdarları boyınsha kadrlardı tolıq mámleket grantı tiykarında tayarlaw sistemasın engiziw.

- Ulıwma orta bilim beriwdi rawajlandırıw ushın jeke menshik sektordı keń tartıw;

Mámleketlik emes ulıwma orta bilim beriw shólkemleri sanın 1 000 ǵa jetkiziw. Kelesi bes jılda mámleketlik emes ulıwma orta bilim beriw shólkemleri iskerligin jolǵa qoyıw ushın 1 trillion sum muǵdarında jeńillikli kreditler ajıratıw.

2024-jıldan baslap hár jılı mámleketlik-jeke menshikli sheriklik tiykarında keminde 100 ulıwma orta bilim beriw mákemeleri qurılısı boyınsha shártnamalar dúziw. Mámleketlik emes ulıwma orta bilim beriw shólkemlerinde oqıp atırǵan oqıwshılar úlesin 3 esege asırıw. Mámleketlik-jeke menshikli sheriklik tiykarında hám xalıqaralıq finans institutlarınan ajıratılǵan qarjılar esabınan 2 milliard dollarlıq ulıwma orta bilim beriw shólkemleri tarmaǵın keńeytiw joybarların ámelge asırıw.

- Professional tálim sistemasın rawajlandırıw arqalı oqıwshılardı zamanagóy bilim hám kónlikpeler;

700 professional tálim mákemelerinde tálim sapasın asırıw hám materiallıq-texnikalıq bazasın jetilistiriw.

14 aymaqlıq professional tayarlıq orayların shólkemlestiriw, ilmiy tájriybe qatlamına iye bolǵan pedagog kadrlar úlesin 50 procentke, aralıqtan yamasa aralas sırtqı kórinislerde shólkemlestiriletuǵın bilimlerdi jetilistiriw kursları úlesin 30

procentke jetkiziw. Orta buwın qánigelerin tayarlawda mámleket grantın informaciya texnologiyaları, qurılıs, transport hám logistika baǵdarlarında 100 procentke jetkiziw.

- Joqarı tálim menen qamrap alıwdı keńeytiw, joqarı maǵlıwmatlı qánigeler tayarlaw sapasın asırıw;

Jaslardı joqarı tálim menen qamtıp alıw dárejesin keminde 50 procentke jetkiziw.

Ulıwma orta bilim beriw shólkemlerin joqarı maǵlıwmatlı pedagog kadrlar menen tolıq támiyinlew.

30 joqarı bilimlendiriw orınlarınıń tálim baǵdarlamaların xalıqaralıq akkreditaciyadan ótkeriw.

«Top -500»ge kiretuǵın shet el universitetleri menen sheriklikte keminde 50 qospa tálim baǵdarlaması tiykarında «eki diplomlı sistema»nı engiziw.

10 joqarı bilimlendiriw orınların dúnyanıń eń abıraylı «Top -1000» joqarı bilimlendiriw orınları reytingine kirgiziwge erisiw.

Joqarı bilimlendiriw orınlarında ilimiy-izertlewler nátiyjeliligin asırıw hám ilimiy potencialdı 70 procentke jetkiziw.

- Joqarı bilimlendiriw orınların shólkemlestirilgen – basqarıw iskerligin jetilistiriw, olardıń materiallıq-texnikalıq támiynatın bekkemlew sheńberinde;

5 joqarı bilimlendiriw shólkemin milliy izertlew joqarı oqıw ornılarına aylandırıw.

Qosımsha 120 mıń orınlı oqıw imaratları hám de 150 mıń orınlı studentler turar jayların qurıw.

Kitapxanalardı keminde 1 million zamanagóy ádebiyatlar menen toltırıw hám kitapxana fondın tolıq sanlastırıw.

- Fundamental izertlewlerdi zaman talaplarınan kelip shıǵıp jańa baǵdarlar menen bayıtıw;

Fundamental izertlewlerdi ámelge asırıw ushın 3 trillion sum qarjı ajıratıw.

Fundamental izertlew baǵdarı boyınsha 8 jetekshi shet el ilimiy mektepler menen sheriklikti jolǵa qoyıw.

Til hám ádebiyat, tariyx, arxeologiya, mádeniyat hám kórkem óner baǵdarlarıdaǵı ilimiy baǵdarlamalar ushın 2 trillion sum ajıratıw.

- Ekonomikanıń eń tez ósip baratırǵan baǵdarlarında ámeliy izertlewlerdi kúsheytiw, «kárxana - joqarı oqıw ornı - ilimiy shólkem» klaster sistemasın engiziw;

Ámeliy izertlewlerge Mámleketlik byudjetten 4 trillion som qarjı ajıratıw.

Ekonomika tarmaqlarınıń «drayver» baǵdarlarında 850 túrdegi innovciyalıq ónimler islep shıǵarıw.

Ámeliy izertlewler nátiyjeleri tiykarında 2,5 mıńnan zıyat jańa ilimiy islenbeler jaratıw.

Transport hám logistika, awıl xojalıǵında zúráátli hasıldarlıq, energetika, biotexnologiya, geologiya hám metalldı qayta islew, mashina injineriya hám elektronika baǵdarlarında 8 ilimiy islep-shıǵarıw klasterin shólkemlestiriw.

- Jas izertlewshilerdiń úlesin asırıw, olardıń ilimiy- izertlewlerin qollap-quwatlaw;

40 jasqa deyingi izertlewshilerdiń úlesin keminde 60 procentke jetkiziw, ilimiy shólkem xızmetkerleriniń miynet haqın ortasha 2 esege asırıw.

Ilimiy, ámeliy, innovciyalıq hám startap joybarlardı finanslıq támiynlew boyınsha jıllıq tańlawlar sanın 20 ǵa jetkiziw.

Stajyor-izertlewshilik, tayansh doktorantura, doktorantura hám de maqsetli doktorantura kvotaları sanın 5200 ge jetkiziw.

- Barlıq baǵdarlarda innovciyalıq xızmetti keń engiziw, ilimiy-izertlewlerdi hám innovciyalıq baslamalardı qollap-quwatlaw.

Ózbekstan Global Innovciyalıq Indeksde Top -50 lik mámleketler dizimine kiriwin támiyinlew.

Hár bir million xalıqqa tuwrı keletuǵın izertlewshilerdiń sanın 2 mıńǵa jetkiziw.

Ishki hám sırtqı bazarlarda kommerciyalastırıw nátiyjesinde jaratılatuǵın jańa innovaciyalıq islenbeler sanın 2 mıń asırıw belgilengen.

Jańa tahrirdagi Konstituciya xalqımızdıń erkin hám párawan, qúdiretli Jańa Ózbekstandı qurıw boyınsha óz qálew-erk-ıqrarın ámelge asıriw, hár bir puqaraǵa óz potencialın rawajlandırıw ushın barlıq múmkinshiliklerdi jaratıw, saw, bilimli hám ruwxıy bárkámal áwladtı tárbiyalaw, global óndiristiń zárúrli buwınına aynalǵan kúshli ekonomikanı qáliplestiriw, ádalat, nızam ústinligi, qawipsizlik hám turaqlılıqtı kepillikli támiyinlew esaplanadı. Jańa konstituciyaning 50-statyasında hár kim tálim alıw huqıqına iye ekenligi belgilep qoyıldı. Atap aytqanda, mámleket úzliksiz tálim sisteması, onıń hár túrlı túrleri hám formaları, mámleket hám mámleketlik emes tálim shólkemleri rawajlanıwın támiyinleydi. Bunı biz 2023-jıl 30-aprelde ótkerilgen referendumda putkil xalıq dawıs beriw arqalı Ózbekstan Respublikasınıń jańa redakciyadaǵı Konstituciyası qabıl etilgenligi Jańa Ózbekstandı dúziwdiń konstituciyalıq tiykarların bekkemlew arqalı jámiyeti ilim menen rawajlandırıwdıń huqıqıy tiykarları bekkemlendi.

Jańa redakciyadaǵı Konstituciyaǵa muwapıq ótkerilgen prezidentlik saylawı taǵı bir márte jámiyetimizdiń siyasiy jetikligi, Jańa Ózbekstandı qurıw jolında ámelge asırılıp atırǵan reformalardı xalqımız tolıq qollap-quwatlaǵanınan dárek berdi. Usınıń menen birge, jańalanǵan konstituciyalıq-huqıqıy sharayatlarda mámleketimiz rawajlanıwınıń tiykarǵı baǵdarların jetilistiriw hám ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalardı jańa basqıshqa alıp shıǵıw talap etilip atır.

Jańa redakciyadaǵı Konstituciya xalqımızdıń erkin hám párawan, qúdiretli Jańa Ózbekstandı qurıw boyınsha qálewin ámelge asırıw, hár bir puqaraǵa óz potencialın rawajlandırıw ushın barlıq múmkinshiliklerdi jaratıw, salamat, bilimli hám ruwxıy bárkámal áwladtı tárbiyalaw, global óndiristiń áhmiyetli buwınına aynalǵan kúshli ekonomikanı qáliplestiriw, ádalat, nızam ústinligi, qáwipsizlik hám turaqlılıqtı kepillikli támiyinlew esaplanadı. Jańa konstituciyanıń 50-statyasında hár kim bilim alıw huqıqına iye ekenligi belgilep qoyıldı. Atap aytqanda, mámleket úzliksiz bilimlendiriw sisteması, onıń hár qıylı túrleri hám formaları, mámleket hám mámleketlik emes bilimlendiriw orınların rawajlanıwın támiyinleydi. Juwmaqlap aytqanda, sonnan da kóriw múmkin, mámleketimiz basshısınıń «Járdem - tálimde, járdem - tárbiyada, járdem - bilimde» iygilikli

ideyasınıń Jańa Ózbekstan rawajlanıwında tutqan roliniń konseptual tiykarları 2030-jılǵa shekem bolǵan dáwirde turaqlı rawajlanıw baǵdarındaǵı milliy maqset hám wazıypalardı ámelge asırıw tiykarında júzege shıǵarıw esaplanadı.

2007-jılı respublika xalqınıń den sawlıǵın bekkemlew, kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmettiń sapasın jaqsılaw maqsetinde 2 milliardtan aslam qarjı jumsaldı. Onkologiyalıq dispanser həm qıstawlı medicinalıq jərdem orayına bahası 440 mıń dollardan aslam bolǵan zamanagóy əsbap-úskeneler alındı. Taxtakópir rayonında 35 orınlıq balalardı sawallandırıw sanatoriysı paydalanıwǵa berildi. Nókiste barlıq qolaylıqlarǵa iye sport manejiniń iske túsiriliwi-sportqa kızıǵıwshı jaslarımızdıń talantın júzege shıǵarıwda úlken basqısh boldı.

Mámleketimiz basshısınıń 2017-jıl 28-fevraldaǵı qararına muwapıq Moynaq rayonın social-ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıq bántligin támiyinlew boyınsha da bir qatar jumıslar ámelge asırıldı. Rayon orayında mámleketlik xızmetleri orayı, amfiteatr, basseyn, sport zalı, muzıka hám kórkem óner mektebi, medician birlespesi hám basqa obektler qurıldı. 20 kóp qabatlı úy-jay qurılıp atır. - Úlken imaratlar, zamanagóy texnikalar menen maqtanısh kerek emes. Aqıllı, bilimli, pidayı perzentlerdi tárbiyalasaq hám olar Watanǵa xızmet etse, eń úlken baylıq, baxıt mine usı, - dedi mámleket basshısı. 2019-2021-jıllarda jámi 1 trillion 485 milliard somlıq qurılıs-remontlaw jumısların ámelge asırıwǵa názerde tutılǵan. Sonnan, rayon orayında 800 orınlı amfiteatr, mámleketlik xızmetler orayı, muzıka hám kórkem-óner mektebi, sport zalı, jabıq basseyn qurıldı. «Moynaq porloq teks» JShJ tigiwshilik kárxanası shólkemlestirilip, 350 adamdı jumıs penen támiyinledi. Zamanagóy tigiw mashinaları ornatıldı jańa kárxana jılına 1 million dana tayar tigiwshilik hám trikotaj ónimin islep shıǵarıw quwatına iye. Búgingi kúnde Ózbekstan óz puqaralarınıń huqıq hám máplerin, olar qay jerde bolıwına qaramastan, qorǵawǵa iye mámleket sıpatında ózin kórsetpekte. Shet ellerde islep atırǵan hám oqıp atırǵan watanlaslarımız benen baylanıslar bekkemlenip, olardıń huqıq hám mápleri támiyinlenbekte. Ózbekstanǵa qaytıp, jumıs yamasa oqıw xızmetin dawam ettiriw niyetinde bolǵan puqaralarımız ushın zárúr sharayatlar jaratılmaqta.

Usı jılı 156 watanlasımız – tiykarınan hayallar hám balalar jawıngerlik háreketler dawam etip atırǵan Siriyadan qaytarıp alıp kelindi hám olardıń puqaralıq huqıqları tiklendi. Álbette, keshirimli, mehir-aqıbetli bolıw, usınday iygilikli pazıyletler biziń keń peyil xalqımızdı jáne de ulıǵlaydı. Siyasiy rawajlanıw: sırtqı siyasat. Házirgi zaman jaǵdaylarında jáhán kóleminde qáwipsizlikti támiyinlew hám teń salmaqlıqqa erisiw máqsetlerinde jańa biyǵárez mámleketlerdiń qáwipsizlik hám turaqlı rawajlanıw mashqalaları úlken áhmiyetke iye boladı. Jedel ózgerip atırǵan jaǵday hám jer júzilik keńisliktegi kúshlerdiń balansı, jańa biyǵárez mámleketlerdiń júzege keliwi mámleketlerdiń hám xalıqlardıń turaqlı jayın támiyinlew XXI ásir bosaǵasında qáwipsizliktiń jańa modellerin islep shıǵıw ushın jańa kóz-qaraslardı izlestiriwdi talap etti.

Házirgi kúnde kópshilik rawajlanǵan mámleketlerdiń ideologiyası ulıwma insanıy qádriyatlar hám demokratiyalıq principlerge tiykarlanadı. Olarda tınıshlıq hám rawajlanıw, insan haq-huqıqları hám erkinligi, milliy hám diniy tatıwlıq ideyaları áhmiyetli. Usı principlerge tiykarlanǵan jaqsı ideyalar ulıwma insanıy mápler arzıwsı bolǵan jarıq keleshek ushın xızmet qıladı. Sol sebepli de basqa mámleketler kibi, biziń mámlekette de sociallıq-siyasiy turaqlılıq rawajlanıwdı támiyinlewde tınıshlıq súyiwshi siyasattıń pozitiv táreplerin rawajlandırıw zárúr bolıp esaplanadı. Házirgi waqıtta Ózbekstan sırtqı siyasat tarawında da aktiv hám nátiyjeli jumıs alıp barmaqta. Uzaq hám jaqındaǵı barlıq mámleketler, xalıq aralıq shólkemler menen baylanıslar kem-kemnen keńeyip, rawajlanbaqta. Aldı menen, Oraylıq Aziya mámleketleri menen jaqsı qońsıshılıq qatnasları ornatılıp, ózara mápli baylanıslar jolǵa qoyılmaqta. Mıńlap ápiwayı adamlardıń shegaralardan biymálel ótiwi, regionımız boylap erkin háreketleniwi, aǵayin-tuwǵanları menen bardı-keldi islewi ushın barlıq sharayat jaratıldı.

Ózbekstan regionallıq qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha shara-ilajlardı ámelge asırıwda, Awǵanstanda tınıshlıq ornatıwǵa qaratılǵan sóylesiwlerde aktiv qatnaspaqta. Bulardıń barlıǵı mámleketimizdiń xalıqaralıq maydandaǵı abıray-itibarın arttırıwda, jurtımızdıń dosları hám sheriklerin kóbeytiwde áhmiyetli bolmaqta. Turmısımızda tınıshlıq-tatıwlıq, milletler hám dinler ortasında doslıq

hám tilekleslik bekkemlenip barmaqta. Demokratiyalıq rawajlanıw: xalıq penen pikirlesiw. Búgingi kúnde ámelge asırıp atırǵan reformalarımız, xalıq penen pikirlesiw mámleketlik siyasat dárejesine kóterilgeni sebepli jámiyetimizde ashıqlıq hám erkinlik ortalıǵı kem-kem kúsheyip barmaqta.

Adamlar baslama kórsetip, tek óziniń jeke mashqalası emes, al kópshiliktiń dárt-táshwishlerin sheshiw ushın mámleketlik mákemeler menen birgelikte islewge úyrenbekte. Álbette, ómir bar eken, onıń ótkir talapları, mashqalaları bolǵan hám bunnan keyin de boladı. Lekin hár qanday mashqalanı aqılǵa say sheshiw ushın, eń aldı menen birge islesiw zárúr. Barlıǵımızǵa, ásirese, basshı hám jetekshilerge tereń bilim, aqıl-sana, sabır-taqat kerek. Sonıń ushın «Jawızlıqqa qarsı – aǵartıwshılıq» degen pikirde úlken máni bar. Bul ideya tek diniy tárbiya menen baylanıslı jumıslarda emes, al turmısımızdıń barlıq tarawlarında sheshiwshi áhmiyetke iye. Dáwirdiń, turmıstıń keskin talaplarınan artta qalmaw ushın barlıǵımız hár kúni oqıp-úyreniwimiz, óz úsimizde islewimiz, bilim hám dárejemizdi turaqlı asırıp barıwımız kerek.

Ullı babalarımızdıń múnásip izbasarları hám dawamshıları bolıw biz ushın hám qarız, hám parız. Óz Watanın, ana xalqın rawajlandırıw ushın ózin ayamastan miynet etiw: bul – mártlik, bul – ana jurtqa muhabbat hám sadıqlıq, bul – durıs tárbiya hám ámeliy úlgi demek.Búgingi alaǵada hám qáwipli dáwirde jaslardıń sanası hám qálbin iyelewge qaratılǵan hár qıylı qawip-qáterler kem-kemnen kúsheyip baratırǵanın bársheńiz jaqsı bilesiz. Olarǵa qarsı góresiwde xalqımızdıń bay tariyxı hám mádeniyatı, ullı babalarımız qaharmanlıqları, jańajan Ózbekstanımızdıń milliy mápleri biz ushın kúsh-qúdiret deregi bolıp xızmet etedi. BMSh Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında Ózbekstan tárepinen «Jaslar huqıqları haqqında»ǵı konvenciyanı islep shıǵıw baslaması ilgeri súrilgeni jawızlıqqa qarsı – aǵartıwshılıq principi tiykarında alıp barılıp atırǵan keń kólemli jumıslarımızdıń ajıralmas bir bólegi bolıp, ol jer júzindegi eki milliardtan zıyat jaslardıń huqıqların hám máplerin qorǵawda zárúrli áhmiyetke iye esaplanadı.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoev tárepinen hár bir saltanatlı májilislerde «Biz Ózbekstannıń ullı keleshegin qurıwǵa bekkem bel baylaǵan ekenbiz, bul ullı isti

erteń emes, búgin baslawımız, onıń ushın aldı menen nawqıran jaslarımızǵa zárúr sharayatlardı áyne búgin jaratıp beriwimiz kerek» sonday-aq, «Jaslardıń arzıw-umtılıwları, jaratıwshı ideya hám baslamaların ámelge asırıw maqsetinde baslaǵan islerimizdi tek ǵana dawam ettirip qoymaymız, bálki olardı jańa, jáne de joqarı basqıshqa kóteremiz».

2022-jıldan búgingi kúnge shekem dawam jetip atırǵan izbe-iz siyasat nátiyjesinde tálim-tárbiya tarawındaǵı reformalardıń jańa basqıshı menen ańlatıladı.

Mámleket mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiyanı rawajlandırıw ushın shárt-shárayatlar jaratadı. Mámleket biypul ulıwma orta bilim beriw hám baslanǵısh professional bilim alıwdı kepilleydi. Ulıwma orta bilim beriw májbúriy bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya, ulıwma orta bilim beriwdi mámleket qadaǵalawında. Bilimlendiriw orınlarında ayrıqsha tálim mútájliklerine iye bolǵan balalar ushın inklyuziv tálim hám tárbiya támiyinleydi degen statyanıń bar ekenligi de «Járdem - tálimde, járdem - tárbiyada, járdem - bilimde» konseptual ideyasınıń ámeliy kórinisi ekenligin kórsetedi.

Xalıq bántligi hám real dáramatlarıń izbe-iz asırıw boyınsha jumıslar:

- 14 «Jumısqa márhámat» monoorayları;
- 30 kásip-ónerge oqıtıw orayları;
- 11 qısqa múddetli kásip-ónerge oqıtıw kursları;
- 136 máhelle xalqın kásip-ónerge oqıtıw mákanları xızmet aparıp atır.

2020-jıl 23-sentyabrde Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı qabıllandı. Bunda:

- tálim ústinliginiń tán alınıwı;
- tálim alıw formasın tańlaw erkinligi;
- tálim tarawında kemsitiwlerge jol qoyılmawı;
- tálim alıwǵa tiyisli teń múmkinshiliklerdiń támiyinleniwi;
- tálim hám tárbiyaǵa milliy hám de ulıwma insanıylıq qádiriyatlardıń sińirilgenligi;
- tálim hám tárbiyanıń insanıylıq, demokratiyalıq ózgesheligi;

- tálimniń úzliksizligi hám izbe-izligi;
- on bir jıllıq tálimniń hám de altı jastan jeti jasqa deyingi
- balalardı bir jıl dawamında ulıwma orta bilim beriwge tayarlawdıń májbúriyligi;
- mámleket tálim standartları hám mámleket tálim talapları sheńberinde bilim alıwdıń hámme ushın ashıqlıǵı;
- oqıw baǵdarlamaların tańlawǵa tiyisli jantasıwdıń birden-birligi hám siyasiy toparlarǵa bólingenligi;
- insannıń pútkil turmısı dawamında bilim alıwı;
- jámiyette pedagoglardı sociallıq qorǵawdıń kepillik berilgenligi;
- bilimlendiriw sistemasınıń dúnyalıq ózgeshelikke iyligi;
- bilimlilik, qábiletlilik hám uqıptıń xoshametlendiriliwi;
- bilimlendiriw sistemasında mámleket hám jámiyetlik basqarıwdıń muwapıqlıǵı;
- bilimlendiriw iskerligi tarawındaǵı ashıqlıq hám áshqaralıq.

Mámleket mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiyanı rawajlandırıw ushın shárt-sharayatlar jaratadı. Mámleket biypul ulıwma orta bilim beriw hám baslanǵısh professional bilim alıwdı kepilleydi. Ulıwma orta bilim beriw májbúriy bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya, ulıwma orta bilim beriwdi mámleket qadaǵalawında. Bilimlendiriw orınlarında ayrıqsha tálim mútájliklerine iye bolǵan balalar ushın inklyuziv tálim hám tárbiya támiyinleydi degen statyanıń bar ekenligi de «Járdem - tálimde, járdem - tárbiyada, járdem - bilimde» konseptual ideyasınıń ámeliy kórinisi ekenligin kórsetedi.

## IV. MODULDI OQITIWDA PAYDALANATUǴIN INTREAKTIV TÁLIM METODLARI

### Shınıǵıwlar waqtında «Aqlıy hujim» hám «Eslep qalıw» usılları qollanıladı

| | |
|---|---|
| **Aqlıy hujim** | - (breyinstorming – miy borani), ameliy hám ilimiy máselelerdi sheshiwde birgelikte magliwmat jiyiw |
| **Usıldıń tiykarǵı ideyası** | - Ideyalar toplaw, olardı bahalaw hám talqılaw, ajıratıw. «Aqlıy hujim»di alıp barıwshınıń háreketi ushın bul ideya tiykarǵı kórsetkish bolıp, qatnasıwshılar imkaniyatınsha kóp ideyalardı oylap tabıwına sharayat tuwdıradı |
| **Qaǵıydaları** | - Imkani barınsha kóbirek ideyalardı oylap tabıw (jamlew), olardı talqılaw, máselelerdi sheshiw hám olardı qaytalaw |
| **Bilim beriwshi** | - Qatnasıwshılardı qollap quwatlaydı (awa – joq sozleri menen);<br>- Sorawǵa kirisip ketiwine járdem beriw hám psixologiyalıq tosqınlıqtı jogaltıw ushın, aldıngı yamasa usı sabaqtan kútilmegen, original sawallar berip shınıǵıw (blic sawal). Qatnasıwshılardıń juwapların talqılaw arqalı ulıwma juwmaq beredi<br>- Har bir juwap tekseriledi **(1-tema, 2- sawal)**<br>- Juwmaqlar shıgarıladı **(1-tema, 3- sawal)** |
| **Fidbeyik** | - har bir ideyanı talqılaw **(2-tema, 2-sawal)**<br>- eń tuwrı ideyalardi qollap **(2 tema, 3-sawal)** |

**ÚLGILER**


PARLAMENT
Oliy Majlis **xızmetin erkinlestiriw** maqsetinde Ózbekistan Respublikası Oliy Majlisiniń II shaqırıq VII sessiyası **eki palatalı parlament** dúziw haqqında ulıwma xalıqlıq referendum ótkiziwge qarar etti.
**2002 jılı 27 yanvarda** bolıp ótken ulıwma xalıqlıq referendumde qatnasqan puqaralardıń **93,65%** parlament eki palatadan dúziliwin qollap-quwatladı. Eki palatalıq parlamentke saylawlar **2004 jılı 26 dekabrde bolıp ótti.**


PARLAMENT
Nızashılıq palata (tómengi)
Senat (joqarı)

**2-tema ushin ( misallar)**






**3-tema ushin ( misallar)**






**4 tema ushin (misallar)**






**4-tema boyinsha sawallar::**

1. Kritikaliq talqilaw, qatti tartip intizam ham jeke juwapkerlik .
2. “Insan mapi har narseden 7ullio ” ekenligi.
3. Ozbekstan Respublikasin janede rawajlandiriw boyinsha Hareketler Strategiyasinin islep shigiliwi,onin ustinli waziypalari.
4. Xaliq ham virtual qabilqanalarınıń sholkemlestiriliwi
5. Jaslardin Ozbekstan jamiyeti sosiyalliq turmisindagi orni ham aktiv qatnasin tamiyinlew waziypalari
6. 2019-2021 jillarda Ozbekstan Respublikasin innovasion rawajlandiriw strategiyasinin tiykargi jonelisleri ham insan kapitalin rawajlandiriw maseleleri
7. Talim tarbiya- jamiyetti moderniyzasiyalawdin, demokratik huqiqiy mamleket ham puqaraliq jamiyeti rawajlaniwinin ahviyetliligi sipatinda
8. Aktyiv investisiyalar ham sosiyalliq rawajlaniw strategiyasinin tiykargi jonelisleri
9. Prezident SH.Mirzieevtin jaslar manaviyatin jetilistiriw ham olardin bos waqitlarin mazmunli sholkemlestiriw boyinsha bes tashabbusi.

## V.GLOSSARIY

**Arxiv -** arxiv hújjetlerdi qabıl etetuǵın, saqlaytuǵın hám de olardı siyasiy ilimiy, xalıq xojalıq, sotsial-mádeniy hám basqa da maqsetler ushın paydalanatuǵın hújjetler jıynalǵan mákeme.

**Absolyut** — (latınsha sóz) — shek-shubhasız, cheklenbegen, birotala.

**Avantyura** — (frantsuz sózi) — tosattan jeńiske erisiý ushın táwekel qılǵan, gúmanlı iskerlik, haqıqıy imkaniyattı esapqa almay iske kirisiý.

**Avtarkiya** — (grek sózi) — mámlekettiń óz-ózin táminleý qaǵıydasına tiykarlanǵan, basqa mámleketler menen ekonomikalıq baylanısları úzilip qalǵan xojalıq júritiý siyasatı.

**Avtokratiya** — (grek sózi) — jeke shaxstıń hesh qanday nızam, huquqıy hújjetler benen sheklenbegen húkimdarlıǵı.

**Avtoritarizm** — (latın sózi) mámleketti basqarıý usılı. Avtoritarizmde siyasiy hákimiyat húkimdar shaxstıń yaki jetekshiniń siyasiy qararları tiykarında iske asadı.

**Agressiya** — (latın sózi) — bir mámleket tárepinen basqa mámlekettiń yaki xalıqtıń suvereniteti, territoriyalıq qol tiygizilmesligi, siyasiy ǵárezsizligine qarsı nızamsız hár qanday kúsh isletiw.

**Aymaq** — monǵol hám túrk xalıqlarında áyyemgi urıýlardıń bólshekleniýinen kelip shıqqan túrli taraýlardaǵı óz-ara aǵayınlıq birlespe yaki aýqamı.

**Bántlik** – Miynetke jaramlı xalıqtıń sociallıq paydalı Miynet penen mashǵul bolıwı; puqaralardıń jeke hám sociallıq zárúrliklerin qanaatlandırıw menen baylanıslı hám nızamǵa qayshı kelmeytuǵın Miynet dáramatı beretuǵın iskerligi

**Biznes** – payda alıwǵa qaratılǵan (zárúrlikti qanaatlandırıw maqsetinde) isbilermenlik háreketin ańlatadı.

**Hújdan erkinligi** – puqaralardıń hár qanday dinge sıyınıwı yamasa hesh qanday dinge sıyınbaw huqıqı esaplanadı.

**Ekspansiya** (latınsha Expancio-keńeyiw, tarqalıw)-kolonizator mámleketlerdiń basqa xalıqlar aymaǵın, olardıń baylıqları hám bazarların iyelew ushın basqınshılıq háreketleri.

**Gumanizm**-insandı birinshi orınǵa qoyıwshı, onıń qadir-qimbatın húrmet qılıwın, insán kamalı ushın zarúr sharayatlar jaratip beriwdi talap qılıwshı, insán ómirin qádirlewshi ideyalar sisteması.

**Deklaraciya - **(lat- málim etemen) –húkimettiń, qandayda bir shólkemniń áhmiyetli bir hújjetti, nızamdı, waqıyanı kópshilik itibarına jetkeriwshi bayannama.

**Demografik halat (gr. Demos (xalıq) grafik (jazıw) -** Belgili bir aymaqta, mámleket hám dúnya xalqınıń jaǵdayı.

**Diktator - **jeke húkimdar.

**Jáhán banki –** 1944 jılda Xalıqaralıq valyuta fondı menen bir waqıtta dúzilgen birishi mámleketler aralıq investiciya institutı. Bank óz jumısın 1946 jıl 25 iyunnan baslaǵan.

**Innovaciya** (lat.) – jańalanıw, miyras hám úrp-ádetlerdiń áwládtan-áwládqa ótiwi nátiyjesinde mádeniyatta júzege kelgen jańa kórinisler.

**Integraciya** (lat.) - tikleniw, toltırıw, túrli xalıqlardıń birlesiwi, túrli etnoslardıń bir aymaqta etnik-mádeniy qatnasıqlardı ornatıw procesi.

**Konstituciya (**lat. «constitutio» - dúzilis, tártip)-mámlekettiń tiykarǵı nızamı.

**Respublika** (lat. Res-jumıs, publicus-xalıq, jámátshilik)- mámleket basqarıw usıllarınan biri bolıp, bunda mámleket organları xalıq támánınan saylap qoyıw árqalı qáliplestiriledi. Házirgi waqıtta dúnyada 230 ǵa jaqın mámleket bar bolsa, bulardan yarımı respublika formasında basqarıladı.

**Repressiya (**lat. Repressio-eziw**)-** mámleket organları tárepinen qollanılatuǵın qıynawǵa salıw tártibi, jazalaw, quwǵın, quwdalaw, zulım.

**Suverenitet** (francuzsha «souverainite»-joqarı hákimiyat)-tómendegi mazmunlarda isletiledi: 1. Mámleket suvereniteti-házirgi mámleketshilik páninde mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatındaǵı tolıq ǵárezsizligi sıpatında túsindiriledi. Ózbekstan Respublikasında mámleket suvereniteti máselesine óz aldına bap ajıratılǵan bolıp, onıń 1-statyasında «Ózbekstán-suveren demokratik respublika» deyilgen. 2.Xalıq suvereniteti-xalıqtıń mámleketti basqarıwdaǵı tolıq húkimranlıǵı, xalıq hákimiyatı, xalıq basqarıwı mánislerin ańlatadı.

**Tariyx** (arab sózi)-teskeriw, úyreniw, izlew, biliw, maǵluwmat, sáne, waqıt, dáwir, zaman, gúrriń etiw. Belgili hám úyrenilgen waqıyalar haqqında gúrriń.

**Turaqlılıq** – Waqiya hám hádiyselerdiń ámel qılıwı hám rawajlanıwdaǵı ózine tán belgili jaǵdayı.

**Civilizaciya** - insániyat jámiyeti rawajlanıw háreketinde erisilgen dárejeni hámde materiallıq hám ruwxıy qádriyatlardı ózlestiriw usılın ańlatıwshı túsinik.

**Strategiya-** (áyy. gr στρατηγία - láshker basshı sheberligi)- maqsetke jetiw ushın , uzaq waqıtqa mólsherlengen ulıwma reje, keyinirek qandayda bir insán iskerliginiń kórinisi. Strategiyanıń wazıypası bar resurslardan effektiv paydalanǵan halda tiykarǵı maqsetke erisiw.

# VI.PAYDALANILǴAN ADEBIYATLAR DIZIMI


## I.Ózbekstan Respublikası Prezidenti shıgarmaları

1.Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. – Тошкент: Ўзбекистон, 2016.

2.Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб интизом ва шахсий жавобгарлик ҳар бир рахбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. – Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

3.Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олийжаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

5.Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гаровидир. – Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

5.Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. 1-жилд. – Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

6.Мирзиёев Ш.М. Халқимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир. 2-жилд. – Тошкент: Ўзбекистон, 2018.

7.Каримов.И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. Тошкент: Ўзбекистон, 2008.

8.Каримов.И.А. Демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини шакллантириш – мамлакатимиз тараққиётининг асосий мезонидир. 19-жилд. Тошкент: Ўзбекистон, 2011.

9.Каримов И.А. Ўзбекистон мутақилликка эришиш остонасида. Тошкент: Ўзбекистон, 2011.

10.Каримов И.А. Она юритимизнинг бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш – энг олий саодатдир. Тошкент: Ўзбекистон, 2015.

## II. Normativ huquqıy hujjetler

1.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Тошкент: Ўзбекистон, 2018, 40-бет.

2.Ўзбекистон Реслубликасининг «Таълим тўғрисида»ги Қонуни. Т, 1997.

3.Ўзбекистон Республикаси «Кадрлар тайёрлаш Миллий дастури». Т, 1997.
4.Ўзбекистон Республикасининг «Ёшларга оид давлат сиёсати тўғрисида» Қонуни, 2016 йил 14 сентябрь, ЎРҚ-406-сон.
5.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги «2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналиши бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида»ги ПФ-4947- сонли Фармони.
6.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги «Олий таълим тизимини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-2909-сонли Қарори.
7.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 21 сентябрдаги «2019-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини инновацион ривожлантириш стратегиясини тасдиқлаш тўғрисида» Фармони.
8.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 25 февралдаги «Ўзбекистон Республикасининг халқаро рейтинглар ва индекслардаги ўрнини яхшилаш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4210-сонли Қарори.
9.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 29 апрелдаги «Ўзбекистон Республикаси халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПФ-5712-сонли Фармони.
10.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 8 майдаги «Ўзбекистон Республикаси мактабгача таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПҚ-4312-сонли Қарори.
11.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 11 июлдаги «Олий ва ўрта махсус таълим соҳасида бошқарувни ислоҳ қилиш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПФ-5763-сон Фармони.
12.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 11 июлдаги «Олий ва ўрта махсус таълим тизимига бошқарувнинг янги тамойилларини жорий этиш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4391-сонли Қарори.

13.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 27 августдаги «Олий таълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларининг узлуксиз малакасини ошириш тизимини жорий этиш тўғрисида»ги ПФ- 5789-сонли Фармони.

14.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 8 октябрдаги «Ўзбекистон Республикаси олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПФ-5847-сонли Фармони.

15.Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2019 йил 23 сентябрдаги «Олий таълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларининг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш бўйича қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида»ги 797-сонли Қарори.

## III. Tiykarǵı adebiyatlar

1.Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлисга Мурожаатномасини ўрганиш ва кенг жамоатчилик ўртасида тарғиб этишга бағишланган илмий-оммабоп қўлланма. Муаллифлар гуруҳи. – Тошкент: Маънавият, 2019.

2.Салимов О. ва бошқ. Миллий тикланишдан миллий юксалиш сари. - Тошкент, 2019.

3.Отамуродов С., Отамуродов С.С. Ўзбекистонда маънавий-руҳий тикланиш. –Тошкент: Янги аср авлоди, 2003.

4.Отамуратов С. Глобаллашув: Миллатни асраш масъулияти (сиёсий-фалсафий қирралар).–Тошкент: «O’zbekiston», 2018. – 352 б.

5.Қуронов М. Миллий тикланишдан-миллий юксалиш сари // Ўзбекистон адабиёти ва санъти. 2019 йил 23 август.

6.Саифназаров И. Обидов А. Динлараро ҳамжиҳатлик-ижтимоий барқарорлик омили. –Т.:Инновацион ривожланиш, 2018.

## IV. Internet saytlar

1.https://president.uz - Ўзбекистон Республикаси Президентининг расмий веб-сайти.

2.https://www.gov.uz - Ўзбекистон Республикаси Ҳукумат портали.

3.https://strategy.uz – «Тараққиёт стратегияси» маркази веб-сайти.

4.http://ziyonet.uz – ZiyoNET таълим портали.

5.http://edu.uz – Ўзбекистон Республикаси Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги расмий веб-сайти.

6.http://lex.uz - Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси расмий веб-сайти.

7.http://senat.uz - Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенати расмий веб-сайти.

8.http://uza.uz – Ўзбекистон Миллий ахборот агентлиги портали.

9.http://huquqburch.uz – Ҳуқуқий ахборот портали.